O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

Magistratura bo’limi

Qol jazba huqi’qi’nda

QARAQALPAQ TİL BİLİMİ KAFEDRASI’

Ayapbergenova Manzura

# «Qaraqalpaq tilinde kelbetlik ma’nili frazeologizmler»

temasi’ndag’i’ мagistrlik dissertaciya

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Magistratura bo’limi basli’g’i’: yu.i.k.doc. A.Gulimov

Kafedra basl?g’i’: f.i.d.,prof. M.Qudaybergenov

Ilimiy basshi’: f.i.k.doc. G.Aynazarova

**No’kis – 2012**

# Mazmuni'

Kirisiw……………………………………………………………3

I bap. Qaraqalpaq tilindegi feyildin' bet-san formalari'…………… 9

Bet-san kategoriyasi'ni'n' toli'q ha'm qi'sqa formalari' …………………… 9

Bet-san kategoriyasi'ni'n' buyri'q-tilek formalari'……………………………18

Bet-san formalari'ni'n' funkctional-semantikali'q xi'zmetleri……………… 23

II bap. Qaraqalpaq tilindegi feyildin' betleniw tu'rleri…………… 33

Feyildin' tarti'm affiksleri menen betleniwi………………………………… 33

Analitikali'q usi'l menen jasalg'an feyillerdin' betleniwi…………………… 37

Feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' betleniwi………………………… 50

III bap. Qaraqalpaq tilindegi feyildin' bet-san formalari'ni'n' stillik qollani'li'wi'…………………………………………………… 57

Feyildin' buyri'q-tilek formalari'ni'n' stillik qollani'li'wi'…………………. 69

Tarti'm affiksleri menen betlengen feyillerdin' stillik qollani'li'wi'……….. 82

Bet-san formalari'ni'n' publitsistikali'q stilde qollani'li'wi'……………… 85

Bet-san formalari'ni'n' ilimiy stilde qollani'li'wi'………………………… 88

Feyildin' bet-san formalari'ni'n' is-qag'azlari' stilinde qollani'li'wi'……… 90

Bet-san formalari'ni'n' awi'zeki so'ylew stilinde qollani'li'wi'…………… 92

Juwmaq…………………………………………………… 97

Paydalani'lg'an a'debiyatlar…………………………………100

# Kirisiw

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tili so'zlik qurami'ni'n' u'lken bo'legin feyiller quraydi' ha'm wolar tilimizde ju'da' ken' qollani'ladi'. Tu'rkiy tillerdegi feyillerdin' tariyxi'y shi'g'i'si'na na'zer awdarsaq, feyiller wo'zlerinin' tariyxi'y shi'g'i'si'n ha'm turaqli'li'g'i'n saqlag'an ha'm basqa tillerdin' ta'sirine berilmegen. Feyiller basqa so'z shaqaplari'nan tek tariyxi'y shi'g'i'si'ni'n' turaqli'li'g'i' ha'm ken' qollani'li'wi' menen g'ana yemes, al struktura – semantikali'q ha'm funkcionalli'q belgilerine qaray betlik formalari', betlik yemes formalari', feyildin' ko'mekshi funkcional formalari' boli'p bir neshe toparlarg'a bo'liniwi menen, ma'ha'l, bet-san, meyil, da'reje kategoriyalari', boli'mli' ha'm boli'msi'z, awi'spali' ha'm awi'spasi'z ma'nileri, kelbetlik feyil, atawi'sh feyil, hal feyil formalari' menen de aji'rali'p turadi'.

M.A.Kazembek wo'zinin' «Obshaya grammatika turecko-tatarskogo yazi'ka» 1845 degen miynetinde tu'rkiy tillerdegi feyillerge teren'nen analiz jasap, da'reje, meyil, ma'ha'l ha'm bet kategoriyalari'ni'n' bar yekenin aytqan.

Qaraqalpaq tilinde ha'm basqa tu'rkiy tillerde de feyildin' ilimiy bag'darda ashi'lmag'an ta'repleri yele ko'p. Ha'zirgi waqi'tqa shekem tu'rkiy tillerde feyillerdin' morfologiyali'q wo'zgesheliklerine qaray bo'liniwinde ha'r qi'yli' ko'z-qaraslar bar.

A.M.Sherbak tu'rkiy tillerdegi feyillerdi morfologiyali'q wo'zgesheliklerine qaray *toli'q feyillesken ha'm toli'q feyillespegen* formalar dep yekige bo'lip qarag'an.[1]

N.A.Baskakov tu'rkiy tillerge «feyildin' funkcionalli'q formalari'» degen termindi yendirip, woni'n' qurami'na atawi'sh feyil, kelbetlik feyil ha'm hal feyillerdi kirgizgen.[2] Al P.İ.Kuznecov tu'rkiy tillerdegi feyillerdin' funkcionalli'q formalari'na betlik feyildi de kirgizip klassifikaciyalag'an.[3]

---

[1] *Щербак А.М.* Очерки по сравнительной морфологии тюрских языков. Глагол. Л., 1981.
[2] *Баскаков Н.А.* Каракалпакский язык. II том. Фонетика и морфология. М., 1952, 413-473-бетлер.
[3] *Кузнецов П.И.* Система функциональных форм глагола в современном турецком языке. АДД. М., 1983.

Qaraqalpaq tilindegi feyiller *meyildar feyiller* ha'm *ha'r ta'rep feyiller* dep te qarali'p kelindi.[4]

Son'g'i' izertlewlerde feyildin' struktura-semantikali'q ha'm funkcionalli'q belgileri yesapqa ali'ni'p, *feyildin' betlik formalari', betlik yemes formalari' ha'm feyildin' ko'mekshi funkcional formalari'* dep u'sh toparg'a bo'linedi. Qaraqalpaq tilinde feyillerdin' morfologiyali'q wo'zgesheliklerine qaray bo'liniwinde usi' princip basshi'li'qqa ali'ni'p, feyildin' betlik formalari'na meyil, ma'ha'l, bet-san formalari'na wo'zgerip kelgen feyiller feyildin' betlik yemes formalari'na da'slepki do'rendi formasi'nda meyil, bet-san ma'nilerin bildirmeytug'i'n feyiller, al feyildin' ko'mekshi funkcional formalari'na ma'nili so'zler menen dizbeklesip, wolarg'a qosi'msha grammatikali'q ma'ni beretug'i'n feyiller kirgizilip qaraladi'. Qaraqalpaq til iliminde feyildin' ko'pshilik grammatikali'q kategoriyalari' arnawli' tu'rde ilimiy bag'darda u'yrenildi. Al feyildin' ayi'ri'm kategoriyalari' haqqi'nda tek sabaqli'qlarda so'z yetilip kiyati'r. Sonday kategoriyalardi'n' biri – feyildin' bet-san kategoriyasi'. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikali'q quri'li'si'nda feyildin' bet-san kategoriyasi' ayri'qsha wori'n iyeleydi. Sonli'qtan bul kategoriyasi' ken' tu'rde ilimiy bag'darda izertlewlerdi talap yetedi.

Feyildin' bet-san affiksleri baslawi'sh penen bayanlawi'shti' baylani'sti'ri'p, subektlik-predikativlik qatnas bildiredi. Bet-san affikslerin qabi'l yetken so'zler meyli feyil bolsi'n, meyli atawi'sh so'z bolsi'n ga'pte bayanlawi'sh funkciyasi'n atqari'p keledi. Usi' jaqlari'n yesapqa ali'p, ayi'ri'm tyurkologlar bet-san affikslerin *bayanlawi'shli'q affiksler* dep te ataydi'. G'.N.Zikirillaev tu'rkiy tillerdin' grammatikasi'ndag'i' feyildin' bet-san kategoriyasi'ni'n' u'yreniliwine teren'nen analiz jasay woti'ri'p, feyildin' bet kategoriyasi'ni'n' barli'q a'debiyatlarda u'yrenilip, biraq hu'rmet kategoriyasi'ni'n' bir de a'debiyatta so'z yetilmegenin aytadi'. Sonday-aq san kategoriyasi' haqqi'nda ayi'ri'm miynetlerde so'z yetilip, ko'binshe meyil,

---
4 Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1974, 197-199-бетлер.

ma'ha'l kategoriyalari' menen bir u'yrenilip, ayi'ri'm miynetlerde bet kategoriyasi'na qosi'li'p, *bet-san kategoriyasi'* dep u'yrenilse, al ayi'ri'm miynetlerde bet-san kategoriyasi'na ani'qli'q kirgizilmegen dep ko'rsetedi.[5]

Wo'zbek tilinde bet-san affikslerinin' tek bet ha'm sandi' an'lati'p qoymastan, so'ylewshinin' ti'n'lawshi'g'a, so'ylewshi ha'm ti'n'lawshi'dan basqa subektke mu'na'sibetin an'lati'p keletug'i'ni'n na'zerde tuti'li'p, *feyildin' bet-san ha'm hu'rmet kategoriyasi'* dep ataydi' ha'm feyildin' bet-san formalari'ni'n' semantika-funkcional xi'zmetine teren'nen analiz jasap, feyildin' bet formalari'ni'n' paradigmali'q qa'siyeti ha'm feyildin' bet formalari'ni'n' paradigmali'q qa'siyetinin' wo'zgeriwi dep bo'lip qaraydi'.

Tu'rkiy tillerde soni'n' ishinde ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde ha'rekettin' bet ha'm san ta'repinen wori'nlang'ani'n (III bettin' sani'nan basqa) betlew almasi'qlari'si'z-aq ani'qlaw mu'mkin. Tu'rkiy tiller soni'n' ishinde ha'zirgi qaraqalpaq tilinde agglyutinativ tiller qatari'na kiretug'i'n bolg'anli'qtan, wondag'i' so'zlerdin' qurami'ndag'i' morfemalar belgili bir ta'rtipte birinen son' biri jalg'ana beredi.

Qaraqalpaq til iliminde feyildin' bet-san kategoriyasi' buri'n *feyildin' betleniwi, feyildin' betlik kategoriyasi'* dep ha'r qi'yli' atamalar menen atali'p keldi. Du'nya tillerinin' ko'pshiliginde, soni'n' ishinde tu'rkiy tillerde feyildin' betlik affiksleri subekttin' neshinshi bet yekenin an'lati'p g'ana qoymastan, woni'n' sani'n da bildirip keledi. Atli'qti'n' bet-sani' menen feyildin' bet-sani'nda wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri bar. Atli'qlar birlik sanda formag'a iye bolmaydi'. Bir waqi'tlari' birlik ha'm ko'plik san dep bo'lip, *san kategoriyasi'* dep qarali'p keldi. Son'g'i' waqi'tlari' ko'plik formag'a qarsi' qoyi'latug'i'n birlik forma bolmag'anli'qtan, san grammatikali'q kategoriya bola almaytug'i'ni' da'lillenedi. Sonli'qtan da A.Worazi'mbetov wo'zinin' dissertaciyasi'nda bul qubi'li'sti' «Qaraqalpaq tilinde san ma'nisinin'

---

[5] *Зикриллаев Г.* Модальность и система форм изъявительного наклонения. АКД. Ташкент, 1978.

an'lati'li'wi'» dep ko'rsetedi.[6] Al feyillerde bolsa, ha'r bir bet qosi'mtalari' sandi' da ko'rsetip turadi'. Sonli'qtan 1950-ji'llardan baslap wo'zbek til biliminde bul affiksler *bet-san affiksleri* dep u'yrenile basladi'. Qaraqalpaq til iliminde feyildin' bet affikslerinin' is-ha'rekettin' subektinin' betin an'lati'wi' menen, woni'n' sani'n da bildiretug'i'ni' yesapqa ali'ni'p, 1990-ji'llardan baslap M.Da'wletov, A.Bekbergenov ha'm basqa da ilimpazlardi'n' izertlewlerinde bul kategoriya *feyildin' bet-san kategoriyasi'* dep atala basladi'.

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde feyildin' bet-san kategoriyasi' yele ilimiy bag'darda izertlenilmegen. Degen menen, feyildin' bul kategoriyasi' haqqi'nda N.A.Baskakov, K.Ubaydullaev, M.Da'wletov, A.Bekbergenov, A.Yesemuratov, B.Qutli'muratov, Ye.Da'wenov, A.Qi'di'rbaev ha'm basqa da tilshi ilimpazlar wo'zlerinin' ilimiy maqalalari'nda, monografiyalari'nda, mektep sabaqli'qlari'nda so'z yetken. Feyldin' bet-san kategoriyasi' du'nya tillerinin' ko'pshiliginde, sonday-aq tu'rkiy-tillerdin' ayi'ri'mlari'nda alti' formag'a iye boladi': I bet birlik san (*keldim*), ko'plik san (*keldik*), II bet birlik san (*keldin'*), ko'plik san (*keldin'iz*), III bet birlik san (*keldi*), ko'plik san (*keldilar*). Al ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde feyildin' bet-san kategoriyasi' bes formag'a iye: I bet birlik san (*keldim*), ko'plik san (*keldik*), II bet birlik san (*keldin'*), ko'plik san (*keldin'iz*), III bette birlik ha'm ko'plik san bir formag'a (*keldi*) iye boladi'.

Ha'zirgi qaraqalpaq so'ylew tilinin' qubla dialektinde ha'm yeski qaraqalpaq tilinin' jazba yesteliklerinde feyildin' bet-san kategoriyasi'ni'n' alti' formada qollani'lg'ani' so'z yetiledi. Qaraqalpaq tilinin' eski jazba yesteliklerinde feyildin' bet-san kategoriyasi' bet-san affikslerinin' toli'q varianti' I bet birlik sanda *-man/-ma'n, -mi'n/-min*, ko'plik sanda *-mi'z/-miz*, II bette birlik sanda *-san/-sa'n, -san'/-sa'n', -si'n/-sin* ko'plik sanda *-si'z/-siz*, III bet birlik sanda nol ko'plik sanda *-lar//-la'r* formalari' menen, qi'sqa varianti' I bette birlik sanda *-n'*, ko'plik sanda *-n'i'z/-n'iz, -n'i'zlar/-in'izla'r*, -

---

[6] *Оразымбетов А.* Выражение значения числа в каракалпакском языке. АКД. Нукус, 1997.

*n'lar/-n'la'r*, III bette birlik sanda nol ko'plik sanda *-lar/-la'r* formalari' tilek meyildin' I bet birlik sandag'i' *-(a) yi'n/-a' (yin) -yun/-yu'n,* ko'plik sanda *-ali'q/ -a'lik, -ayi'q/-a'yik, -ayuq/-a'yu'k,* formalari' buyri'q meyildin' II betinde *-g'i'/-gil, -qi'l/-kil,* III betinde *-si'n/-sin, -sun/-su'n,* formalari' menen an'lati'lg'an. N.A.Baskakov qaraqalpaq tilindegi feyillerdin' arnawli' betlik affikslerinin' toli'q ha'm qi'sqa variantlari' menen buyri'q meyildin' III bettegi *-si'n/-sin* formalari' menen betleniwine toqtap wo'tken ha'm qaraqalpaq a'debiy tilindegi tek betlik formalari' yemes, al qaraqalpaq so'ylew tilinin' barli'q govorlari'ndag'i' betlik formalardi' da atap ko'rsetken.[7] Tilek meyildin' I bet *-(a/e)+yin/ +yin,-(a,e) +yi'q/-yik* formalari' buyri'q meyil topari'na qosi'p jibergen. Bul jag'day B.Qutli'muratovti'n' pikirlerinde de seziledi. A.Qi'di'rbaev ha'm A.Yesemuratov won'i'n' wo'tken ma'ha'l feyilinin' *-di'/ -di, -ti'/-ti* formalari'n betlik affiksleri menen shatasti'ri'p, *-di'm/dim, -ti'm/ -tim,* I bet formalari' *-di'n'/ - din', -ti'n'/-tin'* II bet formalari', *-di'/-di, -ti/-ti'* III bet formalari' dep ko'rsetedi. B.Qutli'muratov feyildin' barli'q betlik affikslerin, wolardi'n' toli'q ha'm qi'sqarg'an variantlari'ni'n' jalg'ani'w jag'daylari'n ashi'p beredi. Biraq is-ha'rekettin' wori'nlawshi' subekttin' sani' wo'z aldi'na feyildin' san kategoriyasi' arqali' ani'qlanadi' dep ko'rsetedi.

M.Da'wletov ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilindegi feyillerdin' bet-san kategoriyasi'ni'n' arnawli' affikslerinin' toli'q ha'm qi'sqarg'an variantlari' menen, tilek meyildin' I bet *-(a/e)+yi'n/+yin, -(a/e)+yi'q/+yik,* buyri'q meyildin' III bet *-si'n/-sin* formalari' menen betleniwin so'z yetedi.[8] Ye.Da'wenov feyillerdin' wo'tken, ha'zirgi ha'm keler ma'ha'llerde betleniw paradigmasi'n ayti'p wo'tse, A.Bekbergenov tarti'm affikslerinin' feyillerdi tek atli'qqa aylandi'ri'p qoymastan, is-ha'rekettin' subektinin' betin ha'm sani'n ani'qlap, bet-san affiksleri wazi'ypasi'n da atqari'p keletug'i'ni'n aytadi'. Sonday-aq feyildin' bet-san kategoriyasi' rus tilindegi feyillerdin' betleniwi

---

[7] *Баскаков Н.А.* Каракалпакский язык. II том. Фонетика и морфология, 418-бет.
[8] *Қутлымуратов Б.* Ҳәзирги заман қарақалпақ тилинде ҳәрекет атлары. Нөкис, 175-бет.

menen sali’sti’ri’p, wondag’i’ ayi’rmashi’li’qlardi’ ko’rsetip beredi. Bul miynetlerden ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ arnawli’ bet affikslerinin’ toli’q varianti’ni’n’ I beti birlik sanda *-man/-men, -pan/-pen,* ko’plik sanda *-mi’z/-miz, -pi’z/-piz, bi’z/-biz,* II bet birlik sanda, *-san’/-sen’,* ko’plik sanda *-si’z(lar)/ -siz(ler),* III bette *-di’/-di, -ti’/-ti* formalari’ qi’sqa varianti’ni’n’ I bet birlik sanda *-m*, ko’plik anda *-q/-k*, II bet birlik sanda *-n’*, ko’plik sanda *-n’i’z(lar)/-n’iz(ler), -n’(lar)/-n’(ler),* III bette birlik ha’m ko’plik sanlarda nol formalari’, tilek meyildin’ I bet birlik sanda *-(a/e)+yi’n/+yin,* ko’plik sanda *-(a/e)+yi’q /yin,* formalari’, III bet buyri’q meyildin’ *-si’n/-sin* formalari’ arqali’ an’lati’latug’i’ni’n ko’remiz.

# I bap. Qaraqalpaq tilindegi feyildin’ bet-san formalari’

## Bet-san kategoriyasi’ni’n’ toli’q ha’m qi’sqa formalari’

Betlik feyildin’ wo’zine ta’n si’patli’ wo’zgesheligi bet-san, ma’ha’l ha’m meyil kategoriyalari’na iye boladi’, wol arqali’ feyil kontekstte subekt penen predikativlik baylani’sqa tu’se aladi’. Feyildin’ ani’qli’q meyili arnawli’ morfologiyali’q formalari’na iye yemes. Al tek feyildin’ bet-san ha’m ma’ha’l kategoriyasi’ni’n’ arnawli’ morfologiyali’q formalari’ menen an’lati’ladi’. Feyildin’ tiykari’ II bet birlik sandag’i’ buyri’q meyil formasi’ boli’p, wol basqa bet-sandi’ an’lati’w ushi’n affikslerdi qabi’llaydi’. Bul ko’rinis ma’ha’l, meyil ma’nisin jasawda da qollani’ladi’. *Bar* feyiline *–di’* ha’m *–q* affikslerin jalg’asaq, ani’q wo’tken ma’ha’l ani’qli’q meyil I-bet ko’plik ma’nisin an’latadi’. Feyilde bunday bet, san, ma’ha’l, meyil formalari’ni’n’ ha’mmesi birigip, feyildin’ betleniwin payda yetedi. Feyil belgili bir ma’ha’lde tek ani’qli’q meyilde g’ana betlene aladi’.

Ani’qli’q meyilden basqa meyiller tek keler waqi’tta bolatug’i’n is-ha’reketti bildiredi, feyildin’ meyil kategoriyasi’ is-ha’rekettin’ obektivlik haqi’yqatli’qqa qatnasi’n bildiredi. Qaraqalpaq tilinin’ grammatikasi’nda feyildin’ meyil kategoriyasi’ ani’qli’q, sha’rt, tilek, buyri’q meyiller dep to’rtke bo’lingen.

Son’g’i’ izertlewlerde feyildin’ meyil kategoriyasi’ ani’qli’q, tilek, sha’rt ha’m buyri’q meyildin’ qatarlari’nda maqset meyili qosi’li’p, wolar 5 tu’rge bo’lingen. Feyildin’ ma’ha’l ha’m meyil kategoriyalapri’ bet-san kategoriyasi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’, sebebi feyildin’ bet-san kategoriyasi’ woni’n’ yen’ tiykarg’i’ ha’m a’hmiyetli si’patlari’ni’n’ biri.

Uli’wma til iliminde ha’m tu’rkiy tillerde feyildin’ bet-san affiksleri buri’nnan-aq tilshi ali’mlardi’n’ di’qqat worayi’nda boli’p kiyati’r. «XXI a’sirdin’ birinshi yari’mi’nan baslap uli’wma affiksler so’z jasawshi’ ha’m so’z wo’zgertiwshi affiksler dep yeki toparg’a bo’linip», bet-san affikslerin so’z

wo’zgertiwshi affiksler topari’na kirgizilip qaraldi’. Biraq bul klassifikaciyada kishireytiwshi, yerkeletiwshi forma jasawshi’, atawi’sh feyil, kelbetlik feyil, hal feyil formalari’na ani’qli’q kirgizilmedi. «Wolar birde so’z jasawshi’, bir de so’z wo’zgertiwshi affiksler qurami’nda qaraldi’. Keyin ala bul termin de talapqa juwap bermey qaldi’. Affiksler ma’nisi ha’m atqaratug’i’n funkciyasi’na qaray so’z jasawshi’, forma jasawshi’ ha’m so’z wo’zgertiwshi dep bo’linip, bet-san, seplik, ko’plik affiksleri so’z wo’zgertiwshi affiksler topari’nda qaraldi’. Al Ye.Tojiev affikslerdin’ jan’a leksikali’q ma’nili so’zler payda yetiwi ha’m jan’a grammatikali’q ma’ni payda yetiwine qaray, so’z jasawshi’ ha’m forma jasawshi’ affiksler dep yeki toparg’a bo’lip qaraydi’.[9] Forma jasawshi’ affiksler *sintaksislik ha’m sintaksislik yemes affiksler* dep bo’linip, feyildin’ bet-san affiksleri kontekstte sintaksislik xi’zmet atqarg’anli’qtan, sintaksislik affiksler topari’na kirgizilgen. S.Usmanov so’z wo’zgertiwshi affikslerdi *monosemantikali’q ha’m polisemantikali’q affiksler* dep bo’lip, feyildin’ bet-san affikslerin polisemantikali’q affiksler topari’nda qaraydi’. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde sintetikali’q feyiller bet-san kategoriyasi’ni’n’ u’sh betinde birlik ha’m ko’plik sanlarda qollani’latug’i’n bir neshe arnawli’ bet-san formalari’na iye. Sintetikali’q feyiller bet-san affikslerinin’ toli’q ha’m qi’sqa variantlari’ menen, tilek meyildin’ I-bet *(a/e)+yi’n/+yin, -(a/e)+yi’q/+yik,* buyri’q meyildin’ III-bet *-si’n/-sin* formalari’ menen betlenedi dep u’sh toparg’a bo’lip qaralg’an.

Al wo’zbek til iliminde feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ affikslerin toli’q variantlari’, qi’sqa variantlari’, tilek-buyri’q formasi’ ha’m *ywq* so’zi menen keletug’i’n arnawli’ formalari’ (*borganim yoq, borganing yoq, borgani yoq*) dep to’rt tu’rge bo’lip qarag’an. Tyurkologiyada feyillerdin’ bet-san affikslerinin’ toli’q varianti’ betlew almasi’qlari’nan payda bolg’an degen ko’z-qaraslar bar.

---

[9] *Таджиев Е.* Ўзбек тилида аффиксал синонимия. Тошкент, 1981, 26-бет.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde feyildin’ keyingi sestine qaray ha’m son’g’i’ buwi’nni’n’ juwan-jin’ishkeligine qaray, bet-san affiksleri da’slepki formasi’nan fonetikali’q wo’zgeriske ushi’rap, I-bet birlik sanda *-man/-men, -pan/-pen*, ko’plik sanda *-mi’z/-miz, -pi’z/-piz, -bi’z/-biz*, II-bet birlik sanda *-san’/-sen’*, ko’plik sanda *-si’z/-siz* si’yaqli’ bir neshshe variantlarda qollani’ladi’. Keyingi tildin’ rawajlani’wi’ bari’si’nda baylani’sti’ri’wshi’li’q xi’zmet atqari’p keletug’i’n *turur* ko’mekshi feyili tu’sip qalg’an, wol tek III-bette *–di’/-di, -ti’/-ti* formasi’na wo’tip saqlang’an. Yeski jazba yesteliklerde III-betti an’lati’wshi’ betlew almasi’qlari’ qollani’ladi’. Tek g’ana ayi’ri’m yeski jazba yesteliklerde baylani’sti’ri’wshi’li’q xi’zmet atqari’p kelgen *turur* ko’mekshi feyili III-bet affiksi xi’zmetinde qollani’lg’an: *bara turur ol* > *bara turur* > *barardur* > *baradi’*.

Feyildin’ bet-san affikslerinin’ *men, sen* betlew almasi’qlari’nan jasali’p, olardi’n’ *–man/-men, -san’/-sen’* juwan-jin’ishke variantlari’ni’n’ payda boli’wi’ so’zlerdin’ son’g’i’ buwi’ni’ni’n’ juwan ya jin’ishkeligine baylani’sli’ boladi’. Yeger so’zdin’ aqi’ri’ juwan buwi’n bolsa, bet-san affiksinin’ juwan si’n’ari’ jalg’anadi’. Yeger de so’zdin’ aqi’ri’ jin’ishke buwi’n bolsa jin’ishke si’n’ari’ jalg’anadi’: *baraman-kelemen, barasan’-kelesen’*. Da’slepki formasi’ *–man/-men* bolg’an betlik affikslerdin’ *–pan/-pen, -ban / -ben* si’n’arlari’ni’n’ payda boli’wi’ bet-san affikslerinin’ dizbeklesip, keletug’i’n so’zinin’ son’g’i’ sesi menen wo’z-ara u’nlesiwinen kelip shi’g’adi’. Sonday-aq *s,sh* seslerinen baslang’an qosi’mtalar wo’zlerinin’ aldi’nda kelgen sesler menen dawi’sti’n’ qatnasi’ boyi’nsha u’nlespeydi. Sonli’qtan feyildin’ bet-san affikslerinin’ II bettegi *–san’//-sen’* formasi’ I bet affiksleri si’yaqli’ seslik si’n’arlarg’a iye bolmaydi’: *kelipsen’-kelesen’, bari’psan’-barasan’*. Xal feyildin’ *-a/-e,-y* formalari’ bet-san affikslerinin’ toli’q varianti’ni’n’ I bette *–man/-men, -mi’z/-miz*, II-bette *–san’/-sen’, -si’z(lar)/ -siz(lar)*, III bette *–di’/-di* formalari’ menen betlenip, ani’q keler ma’ha’l jasaydi’.

**Betleniw paradigmasi'**

| birlik | ko'plik |
|---|---|
| I bet: *baraman, kelemen, sorayman* | *barami'z, kelemiz, soraymi'z* |
| II bet: *barasan', kelesen', soraysan'* | *barasi'z(lar), kelesiz(ler), soraysi'z(lar)* |
| III bet: *baradi', keledi, soraydi'* | *baradi', keledi, soraydi'* |

Ayi'ri'm jag'daylarda feyildin' III bet ko'plik formasi'nda *–lar/-ler* affiksi qollani'ladi'. Mi'sallar: q*uwdi' – quw deydi, suwdi' – suw deydiler.*

Feyil so'zlerge *–lar/-ler* ko'plik affiksinin' jalg'ani'wi' betlik affikslerine wo'tkennen keyin payda bolg'an jan'a qubi'li's.

Hal feyildin' *–i'p/-ip,-p* formasi' bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' I bette *–pan/-pen, -pi'z/-pi'z,* II bette *–san'/-sen', -si'z(lar)/-siz(ler)* ayi'ri'm waqi'tlari' *–san'lar/-sen'ler,* III-bette *–ti'/-ti* formasi' menen betlenip, wo'tken ma'ha'l formasi'n jasaydi'.

**Betleniw paradigmasi'**

| birlik | ko'plik |
|---|---|
| I bet: *bari'ppan, kelippen* | *bari'ppi'z, kelippiz* |
| II bet: *bari'psan', kelipsen'* | *bari'psi'z (lar), kelipsiz (ler)* |
| III bet: *bari'pti', kelipti* | *bari'pti', kelipti.* |

Kelbetlik feyildin' *–g'an/-gen, -qan/-ken* formalari' bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' I bette *–man, -men, -bi'z/-biz,* II bette *–san'/-sen', -si'z(lar)/-siz(ler), -san'lar-sen'ler,* III bette nol formalari' menen betlenip, wo'tken ma'ha'l formasi'n jasaydi'.

B**etleniw paradigmasi'**

| birlik | Ko'plik |
|---|---|
| I bet: *barg'anman, kelgenmen* | *barg'anbi'z, kelgenbiz* |
| II bet: *barg'ansan', kelgensen'* | *barg'ansi'z(lar), kelgensiz(ler)* |
| III bet: *barg'an, kelgen* | *barg'an, kelgen* |

Kelbetlik feyildin' *–ar/-er,-r, -maqshi'/-mekshi, -paqshi'/-pekshi, -baqshi'/ -bekshi, -mas/-mes, -pas/-pes, -bas/-bes* formalari' bet-san affikslerinin' toli'q

varianti'ni'n' I bette *-man/-men, -pan/-pen, pi'z/-piz, -mi'z/-miz,* II bette *–san'/ -sen', -si'z(lar)/-siz(ler), -san'lar/-sen'ler,* III bette nol formalari' menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *bararman, kelermen, barmaqshi'man* | *bararmi'z, kelermiz, barmaqshi'mi'z* |
| II bet: | *bararsan', kelersen', barmaqshi'san'* | *bararsan', kelersen', barmaqshi'si'z(lar)* |
| III bet: | *barar, keler, barmaqshi'* | *barar, keler, barmaqshi'* |

Tilek meyildin' *–g'ay/-gey, -qay/-key,* formalari' da bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' I bette *–man/-men, -mi'z/-miz,* II bette *–san'/-sen', -si'z(lar) -siz(ler), -san'lar/-sen'ler,* III bette nol formalari' menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'ayman, kelgeymen* | *barg'aymi'z, kelgeymiz* |
| II bet: | *barg'aysan', kelgeysen'* | *barg'aysi'z(lar) kelgeysiz(ler)* |
| III bet: | *barg'ay, kelgey* | *barg'ay, kelgey* |

Kelbetlik feyildin' *–a, -e, -y +jaq* formalari' bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' I bette *–pan, -pi'z,* II bette *–san', -san'lar, si'z(lar),* III bette nol formalari' menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barajaqpan, kelejaqpan* | *barajaqpi'z, kelejaqpi'z* |
| II bet: | *barajaqsan', kelejaqsan'* | *barjaqsi'z(lar) kelejaqsi'z(lar)* |
| III bet: | *barajaq, kelejaq* | *barajaq, kelejaq* |

Atawi'sh feyillerdin' wori'n sepligindegi *–i'w/-iw, -w, -maq/-mek, -paq/-pek, -baq/-bek* formalari' da bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' I bette *–man/-men, -mi'z/-miz,* II bette *–san'/-sen', -si'z(lar)/-siz(ler).* III bette nol formalari' menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | Birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *bari'wdaman, keliwdemen, barmaqtaman, kelmektemen* | *bari'wdami'z, keliwdemiz, barmaqtami'z, kelmektemiz* |
| II bet: | *bari'wdasan', keliwdesen', barmaqtasan', kelmektesen'* | *bari'wdasi'z(lar), keliwdesiz (ler), barmaqtasi'z(lar), kelmektesiz (ler)* |
| III bet: | *bari'wda, keliwde, barmaqta, kelmekte* | *bari'wda, keliwde, barmaqta, kelmekte* |

Atawi'sh feyildin' bul formasi' ko'pshilik tu'rkiy tillerde dawamli' ha'zirgi ma'ha'ldi jasaydi' dep ko'rsetilse, M.Sh.Ragimov bul formani' ani'q ha'zirgi ma'ha'ldi jasawda ken' qollani'ladi' dep ko'rsetedi. A.Xodjiev bul forma tek jazba tilde qollani'latug'i'n jan'a forma deydi. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde, joqari'da ko'rip wo'tkenimizdey, arnawli' bet-san affiksleri tek wori'n sepliginen keyin g'ana jalg'anadi'. Al ayi'ri'm tu'rkiy tillerde wori'n sepligisiz-aq jalg'ani'w jag'daylari' ushi'rasadi'.

Sonday-aq tilimizde birde ko'mekshi, birde ma'nili feyil xi'zmetinde qollani'latug'i'n w*oti'r, tur, ju'r, jati'r* feyilleri bet-san affikslerinin' toli'q varianti' menen betlenip, ha'zirgi ma'ha'l formasi'n jasaydi'.

**Betleniw paradigmasi'**

| | Birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *woti'rman, turman* | *woti'rmi'z, turmi'z* |
| II bet: | *woti'rsan', tursan'* | *woti'rsi'z, tursi'z* |
| III bet: | *woti'r, tur* | *woti'r, tur* |

Basqa feyiller *-i'p/-ip, -p* formasi'nda betlik affikslerin qabi'llap, wo'tken ma'ha'l formasi'n jasasa, wol w*oti'r, tur, ju'r, jati'r* feyilleri ha'zirgi ma'ha'l formasi'n da jasap keledi.

**Betleniw paradigmasi’**

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | w*oti’ri’ppan, turi’ppan* | *woti’ri’ppi’z, turi’ppi’z* |
| II bet: | w*oti’ri’psan’, turi’psan’* | *woti’ri’psi’z, turi’psi’z* |
| III bet: | w*oti’ri’pti’, turi’pti’.* | *woti’ri’pti’, turi’pti’.* |

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde sintetikali’q feyiller ani’q wo’tken ma’ha’ldin’ *-di’/-di, -ti’/-ti* formalari’ sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formalari’ arnawli’ bet-san affikslerinin’ qi’sqa varianti’ni’n’ I bet birlik sanda *-m*, ko’plik sanda *-q/-k,* II bet birlik sanda *-n’,* ko’plik *sanda -n’lar/+n’ler, -n’i’z/n’i’z(lar)(ler),* III bette birlik ha’m ko’plik sanda nol formalari’ menen betlenedi. Ko’rip wo’tkenimizdey, ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi tek g’ana bir dawi’ssi’z fonemadan turatug’i’n bet-san affiksleri bar yekeni ani’q. Degen menen, biz bul affikslerdin’ tariyxi’y shi’g’i’si’na na’zer awdarsaq, qaraqalpaq tilinde buwi’nnan kishi morfemalardi’n’ bolmaytug’i’ni’ ha’m bir dawi’ssi’z fonemadan turatug’i’n affikslerdin’ ha’mmesi de dawi’sli’-dawi’ssi’z tu’rindegi buwi’nnan qurali’p, bir neshshe singarmoniyali’q variantlardan turadi’, degen pikir tasti’yi’qlanadi’.

Ha’zirgi tu’rkiy tillerde *-di’/-di, -ti’/-ti* affiksli jaqi’n arani’n’ ishinde boli’p wo’tken is-ha’rekettin’ bolg’anli’g’i’n ko’rsetetug’i’n forma boli’p, baylani’sti’ri’wshi’li’q xi’zmet atqari’wshi’ turur *ko’mekshi* feyilinen payda bolg’an *-dur/tur, di’r/ti’r –di’/di, ti’/ti.* Bul forma hal feyilden keyin III bet formasi’n an’latadi’. Woni’n’ ayi’ri’m jag’daylarda *–di’r* formasi’nda saqlani’p, boljaw ma’nisin an’latatug’i’ni’n qi’rg’i’z tilinde ko’riwge boladi’.

Qaraqalpaq tilinde de *-di’/-di* ayi’ri’m jag’dayda *-dur* formasi’nda ushi’rasadi’.

Ha’zirgi tu’rkiy tillerde *-di’/-di, –ti’/ti* formalari’ni’n’ qi’sqari’p, tek *t* formasi’nda qollani’li’w jag’daylari’da bar: Ju’redi-ju’ret.

Bet-san affikslerinin’ qi’sqa formasi’n qabi’l yetiwshi sha’rt meyildin’ -*sa/-se* formasi’ni’n’ tariyxi’y shi’g’i’si’ tuwrali’ da tyurkologiyada ha’r qi’yli’

pikirler bar. M.Sh.Ragimov sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formasi’ buyri’q meyildin’ III bet *-si’n/-sin* formasi’ni’n’ bir ko’rinisi degen pikirdi aytadi’. Al N.A.Baskakov ha’m basqa tyurkologlar woni’ yeski jazba dereklerdegi *-sag’* tilek meyil formasi’na *–ar/-er,-r* kelbetlik feyil affikslerinin’ qosi’ndi’si’nan jasalg’an formani’n’ qi’sqari’wi’nan payda bolg’an dep ko’rsetedi: *sag’-ar > sa(g’) –(a)r > sar > sa(r) >sa.* Bul forma XI a’sirge shekem *-sar/-sa’r* formasi’nda qollani’li’p, bet-san affikslerinin’ tek toli’q formasi’ jalg’ang’an *(barsar-ma’n, barsar-sa’n, barsar).*

Al XI a’sirden baslap keyingi *r* sesi tu’sirilip qollani’la basladi’. Keyin bet-san affiksinin’ toli’q ha’m qi’sqa variantlari’ parallel qollani’lg’an.

Biraq sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formasi’nan keyin I bet ko’pliktin’ tek toli’q formalari’ qollani’lg’an. Qi’sqa formalari’ XIII-XIV a’sirlerge kelip wo’z ko’rinisin tabadi’.

Joqari’da ko’rip wo’tkenimizdey, ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyildin’ wo’tken ma’ha’l *-di’/-di, -ti’/-ti* ha’m sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formalari’ feyildin’ arnawli’ bet-san affikslerinin’ qi’sqa formalari’ menen betlenedi.

Bet-san kategoriyasi’ni’n’ arnawli’ affikslerinin’ qi’sqa formalari’ni’n’ da tariyxi’y shi’g’i’si’ betlew almasi’qlari’ menen baylani’sli’. N.K.Dmitriev I bet *-m* affiksin *men* almasi’g’i’ni’n’ (son’g’i’ buwi’n *-en* tu’sip qalg’an), al II bet *-n’* affiksin sen almasi’g’i’nan (aldi’n’g’i’ buwi’n *-se* tu’sip qalg’an) dep boljaydi’. Solay yetip, bet-san affikslerinin’ qi’sqa varianti’ni’n’ I bet birlik san formasi’ *–m* bolsa, ko’plik sanda *–q/-k* affiksleri qollani’ladi’. *-m* affiksin betlew almasi’g’i’nan kelip shi’qqan desek, *-q/-k* affiksleri yeski jazba dereklerdegi ko’plik ko’rsetkishi dep qaraladi’.

I bet ko’plik sandag’i’ *k/k* affikslerinin’ payda boli’wi’ ko’plik ma’ni an’lati’wshi’ ha’m ha’zirgi ayi’ri’m tu’rkiy a’debiy tillerinde ushi’rasatug’i’n *–li’q/-lik* ha’m a’debiy tilde bolmag’an menen ayi’ri’m tu’rkiy tillerdin’

govorlari’nda *–lar/-ler* ko’plik affikslerinin’ worni’na qollani’latug’i’n *aq* formalari’ da’liyl bola aladi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyillerdin’ ani’q wo’tken ma’ha’linin’ *–di’/-di, –ti’/-ti* formalari’na bet-san affikslerinin’ qi’sqa varianti’ni’n’ I bet birlik sanda *-m*, ko’plik sanda *–q/-k,* II bet birlik sanda *-n’*, ko’plik sanda *–n’lar/-n’ ler, -n’i’z(lar), -n’iz(ler),* III bet birlik ha’m ko’plik sanlarda, nol formalari’ menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi’**

| | **birlik** | **ko’plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *bardi’m, keldim* | *bardi’q, keldik* |
| II bet: | *bardi’n’, keldin’* | *bardi’n’i’z, keldin’iz* |
| III bet: | *bardi’, keldi* | *bardi’, keldi.* |

Sonday-aq sha’rt meyildin’ *–sa/-se* formalari’ da bet-san affikslerinin’ qi’sqa varianti’ni’n’ I bet birlik sanda *–m*, ko’plik sanda *–q/-k,* II bet birlik sanda *–n’*, ko’plik sanda *–n’lar/-n’ler, -n’i’z(lar)/ n’iz(ler*), III bet birlik ha’m ko’plik sanlarda nol formalari’ menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi’**

| | **birlik** | **ko’plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barsam, kelsem* | *barsaq, kelsek* |
| II bet: | *barsan’, kelsen’* | *barsan’i’z, kelsen’iz* |
| III bet: | *barsa, kelse* | *barsa, kelse* |

Feyildin’ bet-san formalari’na *ma/me, ba/be, pa/p*e soraw janapaylari’ tirkelip, soraw ma’nisinde qollani’lg’anda, bet-san affiksleri ko’binshe soraw janapaylari’ni’n’ aldi’nda, ayi’ri’m jag’daylarda soraw janapayi’ni’n’ keynine shi’g’i’p qollani’li’w jag’daylari’ da gezlesedi. Soraw janapaylari’ bet-san affikslerinin’ aldi’nda qollani’lg’anda *-mi’/-mi, -bi’/-bi, -pi’/-pi* formasi’nda qollani’ladi’.

## Bet-san kategoriyasi'ni'n' buyri'q-tilek formalari'

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde feyillerge *-g'ay/-gey, -qay/-key* affiksleri qosi'li'w arqali' tilek meyildin' sintetikali'q formalolari', al *–g'i'/-gi, -qi'/-ki* formali' feyillerge *kel* ko'mekshi feyili dizbeklesip (*barg'i'm keledi, barg'i'n' keledi, barg'i'si' keledi*), *-sa/-se* sha'rt meyili formali' feyillerge *yedi, yeken* toli'qsi'z feyilleri dizbeklesip (*barsam yedi, barsam yeken*) ha'm *–ar/-er, -r* formali' kelbetlik feyillerge yedi toli'qsi'z feyili dizbeklesip (*barar yedim, barar yedin', barar yedi*), tilek meyildin' analitikali'q formalari' u'sh bette birlik ha'm ko'plik sanlarda betlenedi. Sonday-aq betlik feyiller joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey, bet-san kategoriyasi'ni'n' toli'q ha'm qi'sqa formalari'nan ti'sqari', keyni dawi'sli' seske pitken feyillerge birlik sanda *–yi'n/-yin,* ko'plik sanda *–yi'q/yik* affiksleri, keyni dawi'ssi'z seske pitken feyillerde birlik sanda *-ayi'n/-eyin,* ko'plik sanda *–ayi'q/-eyik* affiksleri menen tilek meyildin' I betin an'lati'p keledi. (barayi'n, barayi'q, uslayi'n, uslayi'q) *ayi'q//-eyik affiksi* XVI-XVII a'sirlerge tiyisli yesteliklerden baslap ushi'rasadi'.

Tilek meyildin' I bet *–ayi'n/-eyin, -ayi'q/-eyik* formalari' basqa tu'rkiy tillerde tu'rlishe qollani'ladi'. Biraq uli'wma tu'rkiy tillerinde ha'm qaraqalpaq tilinde tilek meyildin' I bet formasi' *(-a/-e), +yi'n/+yin, (-a/-e)+yi'q/+yik* formasi' tuwrali' ha'r qi'yli' ko'z-qarastag'i' pikirler ayti'li'p kiyati'r. M.Sh.Ragimov azerbayjan tilinde buyri'q meyildin' I bet birlik ha'm ko'plik sani' bar dep ko'rsetedi.[10] Bul formani'n' birlik ha'm ko'plik formalari'n buyri'q meyil qurami'na qosadi'. N.Radjbov birlik formasi'n tilek meyilge, al ko'plik formasi'n buyri'q meyilge qosi'p qaraydi'.

A.N.Kanonov *-ayi'n/eyin, -ayi'q/-eyik* affikslerin ya formali'q jaqtan, ya mazmuni' jag'i'nan buyri'q meyilge sa'ykes kelmeydi, sonli'qtan bul formani'n' birlik formasi'n da ko'plik formasi'n da, tilek meyil qurami'nda qarag'an maqul degen juwmaqqa keledi. Bul formalar tatar, qarachay, balkar, bashqurt ha'm wo'zbek tillerinin' grammatikalari'nda tilek meyildin' arnawli'

---

[10] *Рагимов М.* История формирования наклонений глагола в азербайджанском языке. АДД. Баку, 1966.

formalari’ retinde u’yrenilgen. Al qaraqalpaq tilinde N.A.Baskakov woni’ feyildin’ buyri’q meyili topari’nda qaraydi’. Sonday-aq qaraqalpaq tiline tiyisli yeski jazba derekler tiline morfologiyali’q analiz jasaw bari’si’nda H.Hamidov *-(a/e)+yi’n/+yin, (a/e)+yi’q/+yik* formali’ feyillerde tilek ma’nisi menen buyri’q ma’ni de bar yekenin yesapqa ali’p, buyri’q-tilek meyili topari’nda qaraydi’.

M.Da’wletov feyildin’ bul formasi’n N.K.Dmitrievtin’ «buyri’q meyildin’ birliginin’ I beti «joq» degen pikirin basshi’li’qqa ali’p, birlik formalari’n tilek meyilge, ko’plik formalari’n buyri’q meyilge tiyisli dep qarasa, ja’ne bir pikirlerinde birlik formasi’n da, ko’plik formasi’n da tilek meyilge kirgizedi.

Biz feyildin’ bul formasi’ni’n’ qaysi’ meyilge kiretug’i’ni’n ani’qlaw maqsetinde woni’n’ kontekssttegi paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nilerin ani’qlay woti’ri’p, wolarg’a analiz jasadi’q. Mi’sali’: 1. Duri’s aytasi’z, bizler *keteyik*, awqatlani’p boli’p asi’qpay bararsi’z. 2. Min ati’n’a, tezirek *keteyik*. Keltirilgen mi’sallardi’n’ birinshisindegi *keteyik* feyili tek I betke tiyisli is-ha’reketti an’lati’p, wo’zinin’ paradigmali’q ma’nisinde kelgen. Bunda hesh qanday buyri’qli’q ma’ni sezilmeydi. Al yekinshi mi’saldag’i’ *keteyik* feyili I ha’m II betke tiyisli is-ha’reketti an’lati’p, wo’zinin’ sintagmali’q ma’nisinde kelgen. Bunda tek II bet ushi’n g’ana buyri’qli’q ma’ni seziledi. Bunday boli’p II bet ushi’n buyri’qli’q ma’nini ayi’ri’m ani’qli’q meyildin’ I bet formalari’nda da ko’riwge boladi’. Mi’sali’: Kettik! Sha’ken bizdi miymanxanada ku’tip woti’r. Kontekstte ani’qli’q meyildin’ I bet formasi’ndag’i’ *kettik* feyili de I ha’m II betke tiyisli is-ha’reketti an’lati’p, sintagmali’q jaqtan II betke buyri’qli’q ma’nisinde qollani’lg’an. Demek, feyillerdin’ sintagmali’q ma’nilerine su’yene woti’ri’p *(-a/-e)+yi’n/+yin, (-a/-e)+yi’q/+yik* formalari’n tilek meyildin’ qurami’nda qarag’ani’mi’z maqul. Sonli’qtan bul formalardi’ buyri’q meyildin’ arnawli’ formalari’ yemes, al tilek meyildin’ ha’m ani’qli’q meyildin’ I bet formalari’ arqali’ buyri’q meyildin’ II betinin’ an’lati’li’wi’ dep qarag’an duri’s boladi’. Tilek meyildin’ bul formalari’ ayi’ri’m jag’daylarda u’sh betke de tiyisli boli’p qollani’ladi’.

Feyildin’ *(-a/-e)+yi’n/+yin, (-a/-e)+yi’q/+yik* formalari’ni’n’ tariyxi’y shi’g’i’si’na na’zer awdarsaq, woni’n’ tilek meyildin’ formasi’na kiretug’i’ni’n ko’riwge boladi’. Feyildin’ *–ayi’n/-eyin* formasi’ni’n’ birinshi *–ay/-ey* bo’legi tu’rkiy tillerdegi tilek meyildin’ *-g’ay/-gey, -qay/-key* formalari’na, yekinshi *–i’n/-in* bo’legi birinshi bet affikslerinin’ toli’q varianti’na baylani’sli’, woni’ bi’lay dep tu’sindiriwge boladi’: *-g’ay+mi’n>(g’) ay+(m)i’n>ayi’n»*. Bul jerde yeki affiks eliziya  qubi’li’si’na ushi’rap, bir affiks xi’zmetine wo’tip ketken. Ko’plik formasi’ndag’i’ yekinshi *–i’q/-ik* bo’leginin’ tariyxi’y shi’g’i’si’ tu’rkiy tillerdin’ ayri’mlari’nda saqlani’p kiyati’rg’an ko’plik ma’ni an’lati’wshi’ *-li’q/ -lik* (wo’zbek tilindegi *-(ay)y+lik)* affikslerinin’ eliziya qubi’li’si’na ushi’rawi’nan payda bolsa kerek: *ay+li’q> ay+(l) i’q >ayi’q*. Ayi’ri’m tu’rkiy tillerinde *ayi’n-eyin* formalari’nda betlew almasi’g’i’ni’n’ birinshi sesti qali’p, keyingi sesler tu’sip qali’w qubi’li’slari’ bar. Qa’legen ma’nili feyildin’ tiykari’ buyri’q meyildin’ II bet birlik san ma’nisinde qollani’ladi’. Buyri’q meyil formali’q jag’i’nan da, mazmuni’ jag’i’nan da II bette wo’zinin’ ani’q ko’rinisin tabadi’. Al III bette buyri’qli’q ma’ni pa’seyedi. M.Sh.Ragimov III bette buyri’qli’q ma’nige qarag’anda, is-ha’reket wori’nlani’wi’na tilekleslik ma’nisinin’ basi’m yekenin ko’rsetedi. A’sirese buyri’q meyildin’ II bet formalari’ni’n’ intonaciya menen aji’rati’li’p keliwinde buyri’qli’q ma’ninin’ ku’sheygenin seziwge boladi’. Sonli’qtan da E.D.Polivanov buyri’q meyildin’ II bet formasi’ni’n’ intonaciya menen aji’rali’p keliwine «qopal buyri’q» dep ataydi’. Al T.Xojaev bul formani’n’ mudami’ «qopal buyri’q» ma’nisinde kelmeytug’i’ni’n «G’afur hayron, gapir, jonim (hamza). Sen yetim emassan, tinglan, jigarim (G’.G’ulom) si’yaqli’ mi’sallar menen da’liyllemekshi boladi’. M.T.Alomova bul mi’sallardag’i’ «qopal buyri’q»ti’ jumsarti’p turg’an *jonim, jigarim* so’zleri yekenin da’liyllep, E.D.Polivanovti’n’ pikirin maqullaydi’. Buyri’q meyildin’ II bet birlik formasi’na *-i’n’/-in’, -n’* affiksleri jalg’ani’p, ko’plik forma jasaydi’. Bul formani’ wo’tken ma’ha’ldin’ *-di’//-di, -ti’//-ti* ha’m sha’rt meyildin’ *–sa//-se* formalari’nan keyin jalg’anatug’i’n II bet birlik

formasi' menen shatasti'ri'wg'a bolmaydi'. Sebebi II bet birlik formalari' betlew almasi'qlari'nan payda bolg'an bolsa, buyri'q meyildin' ko'plik formasi' ko'plik ma'ni an'lati'wshi' yeski forma. Al *–i'n'i'z/-in'iz* ha'm *–i'n'lar/-in'ler* son' payda bolg'an forma Orxon-Enisey jazi'wlari' yesteliklerinde tek *-n'* formasi', al; *-n'lar/-n'la'r* formasi' «Kutudg'u bilig» shi'g'armasi'nda ushi'rasadi'. M.Qashg'ariydin' mag'li'wmati'na ko're, XI a'sirde *–i'n'i'z/-in'iz* formasi' og'uz ha'm qi'pshaqlarg'a ta'n qollani'lg'an, *-i'n'i'zlar/-in'izler* formasi' XIII-XIV a'sirlerdegi yesteliklerden baslap ko'zge tu'sedi. Ha'zirgi qazaq a'debiy tilinde *–i'n'/-in',-n'* formasi' qollani'lmaydi', woni'n' tek ayi'ri'm dialektlerinde ha'm uyg'i'r tillerinde birlik sanni'n' hu'rmet belgisinde qollani'ladi'.

Wo'zbek, tu'rkmen ha'm qaraqalpaq tillerinde birlik sanni'n' hu'rmet belgisinde ha'm ko'plik sanda parallel qollani'la beredi. Sonday-aq *-i'n'lar/ -in'ler,-n'lar* formasi' tu'rkmen a'debiy tilinde qollani'lmaydi', al wo'zbek, qazaq ha'm uyg'i'r tilllerinde *–i'n'i'z/-in'iz –n'i'z/-n'iz* formalari' menen parallel ko'plik ma'nide qollani'la beredi. *–i'n'i'zlar/-in'izler, ni'zlar/nizler* formasi' a'debiy tilde ju'da' az qollani'ladi'.

Demek, qa'legen ma'nili feyildin' tiykari' buyri'q meyildin' II bet birlik san ma'nisin an'latsa, wolarg'a *i'n'(lar)/-in'(ler), -n'(lar), -i'n'i'z(lar)/-in'iz(ler) n'i'z(lar)* affikslerinin' jalg'ani'wi' menen buyri'q meyildin' II bet ko'plik sani' an'lati'ladi'.

Sonday-aq feyillerdin' *–la/-le* (*gu'lle, oyla*), *-i'lda/-ilde* (*ji'lti'lda, selkilde*), *-i'ra/-ire* (*mo'n'ire, man'i'ra*), *-pi'y/-piy, -bi'y/-biy, -na* (*qampi'y, gu'rbiy, ri'sna*), *-a/-e (qura, du'ze), -ar/-er,r (tu'ner, bozar, go'ner), -ay/-ey (ku'shey, uzay), -i'-ik (toti'q, da'mik), g'ar/ger, -qar/ker (basqar, suwg'ar), -i'/-y (beki, bayi'), -i't/-it, t (berkit, burqi't, qumart), -al/-el, -l (sawal, jo'nel, oral), -an/-en (atan, esen), -si'/-si (dilwarsi', erkinsi), -shi'y/-shiy, -ji'y/-jiy (ti'rji'y, girjiy), -shi'/-shi (tershi, -barshi')* ha'm tag'i' basqa so'z jasawshi' affiksler arqali' jasalg'an do'rendi formalari' da II bet birlik san ma'nisin an'lati'p, wolarg'a

*–i’n’(lar)/ -in’iz(ler), -n’i’z(lar-n’(ler), -i’n’i’z(lar)/-in’/ler –n’ (lar)/-n’(ler), -i’n’i’z (lar)/-in’iz(ler), -n’i’z(lar)/-n’iz(ler)* jalg’awlari’ jalg’ani’p, II bet ko’plik ma’nisinde keledi. Mi’sali’: *birle-birlen’(ler), birlen’iz(ler), zuwi’lda-zuwi’ldan’(lar) zuwi’ldan’i’z(lar), kompi’y-kompi’yi’n’(lar)-kompi’yi’n’i’z(lar), qura-quran’(lar)-quran’i’z(lar), da’mik-da’migin’(ler)-da’migin’iz(ler), esen-esenin’(ler)-esenin’iz(ler), ti’rji’y-ti’rji’yi’n’(lar)-ti’rji’yi’n’i’z(lar), tershi-tershen’(ler)-tershin’iz(ler).*

Wo’zlik da’reje feyillerinin’ *–i’n/-in,-n,-i’l,-il,-l, -li’q/-lik, -i’n’/-in* formalari’ II bettin’ birlik san ma’nisin an’latadi’. Mi’sali’: *juwi’n, ashi’l, ko’nlik, qani’q, kiyin, keril, saqli’q, jetik.*

Usi’ formadag’i’ wo’zlik da’reje feyillerine *-i’n’/(lar,) -in’(ler), -i’n’i’z(lar/-in’iz(ler)* affikslerinin’ jalg’ani’wi’ arqali’ II bettin’ ko’plik formasi’ jasaladi’.

Tu’bir ha’m do’rendi feyillerge *i’s/-is,-s* affikslerinin’ jalg’ani’wi’ arqali’ jasalg’an sheriklik da’reje feyillerde II bet birlik san ma’nisin an’latadi’: *Qag’i’s, teris, woylas, ayqas.* Sol formalarg’a *–i’n’(lar)/in’(ler), i’n’i’z(lar), in’iz(ler)* affikslerinin’ jalg’ani’wi’ arqali’ II bettin’ ko’plik formasi’ jasaladi’. Mi’sali’: *qag’i’s-qag’i’si’n’(lar)-qag’i’si’n’i’z(lar), teris-terisin’(ler)-terisin’iz(ler), woylas-woylasi’n’(lar)-woylasi’n’i’z(lar).*

Sonday-aq feyildin’ wo’zgelik da’rejesinin’ *–di’r/-dir, -ti’r/-tir (aldi’r, ko’ndir, tapti’r, keptir) i’t/-it, t (qorqi’t, u’rkit, oynat), -qi’z/ -kiz, g’i’z/g’iz (aytqi’z, keskiz, jazg’i’z, jegiz). –qar/-ker (jatqar, o’tker), -ar/-er (-i’r/-ir) (qaytar, ushi’r, ko’shir)* formalari’ da II bettin’ birlik sani’ ma’nisin an’lati’p, wolarg’a *–i’n’ (lar)/-in’(ler), -in’(ler), -i’n’i’z(lar)/ in’iz(ler)* affiksleri jalg’ang’anda II bettin’ ko’plik ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: *qorqi’t-qorqi’ti’n’(lar)-qorqi’ti’n’i’z(lar), u’rkit-u’rkitin’(ler)-u’rkitin’iz(ler), aldi’r-aldi’ri’n’(lar)-aldi’ri’n’i’z(lar), tapti’r-tapti’ri’n’(lar)-tapti’ri’n’i’z(lar), wo’tker-wo’tkerin’(ler)-wo’tkerin’iz(ler), jetker-jetkerin’(ler)-jetkerin’iz(ler).*

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde betlik feyillerdin’ III betin an’lati’wshi’ tek g’ana *–di’(-di, -ti’, -ti* affikslerinin’ bar yekeni belgili. Bul da yeski forma yemes, al baylani’sti’ri’wshi’li’q xi’zmettegi *turur* ko’mekshi feyilinin’ qi’sqarg’an formasi’. III bettin’ yeski jazba dereklerden baslap qollani’li’p kiyati’rg’an tek *–si’n/-sin* buyri’q meyil formasi’ g’ana bar. Tek qaraqalpaq tili yemes, al barli’q tu’rkiy tillerinde buyri’q meyildin’ *–si’n/-sin* formalari’nan basqa betlik affiksleri joq ha’m bolmag’an. Feyildin’ son’g’i’ buwi’ni’ni’n’ juwan ya jin’ishkeligine qaray, *–si’n/-sin* affiksleri buyri’q meyildin’ III betinin’ birlik ha’m ko’plik sanlari’nda birdey qollani’ladi’ *(barsi’n, ju’rsin)* *si’n/-sin* affiksi *–sun/su’n* formasi’nda boli’p, tek X1X a’sirden baslap *–si’n/-sin* formasi’nda qollani’la baslag’an. Woni’n’ Orxon - Enisey jazba dereklerinde *-zu/-zu’ (barzu, ka’lzu’)* formasi’nda qollani’li’w jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Bul ko’rinisti X1-X11 a’sirlerdegi «Kutudg’u bilig» ha’m «Xibatul haqoyiq»ta ko’riwimizge boladi’. Sonday-aq «Kutudg’u biligde» *-sun/-su’n* formasi’nda *-i’/-i* sesi qosi’li’p *–suni’/-su’ni* formasi’nda qollani’lg’an. Ha’zirgi tu’rkiy tillerde bul forma ha’r qi’yli’ ko’riniske iye:

Qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ do’retpelerinde ushi’rasatug’i’n *g’i’l/-gil, -qi’l/-kil* affiksleri yeski tu’rkiy jazba dereklerinde ha’m ha’zirgi ayi’ri’m tu’rkiy tillerde buyri’q meyildin’ II bet ma’nisin an’latadi’. Bul affiksler buyri’q formalardi’n’ keynine jalg’ani’p, feyildin’ buyri’q ottenkasi’n ku’sheytedi. Ayi’ri’m tu’rkiy tillerde ko’plik ma’ni ha’m uli’wmali’q mazmunda an’lati’w ushi’n qollani’lsa, qaraqalpaq klassikleri shi’g’armalari’nda ha’m folklorli’q do’retpelerde buyri’q meyildin’ II bet birlik san ma’nisinde qollani’lg’an.

**Bet-san formalari’ni’n’ funkcional-semantikali’q xi’zmetleri**

Feyildin’ bet-san affiksleri menen wo’zgeriwi u’sh betke qatnasli’ boli’p, ha’r bir bet (III betten basqasi’) birlik ha’m ko’plik sanda wo’zine ta’n morfologiyali’q formalari’na iye. Feyiller I bet birlik san formasi’nda kelip, birlik sandag’i’ so’ylewshi, ko’plik san formasi’nda kelip, so’ylewshi

ta'repindegi ko'plik topari', II bet birlik san formasi'nda kelip, birlik sandag'i' ti'n'lawshi' ko'plik formasi'nda kelip ti'n'lawshi'lar topari', III bet formasi'nda kelip so'ylewshi ha'm ti'n'lawshi'dan basqa III bettegi birlik ha'm ko'plik sandag'i' subektler menen predikativlik qatnasqa tu'sedi. Feyillerdin' I ha'm II bet formasi'nda kontekstte subekt ko'rsetilmese de qaysi' sang'a tiyisli yekeni ani'q ko'rinip turadi'. Al qaraqalpaq tilinde feyillerdin' III bet formalari'nda birlik san ushi'n da, ko'plik san ushi'n da bir forma bolg'anli'qtan, I ha'm III betlerdegidey san ma'nisi ko'rinip turmaydi'. Feyildin' III bet bir san ma'nisi birlik sandag'i' atli'q so'zler, betlew ha'm wo'zlik almasi'qlari' arqali' an'lati'ladi'. Mi'sali': Wo*l bardi', wo'zi bardi', Marat aldi', qus qondi'* ha'm tag'i' basqa.

Sonday-aq feyildin' III bet birlik san ma'nisi *bir* canli'g'i' ha'm sog'an semantikasi' boyi'nsha sinonim so'zler arqali' an'lati'ladi'. Jaw menen jalg'i'z ali'sti'. Basli'qqa qara basi' qarsi' shi'qti'. Jekke ju'rip at shapti'. Kiyiklerdin' birewi qorag'a kirip ketipti. Ayi'ri'm jag'daylarda subekttin' siltep ko'rsetiliwi yamasa belgisi ko'rsetiliwi arqali' birlik ma'ni an'lati'ladi'. Mi'sali': Bul mag'an sa'lem berdi, keyindegisi sa'lemlespedi. Birinshisi bir adi'm aldi'g'a shi'qti'. Feyildin' III bet ko'plik ma'nisi de atli'q so'zler, betlik ha'm wo'zlik almasi'qlardi'n' ko'plik formalari' arqali' an'lati'ladi': *Wolar bardi', wo'zleri berdi, studentler aldi', quslar qondi'*. Sonday-aq feyildin' III bet ko'plik ma'nisi ja'mlew almasi'qlari' ja'rdeminde an'lati'ladi'. Mi'sali': Ba'ri keldi, ha'mmesi aldi'. Ko'plik ma'ni sanli'q so'zler ha'm ko'plik ma'ni an'lati'wshi' basqa so'zler ja'rdeminde de an'lati'li'wi' mu'mkin. Mi'sali': Jigitlerdin' ko'bi woraza tuti'p ati'r, birazi' buzi'p aldi'. To'rtewi ishke kirip, to'rtewi jaydi'n' to'rt ta'repinde turdi'. Ko'p ko'pshilign yetti. To'rtew tu'wel bolsa to'bedegini tu'siredi, altaw ala bolsa awzi'ndag'i'na aldi'radi'.

Ayi'ri'm bet-san formali' wo'zlik, wo'zgelik ha'm belgisiz da'rejedegi feyillerdin' wori'nlawshi'lari' sol ko'rsetilgen bettegi subekt bolmawi' mu'mkin. Mi'sali': Mug'allim bizlerge Gu'muratti'n' «Qayrawda jalg'i'z g'az»

qosi’g’i’n yadlatti’. Bul keltirilgen mi’saldag’i’ III bet formasi’nda *yadlatti’* feyilinin’ grammatikali’q subekti III bettegi *mug’allim* so’zi bolg’ani’ menen, is-ha’rekettin’ haqi’yqi’y wori’nlawshi’si’ I bet yekeni kontekst mazmuni’nan g’ana belgili boli’p tur.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyiller belgili bir bet-san formalari’na iye bola tura subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelmey qollani’li’w jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Bunday feyillerdin’ wo’zbek tilinde bir bet-san formasi’nda turi’p, subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelip ha’m sa’ykes kelmey qollani’w jag’dalari’n G’.Zikirlaev ken’ tu’rde analiz jasaydi’. Wol feyildin’ bet-san formalari’n subekt penen bet ha’m sanda sa’ykes kelip qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q si’pati’ dep, al feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelmey qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q si’pati’ni’n’ wo’zgeriwi dep qaraydi’.

Tatar til iliminde D.Sh.Shayxaydarova feyildin’ belgili bir bet-san formasi’na iye boli’p, subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes keliwin feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ko’rinisi, al feyildin’ belgili bir bet-san formalari’na iye bola tura subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelmey qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ sintagmali’q ko’rinisi dep ataydi’.

Qaraqalpaq til iliminde feyillerdin’ belgili bir bet-san formasi’na iye boli’p, subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes kelip yamasa kelmey qollani’li’wi’ yele arnawli’ ilimiy bag’darda izertlenilgen joq. Tek ayi’ri’m jag’daylarda I ha’m II betlerde ko’plik formada kelip, birlik sandag’i’ subekt penen predikavtiklik qatnasqa tu’sip, so’ylewshinin’ si’payi’li’q xarakterin an’latatug’i’ni’ haqqi’nda g’ana ayti’lg’an. Sonli’qtan feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ konteksttegi xi’zmetine qaray wolardi’n’ belgili bir bet-san formalari’na iye boli’p, subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ma’nisi, al belgili

bir bet-san formalari’na iye bola tura subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelmey qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ sintagmali’q ma’nileri dep qarawdi’ maqul ko’rdik.

Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nileri wolardi’n’ konteksttegi atqari’p kelgen xi’zmetine qaray ani’qlanadi’. Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nilerin morfologiyali’q aspektte izertlew na’tiyje bermeydi. Feyillerdin’ betlik affiksleri sintaksislik kategoriyalar menen ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p, wolar subekt penen feyildi bette, sanda baylani’sti’ri’p subektlik-predikativlik qatnasti’ bildirip kelgenlikten, feyillerdin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nilerin wolardi’n’ konteksttegi xi’zmetine qaray izertlew arqali’ g’ana ani’qlaw mu’mkin.

Solay yetip, ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi feyildin’ bet-san formalari’n funkcional-semantikali’q xi’zmetine qaray bet-san formalari’ni’n’ *paradigmali’q ma’nileri* ha’m *sintagmali’q ma’nileri* dep yekige bo’lip qaraymi’z.

Feyiller belgili bir bet-san formalari’na iye boli’p, ko’pshilik jag’daylarda subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes qollani’li’p, wo’zlerinin’ paradigmali’q ma’nilerinde keledi. Feyil I bet birlik san formasi’nda kelip, birlik sandag’i’ so’ylewshi menen subektlik predikativlik qatnasqa tu’sedi. Mi’sali’: Men shi’qsam maydang’a qi’yali’m woyi’m tamasha qi’laman, Ta’jimbet toyi’n (A.Dabi’lov). Yernazar jo’ninde barli’q xabardi’ wonnan wo’zim soradi’m. Bul mi’saldag’i’ *shi’qsam, qi’laman, soradi’m* feyilleri I bet birlik san formasi’nda qollani’li’p, I bet birlik sandag’i’ *men*, *wo’zim* subekti menen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes qatnasqa tu’sip, wo’zlerinin’ paradigmali’q ma’nisinde qollani’lg’an.

Feyillerdin’ I bet birlik sandag’i’ formalari’ betlew almasi’g’i’ni’n’ w*o’zim* almasi’qlari’ menen koordinaciyali’q baylani’sqa tu’sip yamasa ga’ptin’ ishinde bolmag’ani’ menen usi’ formadag’i’ feyillerdin’ subekti *men, wo’zim*

almasi'qlari' yekeni konstekst mazmuni'nan belgili bolg'an jag'daylarda paradigmali'q ma'nisinde qollani'ladi'.

Feyiller I bet ko'plik formasi'nda kelip, so'ylewshi ta'repindegi ko'plik topar menen subektlik-predikativlik qatnasqa tu'sip, subekt penen bet ha'm san jag'i'nan sa'ykes kelip paradigmali'q ma'nisinde qollani'ladi'. Mi'sali': Quyri'g'i' menen uri'p ji'g'i'p woynawdi' jaqsi' ko'retug'i'n ji'lanni'n' usi' «alasar» degen tuxi'mi' Qaraqumda wo'sedi, bizler woni' bala ku'nimizden bilemiz. (T.Najimov). Mi'saldag'i' I bet ko'plik san formasi'ndag'i' *bilemiz* feyili *bizler* almasi'g'i' menen bet ha'm san jag'i'nan sa'ykes baylani'sqa tu'sip, paradigmali'q ma'nisinde qollani'lg'an. II bet birlik formadag'i' feyiller birlik sandag'i' ti'n'lawshi' menen subektlik-predikativlik baylani'sqa tu'sip, paradigmali'q ma'nisinde qollani'ladi'. Mi'sali': Jerde turi'p sen ji'ladi'n' jani'n' ashi'p tuwi'sqang'a (A.Dabi'lov). Bul mi'saldag'i' II bet birlik san formasi'ndag'i' *ji'ladi'n'* feyili II bet birlik sandag'i' *sen* subekti menen baylani'sqa tu'sip paradigmali'q ma'nisinde qollani'lg'an. II bet ko'plik sandag'i' feyiller de ko'binshe II bet ko'plik formasi'ndag'i' subekt penen baylani'sqa tu'sedi. Mi'sali': Sizler qi'rg'i'z yelinin' ju'regine qaysi' joldan barman'lar, ba'ri ashi'q (İ.Yusupov). Bul keltirilgen mi'saldag'i' II bet ko'plik san formasi'ndag'i' *barman'lar* feyili II bet ko'plik sandag'i' *sizler* subekti menen baylani'sqa tu'sip, paradigmali'q ma'nisinde qollani'lg'an. Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde feyiller III bette birlik ha'm qoplik sanda birdey qollani'la beredi. Mi'sali': 1) Wol ko'giregine mo'rlep alani' ja'ne «alla» deyip alg'a baradi' (A'.Wo'tepbergenov).

2. Shayi'r ketip barar ma'rdana alg'a

No'kerler baradi' on'da ha'm sonda (A'.Wo'tepbergenov)

Mi'sallardag'i' *baradi'* feyili III bet birlik sandag'i' *wol* subekti menen, yekinshi mi'salda III bet ko'plik sandag'i' *no'kerler* subekti menen bet ha'm san jag'i'nan sa'ykes kelip, wo'zinin' paradigmali'q ma'nilerinde qollani'lg'an.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegi feyildin’ bet-san formalari’ ha’mme waqi’tta subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes kelip qollani’la bermeydi. Ayi’ri’m jag’daylarda wolar sa’ykes kelip turg’anday boli’p sezilgeni menen, subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelmey sintagmali’q ma’nilerinde qollani’w jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Geyde so’ylewshinin’ sol is-ha’rekettin’ subektine bolg’an mu’na’sibetinen feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ma’nileri wo’zgerip sintagmali’q ma’nilerde qollani’ladi’. Mi’sali’:

1. Kon’i’ratti’n’ miyrim-sha’pa’a’tli biyi, balami’zg’a ismi sha’riyp bersen’iz.

2. Sha’riypa menen awlag’i’nda tilleskeni mi’naw boldi’.

- siz pa’rmandi’ quwatlaysi’z ba?

-Quwatlasaq bay tawi’p ali’wi’mi’z kerek. (T.Qayi’pbergenov).

Keltirilgen mi’sallardag’i’ *bersen’iz, quwatlaysi’z* feyilleri formasi’ jag’i’nan II bet ko’plik sang’a tiyisli bolg’ani’ menen, II bet birlik sandag’i’ subekt penen, *quwatlasaq, ali’wi’mi’z* feyilleri I bet ko’plik formag’a iye bolg’ani’ menen, I bet birlik sandag’i’ subekt predikativlik qatnasqa tu’sip so’ylewshinin’ is-ha’rekettin’ subektine bolg’an hu’rmet mu’na’sibetinen paradigmali’q ma’nileri wo’zgerip, sintagmali’q ma’nilerinde qollani’lg’an. Feyiller I bet birlik san formasi’nda qollani’lg’ani’ menen, kontekstte I ha’m II betlerge tiyisli is-ha’reketti an’lati’wi’ da mu’mkin. Mi’sali’: Bararman dep u’mitim bar. Senin’ menen yerli-zayi’p (A.Dabi’lov).

Feyiller ayi’ri’m jag’daylarda I bet birlik formada kelgeni menen, I ha’m III betlerge tiyisli is-ha’reketti an’lati’p keliwi mu’mkin. Mi’sali’: Bu’gin Matchan qanxor menen shayqasti’m, ja’rdemi ko’p boldi’ mag’an Shaybasti’n’ (A.Dabi’lov). Joqari’dag’i’ mi’sallarda ko’rip turg’ani’mi’zday, I bet birlik formadag’i’ *bararman* feyili so’ylewshi ha’m ti’n’lawshi’g’a, *shayqasti’m* feyili so’ylewshi ha’m III bettegi subektke tiyisli is-ha’reketti an’lati’p, sintagmali’q ma’nide qollani’lg’ani’n konteksttin’ mazmuni’ arqali’ ani’qlawg’a boladi’.

Feyildin’ I bet ko’plik sandag’i’ formalari’ da I ha’m II betke, I ha’m III betke, ayi’ri’m waqi’tlarda u’sh betke de tiyisli is-ha’reketti an’lati’p keledi. Mi’sali’: 1. A’ken’di ayasan’, jani’m perzentim, ju’r birge barayi’q shaqi’rg’an waqta (A.Dabi’lov).

2. Dasturxan a’tirapi’nda a’ju’k-gu’jik so’ylesip shay iship woti’rmi’z. (M.Jumanazarova).

3. Bayag’i’ ketken doslardi’,
İzlep tawi’p alayi’q,
Wonnan keyin atlarg’a,
Ku’ni-tu’ni dem berip,
Ha’mme bir dem alayi’q (A.Dabi’lov)

Bul mi’sallardag’i’ I bettin’ ko’plik formasi’ndag’i’ *barayi’q* feyili I ha’m II betke woti’rmi’z feyili I ha’m III betke, al *dem alayi’q* feyili u’sh betke de tiyisli is-ha’reketti an’lati’p, wo’zinin’ sintagmali’q ma’nisinde qollani’li’p kelgen. Ayi’ri’m jag’daylarda feyiller I bet ko’plik formada kelip, birlik sandag’i’ subektke tiyisli boli’p keledi. Mi’sali’:

Telmirip ko’z, sharshadi’q, bir za’rre da’rmani’m qalmag’an.

Wo’zi palwan, ati’ Ari’slan basi’m qossam men sag’an. (A.Dabi’lov).

Mi’saldag’i’ sharshadi’q feyili I bet ko’plik formada kelgeni menen, tek so’ylewshinin’ wo’zine tiyisli is-ha’reket boli’p, sintagmali’q ma’nisinde qollani’lg’an. Feyiller II bet birlik san formasi’nda kelip, I ha’m II betke, II ha’m III betke tiyisli subekttin’ is-ha’reketin an’lati’p keledi. Mi’sali’:

1. Keshe menin’ menen quda boldi’n’,
Bu’gin qudali’qtan juda boldi’n’ (A.Dabi’lov).

2. Sen bu’gin de qon’si’ni’n’ mal qorasi’ni’n’ bir mu’yeshinde balalari’n’ menen bu’rsen’lesip woti’rsan’. (M.Jumanazarova). Mi’sallardag’i’ II bet birlik san formasi’ndag’i’ *quda boldi’n’* feyili ti’n’lawshi’ ha’m so’ylewshige, *woti’rsan’* feyili ti’n’lawshi’ ha’m ti’n’lawshi’ni’n’ balalari’na tiyisli boli’p, sintagmali’q ma’nide qollani’lg’ani’n konteksttegi xi’zmetinen ani’qlawg’a

boladi’. Feyiller II bet ko’plik san formasi’nda kelip, I ha’m II betke, II ha’m III betke, ayi’ri’m waqi’tlarda u’sh betke de tiyisli subekttin’ is-ha’reketin an’lati’p keledi. Mi’sali’: 1. Sizler de tog’i’z ha’m ji’l boyi’ menin’ menen si’rta boldi’n’i’zlar. (K.Ma’mbetov).

2. Ko’lik kerek bolsa, bas buxgalterdin’ UAZi’n ali’n’da kete berin’. (A’.Qaypov).

3. Joldasi’n’da kirsin. Tu’s waqti’ g’o. Bizler menen shay ishin’. (A’.Qaypov).

Bul mi’sallardag’i’ II bet ko’plik san formasi’ndag’i’ *boldi’n’i’zlar* feyili I ha’m II betke, *kete berin’* feyili II ha’m III betke, *ishin’* feyili u’sh betke de tiyisli subekttin’ is-ha’reketin an’lati’p, sintagmali’q ma’nilerinde qollani’lg’an. Geyde feyildin’ II bet formalari’ni’n’ subekt penen san jag’i’nan da sa’ykes kelmew jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Mi’sali’: Qi’zlar, toyg’a kelip maydanda turma… senler de sol jaqqa qarap ko’r… (A.Dabi’lov). Keltirilgen mi’sallardag’i’ *turma, qarap ko’r* feyilleri II bet birlik san formasi’nda turg’ani’ menen, ko’plik sandag’i’ subekttin’ is-ha’reketin an’lati’p, sintagmali’q ma’nilerde qollani’lg’an. Feyildin’ I ha’m II bet formalari’ ayi’ri’m waqi’tlarda ishki dialoglarda paradigmali’q ma’nisi wo’zgerip, sintagmali’q ma’nilerde qollani’ladi’. Mi’sali’: 1. Qi’yt yetip ji’ri’lsan’ meni tawi’p ali’p, «ju’r, a’diraspan terip qaytayi’q» dep kele beretug’i’n i’rza yekensen’ g’oy. (G.Tajetdinova).

2. Qulag’i’n tutsa kempiri.
Mi’na so’zdi ayti’p ju’r yedi,
Anam bar dep aylanbadi’ arti’na,
Balam bar dep sen Shi’nargu’l shalqi’ma. (A.Dabi’lov).

Bul mi’sallardag’i’ *qaytayi’q* feyili I bet formasi’na iye bolg’ani’ menen ti’n’lawshi’g’a tiyisli, *shalqi’ma* feyili II betke tiyisli bolg’ani’ menen, so’ylewshinin’ wo’zine tiyisli is-ha’reketti an’lati’p, sintagmali’q ma’nilerde

qollani’lg’an. Feyiller III bet formasi’nda turi’p ta so’ylewshi yamasa ti’n’lawshi’g’a tiyisli is-ha’reketti an’lati’p keledi. Mi’sali’:

Aytqani’ Azatti’n’ kewlinde bari’,

Ag’an’ sag’an ko’mek bermek qumari’,

Qayda bag’anag’i’ qara jal sori’,

Qol bosansa nege ja’rdem bermesin (A.Dabi’lov).

Kelin tu’sirip ken’ zamang’a bir shi’g’i’p, bul Shi’nargu’l aqli’q su’yip wo’lmedi. (A.Dabi’lov).

Keltirilgen mi’sallardag’i’ III bet formasi’ndag’i’ *ja’rdem bermesin*, *wo’lmedi* feyillerinin’ I betke tiyisli boli’p, sintagmali’q ma’nilerinde qollani’lg’ani’ menen, kontekstten ko’rinip tur. Sonday-aq feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ma’nisinin’ wo’zgerip, sintagmali’q ma’nilerde qollani’li’wi’ wo’zgelik da’reje feyillerinde ushi’rasadi’. Mi’sali’: 1. Tapsi’ri’lg’an isti tola ba’rjay qi’li’p, usi’ woti’rg’an qa’dirdanlarg’a toli’g’i’ menen mo’r saldi’rdi’m, qol basti’rdi’m. (T.Qayi’pbergenov).

2. Yernazar Ala ko’z qorqi’ti’p ant yettirgen joq pa? Bul mi’sallardag’i’ *mo’r saldi’rdi’m*, *qol basti’rdi’m* wo’zgelik da’reje feyilleri I bettegi subekt penen predikativlik qatnasqa tu’skeni menen, III betke tiyisli, al *qorqi’ti’p*, *ant yettirgen* wo’zgelik da’reje feyilleri III bettegi subekt penen predikativlik qatnasqa tu’skeni menen, I betke tiyisli is-ha’reket yekeni kontekst mazmuni’nan belgili. Xa’zirgi qaraqalpaq tilinde feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ sintagmali’q ma’nide qollani’li’wi’n feyil bir sostavli’ ga’plerdin’ iyesi uli’wmalasqan tu’rlerinde de ko’riwge boladi’. Mi’sali’:

1. Jer su’rsen’ , gu’z su’r,
   Gu’z su’rmesen’, ju’z su’r. (naqi’l).

2. Ne eksen’, soni’ worasan’ (naqi’l).

Bul mi’saldag’i’ feyillerdin’ barli’g’i’ da formasi’ jag’i’nan II betke tiyisli bolg’ani’ menen, konteksttegi mazmuni’ u’sh betke de tiyisli boli’p, sintagmali’q ma’nilerde qollani’lg’an.

Solay yetip, ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi feyildin’ bet-san formalari’ funkcional-semantikali’q xi’zmetine qaray paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nilerde qollani’ladi’.

# II bap. Qaraqalpaq tilindegi feyildin’ betleniw tu’rleri

## Feyildin’ tarti’m affiksleri menen betleniwi

Son’g’i’ waqi’tlari’ tyurkologiyada, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde tarti’m affikslerinin’ geyde feyil so’zlerge jalg’ani’wi’ menen, sol is-ha’rekettin’ qaysi’ sandag’i’ ha’m qaysi’ bettegi subekt ta’repinen wori’nlang’ani’n an’lati’p, bet-san affiksleri xi’zmetinde qollanatug’i’ni’ so’z yetilip kiyati’r. Tarti’m affikslerinin’ feyil so’zlerge jalg’ani’p, bet-san affikslerinin’ xi’zmetin atqari’p keliwi tosi’nnan yemes.

T.Dj.Dashchyan atawi’sh feyillerde tek g’ana tarti’m affikslerinin’ bet-sandi’ an’latatug’i’ni’n atap ko’rsetedi. Sebebi bet-sanni’n’ arnawli’ affiksleri atawi’sh feyillerge tikkeley jalg’anbay, wori’n sepliginen keyin jalg’anadi’. Mi’sali’: *barmaqtaman, bari’wdaman.*

Tyurkologiyada tarti’m affikslerinin’ I ha’m II bet formalari’n tariyxi’y shi’g’i’si’ betlik affikslerden kelip shi’qqan degen pikirler bar.

E.Fazi’lov tarti’m affikslerinin’ betlik affikslerden payda bolg’ani’na wo’zinin’ qosi’lmaytug’i’ni’n bildirip, wolardi’ yeski *-n’, -g’, -k, -m* so’z jasawshi’ affikslerine baylani’sli’ dep da’liyllemekshi boladi’. Sonday-aq, E.Fazi’lov bet-san affikslerinin’ qi’sqa formalari’n iyelik sepliginen kelip shi’qqan dep boljaydi’. Feyildin’ betlik affiksi menen atli’qtan tarti’m affiksi arasi’nda formali’q jaqtan usasli’q bar, *(bardi’m-balam),* bulardi’n’ yekewi de I bettin’ birlik sani’na tiyisli. Birewi is-ha’rekettin’ betin an’latsa, yekinshisi zatti’n’ neshinshi betke tiyisli yekenin an’latadi’. Bul yeki affikstin’ de *men* betlew almasi’g’i’nan kelip shi’qqani’n yesapqa alsaq, feyildin’ bet-san affiksi menen tarti’m affikslerinin’ arasi’nda tariyxi’y baylani’s bar yekeni ani’q boladi’. Sonday-aq S.O’mirbekov bul tarti’m affikslerinin’ dawi’sli’ sesten baslang’ani’n betlew almasi’g’i’nan payda bolg’an da’slepki formasi’, al dawi’ssi’z sesten baslang’an formalari’ son’g’i’ formasi’ yekenin da’lilleydi.

N.K.Dmitriev te usi’ pikirdi quwatlaydi’. V.Kotvich sa’l basqasharaq tu’sindirip, tarti’mni’n’ III bet formalari’n mong’ol tilindegi *sin-u* «woni’n’» degen so’zlerge baylani’sti’radi’. S.Qudaybergenov ta usi’ pikirdi maqullaydi’. M.Tomanov tarti’m affiksinin’ III bet formalari’ da’slep atawi’sh so’zler bolg’an dep boljaydi’.

Tarti’m affikslerinin’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ predmetlerdin’ belgili betke tiyisli yekenin an’lati’p ha’m dara tarti’mlani’w, sheriklik tarti’mlani’w arqali’ predmettin’ iyesinin’ birew yamasa bir neshe yekenligin ani’qlawdan ibarat. Tarti’m affiksleri barli’q waqi’tta predmettin’ bir betke tiyisliligin bildire bermeydi, geyde wol, kersinshe, subekttin’ predmetke de tiyisli boli’wi’ mu’mkin. Demek, tarti’m affiksleri feyil so’zlerge jalg’ang’an jag’dayda wolardi’ substanstivlestirmey, al qaysi’ bet ta’repinen wori’nlang’ani’n an’latadi’. Sonli’qtan da ko’pshilik tu’rkiy tillerde a’lle qashan bul formani’ feyildin’ arnawli’ bet-san formalari’ni’n’ qatari’nda qaraydi’.

Haqi’yqattan, tarti’m affiksleri atawi’sh ha’m kelbetlik feyillerge jalg’ani’p, is-ha’rekettin’ qaysi’ betke tiyisli yekenin ani’qlap keledi. Dara tarti’mni’n’ affikslerin qabi’llaw arqali’ feyiller birlik sang’a, sheriklik tarti’mni’n’ affikslerin qabi’llaw arqali’ ko’plik sang’a tiyisli is-ha’reketti an’latadi’.

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *aytqani’m, aytari’m* | *aytqani’mi’z, aytari’mi’z* |
| II bet: | *aytqani’n’, aytari’n’* | *aytqani’n’i’z, aytari’n’i’z* |
| III bet: | *aytqani’, aytari’* | *aytqani’, aytari’* |

Wo’zbek tilinin’ grammatikasi’nda feyildin’ arnawli’ bet-san affikslerin to’rt toparg’a bo’lip: 1) toli’q formalari’, 2) qi’sqa formalari’, 3) buyri’q-tilek formalari’ ha’m 4) *yoq* so’zi menen keletug’i’n inkor formalari’ dep bo’lip, tarti’m affikslerin arnawli’ bet-san formalari’ qatari’nda qaraydi’. Demek, uli’wma tyurkologiyadag’i’ bul pikirlerge ha’m tarti’m affikslerinin’ feyil so’zlerge tirkelip atqaratug’i’n xi’zmetlerine su’yene woti’ri’p, ha’zirgi

qaraqalpaq a’debiy tilinde tarti’m affikslerin feyildin’ bet-san affiksleri qurami’nda qarawi’mi’zg’a mu’mkinshilik beredi.

Kelbetlik feyildin’ *-g’an/-gen, -qan/-ken, -ar/-er/-r, -(a/e)+jaq* formalari’ I ha’m II betlerde feyildin’ bet-san affikslerinin’ toli’q formalari’ jalg’ani’p betleniwi menen birge tarti’m affiksleri arqali’ da betlene aladi’.

Kelbetlik feyildin’ *–g’an//-gen, -qan/-ken* formasi’ni’n’ betleniw paradigmasi’

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barg’ani’m* | *barg’ani’mi’z* |
| II bet: | *barg’ani’n’* | *barg’ani’n’i’z* |
| III bet: | *barg’ani’* | *barg’ani’* |

Kelbetlik feyillerdin’ *-ar, –er, -r* formasi’ni’n’ betleniw paradigmasi’

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barari’m* | *barari’mi’z* |
| II bet: | *barari’n’* | *barari’n’i’z* |
| III bet: | *barari’* | *barari’* |

Kelbetlik feyildin’ *-(a/e)+jaq* formasi’ni’n’ betleniw paradigmasi’

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barajag’i’m* | *barajag’i’mi’z* |
| II bet: | *barajag’i’n’* | *barajag’i’n’i’z* |
| III bet: | *barajag’i’* | *barajag’i’* |

Kelbetlik feyildin’ *-tug’i’n* formasi’ bet-san affikslerinin’ qi’sqarg’an varianti’ menen de, toli’q varianti’ menen de betlenbeydi. Biraq ayi’ri’m jag’daylarda wol tarti’m affikslerin qabi’llap, is-ha’rekettin’ qaysi’ betke tiyisli yekenin an’latadi’.

Kelbetlik feyildin’ *-tug’i’n* formasi’ni’n’ betleniw paradigmasi’:

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *baratug'i'ni'm* | *baratug'i'ni'mi'z* |
| II bet: | *baratug'i'ni'n'* | *baratug'i'ni'n'i'z* |
| III bet: | *baratug'i'ni'* | *baratug'i'ni'* |

Atawi'sh feyildin' *–i'w//-iw,-w, -maq/-mek, -paq/-pek, -baq/-bek, -i's/-is, -s, -g'i'/-gi, qi'/-ki* formalari' da bet-san affikslerinin' toli'q ha'm qi'sqarg'an variantlari' menen betlenbey, tek tarti'm affiksleri arqali' betlene aladi'.

Atawi'sh feyildin' *–i'w/-iw, -w* formasi'ni'n' betleniw paradigmasi'.

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *bari'wi'm,* | *bari'wi'mi'z* |
| II bet: | *bari'wi'n'* | *bari'wi'n'i'z* |
| III bet: | *bari'wi'* | *bari'wi'* |

Atawi'sh feyildin' *–maq/-mek, -paq/-pek, -baq/-bek* formasi'ni'n' betleniw paradigmasi':

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barmag'i'm* | *barmag'i'mi'z* |
| II bet: | *barmag'i'n'* | *barmag'i'n'i'z* |
| III bet: | *barmag'i'* | *barmag'i'* |

Atawi'sh feyildin' *–i's/-is,-s* formasi'ni'n' betleniw paradigmasi':

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *bari'si'm* | *bari'si'mi'z* |
| II bet: | *bari'si'n'* | *bari'si'n'i'z* |
| III bet: | *bari'si'* | *bari'si'* |

Atawi'sh feyildin' *–g'i'/-gi, -qi'/-ki* formasi'ni'n' betleniw paradigmasi'.

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'i'm* | *barg'i'mi'z* |
| II bet: | *barg'i'n'* | *barg'i'n'i'z* |
| III bet: | *barg'i'si'* | *barg'i'si'* |

Kelbetlik feyildin’ *–g’an/-gen, -qan/-ken, -tug’i’n, -mas/-mes, paq/-pek, -baq/-bek* formalari’na *–li’q/-lik* affiksinin’ jalg’ani’wi’nan jasalg’an atawi’sh feyildin’ qospa affikslerin qabi’llap betlenedi.

**Betleniw paradigmasi’**

**birlik sanda**

I bet: *barg’anli’g’i’m, baratug’i’nli’g’i’m, barmasli’g’i’m, barmaqli’g’i’m.*

II bet: *barg’anli’g’i’n’, baratug’i’nli’g’i’n’, barmasli’g’i’n’, barmaqli’g’i’n’*

III bet: *barmaqli’g’i’, baratug’i’nli’g’i’, barmasli’g’i’, barmaqli’g’i’*

**ko’plik sanda**

I bet: *barg’anli’g’i’mi’z, baratug’i’nli’g’i’mi’z, barmasli’g’i’mi’z, barmaqli’g’i’mi’z*

II bet: *barg’anli’g’i’n’i’z, baratug’i’nli’g’i’n’i’z, barmasli’g’i’n’i’z, barmaqli’g’i’n’i’z.*

III bet: *barmaqli’g’i’, baratug’i’nli’g’i’, barmasli’g’i’, barmaqli’g’i’*

Solay yetip, ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyildin’ bet-san kategoriyasi’ wo’zinin’ arnawli’ formalari’ menen birge, geyde tarti’m affiksleri ja’rdeminde de an’lati’ladi’.

**Analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyillerdin’ betleniwi**

Analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyiller yeki feyildin’ dizbeklesiwi yamasa feyilden basqa so’zler menen feyildin’ dizbeklesiwi arqali’ jasaladi’. Wo’zbek tilinde feyillerdin’ bunday so’z qosi’li’w usi’li’ menen jasali’wi’na *feyildin’ kompoziciya usi’li’ menen jasali’wi’* dep ayti’ladi’. X.İ.Mirzazade yertedegi jazba dereklerdegi analitikali’q usi’lda jasalg’an feyillerdi yeki toparg’a (ma’nili so’z benen ko’mekshi so’zlerdin’ birigiwinen ha’m yeki ma’nili so’zdin’ biriwinen jasalg’an qospa feyiller) bo’lip qaraydi’.

A.G’.G’ulamov Analitikali’q formadag’i’ feyillerdin’ ba’rin qospa feyiller dep qarap, wolardi’ «at+fel» ha’m «fel+ fel» tipindegi qospa feyiller dep analitikali’q feyillerdi «fel+fel» formali’ qospa feyiller qurami’nda qaraydi’. Ha’zirgi qaraqalpaq til iliminde analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyiller

atawi'sh tiykarli' qospa feyiller feyil tiykarli' qospa feyiller ha'm analitikali'q formadag'i' feyiller dep u'sh toparg'a bo'lip qaraladi'.

Atawi'sh tiykarli' qospa feyiller feyilden basqa so'z shaqaplari'na *yet (qi'l), al, ber, sal, bol, qoy, ko'r, qal, basla, jet* ha'm tag'i' basqa feyillerdin' dizbeklesiwi arqali' jasaladi'. Atawi'sh tiykarli' qospa feyillerde bet-sanni'n' an'lati'li'wi' sintetikali'q feyiller si'yaqli' feyillerdin' arnawli' bet-san affikslerinin' qi'sqa formalari' menen de, toli'q formalari' menen de betlene aladi'. Atawi'sh tiykarli' qospa feyillerde bet-san affiksleri atawi'sh so'zlerge yemes, al atawi'sh so'zlerge dizbeklesip kelgen feyil so'zlerge jalg'anadi'. Atawi'sh tiykarli' qospa feyillerdin' feyildin' bet-san affikslerinin' qi'sqa formalari' menen betleniw paradigmasi':

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *ta'rbiya bersem, qol ali'sti'm* | *ta'rbiya bersek, qol ali'sti'q* |
| II bet: | *ta'rbiya bersen', qol ali'sti'n'* | *ta'rbiya bersen'-(ler) –iz(ler),*<br>*qol ali'sti'n'(lar) –i'z(lar)* |
| III bet: | *ta'rbiya berse, qol ali'sti'* | *ta'rbiya berse, qol ali'sti'* |

Atawi'sh tiykarli' qospa feyillerdin' arnawli' bet-san affikslerinin' toli'q formalari' menen betleniw paradigmasi'

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *ta'rbiya beremen, qol ali'saman* | *ta'rbiya beremiz, qol ali'sami'z* |
| II bet: | *ta'rbiya beresen',qol ali'sasan'* | *ta'rbiya beresen'-(ler), qol ali'sasi'z(lar)* |
| III bet: | *ta'rbiya beredi, qol ali'sadi'* | *ta'rbiya beredi, qol ali'sadi'* |

Atawi'sh tiykarli' qospa feyillerde tilek meyildin' I bet birlik ha'm ko'plik sandag'i' *–(a/e)+yi'n/+yin, - (a/e)+yi'q/+yik* ha'm buyri'q meyildin' III bet *–si'n/-sin* affiksleri arqali' betlik forma jasaladi'.

| | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet: | *ta'rbiya bereyin, qol ali'sayi'n* | *ta'rbiya bereyik, qol ali'sayi'q* |
| III bet: | *ta'rbiya bersin, qol ali'ssi'n* | *ta'rbiya bersin, qol ali'ssi'n* |

Feyil tiykarli’ qospa feyiller yeki ma’nili feyillerdin’ dizbeklesiwinen jasali’p, bir leksikali’q ma’nidegi is-ha’reketti bildiredi. Feyil tiykarli’ qospa feyillerde atawi’sh tiykarli’ qospa feyiller si’yaqli’ arnawli’ bet-san affikslerinin’ qi’sqa ha’m toli’q formalari’ menen betlenedi.

Feyil tiykarli’ qospa feyillerdin’ bet-san affikslerinin’ qi’sqa formalari’ menen betleniw paradigmasi’

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *ali’p bardi’m, ali’p keldim* | *ali’p bardi’q, ali’p keldik* |
| II bet: | *ali’p bardi’n’, ali’p keldin’* | *ali’p bardi’n’(ler), ali’p bardi’n’i’z(lar)* |
| III bet: | *ali’p bardi’, ali’p keldi* | *ali’p keldin’iz(ler), ali’p keldin’(ler)* |

Feyil tiykarli’ qospa feyillerdin’ bet-san affikslerinin’ toli’q formalari’ menen betleniw paradigmasi’.

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *ali’p baraman, ali’p kelemen* | *ali’p barami’z, ali’p kelemiz* |
| II bet: | *ali’p barasan’, ali’p kelesen’* | *ali’p barasi’z(lar) ali’p kelesiz (ler)* |
| III bet: | *ali’p baradi’, ali’p keledi* | *ali’p baradi’, ali’p keledi* |

Sonday-aq feyil tiykarli’ qospa feyillerde tilek meyildin’ I bet birlik ha’m ko’plik sanda *-ayi’n//-eyin, -ayi’q//-eyik* ha’m buyri’q meyildin’ III bet *-si’n/ -sin* affiksleri arqali’ betlik forma jasaladi’.

| | birlik | ko’plik |
|---|---|---|
| I bet: | *ali’p barayi’n, ali’p keleyin* | *ali’p barayi’q, ali’p keleyik* |
| III bet: | *ali’p barsi’n, ali’p kelsin* | *ali’p barsi’n, ali’p kelsin* |

Atawi’sh tiykarli’ qospa feyiller ha’m feyil tiykarli’ qospa feyiller sintetikali’q feyiller si’yaqli’ do’rendi atawi’sh feyil ha’m kelbetlik feyil formasi’nda kelip, tarti’m affiksleri arqali’ bet-sandi’ an’latadi’.

**Betleniw paradigmasi'**

| birlik | ko'plik |
|---|---|
| I bet: *tan' qalari'm, tan' qalg'ani'm, sati'p alari'm, sati'p alg'ani'm* | *tan' qalari'mi'z, tan' qalg'ani'mi'z, sati'p alari'mi'z, sati'p alg'ani'mi'z* |
| II bet: *tan' qalari'n', tan' qalg'ani'n', sati'p alari'n', sati'p alg'ani'n'* | *tan' qalari'n'i'z, tan' qalg'ani'n'i'z, sati'p alari'n'i'z, sati'p alg'ani'n'i'z* |
| III bet: *tan' qalari', tan' qalg'ani' sati'p alari', sati'p alg'ani'* | *tan' qalari', tan' qalg'ani', sati'p alari', sati'p alg'ani'* |

Atawi'sh tiykarli' ha'm feyil tiykarli' qospa feyillerdin' de tiykari' sintetikali'q feyiller si'yaqli' buyri'q meyildin' II bet birlik san formasi'nda qollani'li'p, *-i'n'(lar/-in'(ler), -n'(ler), -i'n'i'z(lar)/-in'iz(ler) –n'iz/ler* affikslerin qabi'llap, buyri'q meyildin' II bet ko'plik formasi'na wo'tedi.

Feyildin' analitikali'q formalari'n izertlew tu'rkiy tillerinde yerteden-aq baslang'an. 1950-60-ji'llari' bul ma'sele ayri'qsha qolg'a ali'ni'p woni'n' teoriyali'q ma'seleleri qarala basladi'.

Analitikali'q formalar haqqi'nda ilimde ha'r qi'yli' tarti'sli' pikirler boli'p keldi. Analitikali'q formalardi'n' grammatikani'n' qaysi' bo'liminde u'yreniliwi ma'selesinde de tilshi ali'mlarda yeki tu'rli pikir bar. Bul formalardi' E.D.Polivanov, V.A.Gordlevskiy, S.E.Malov, A.K.Borovkov, V.M.Nasilov, N.K.Dmitriev, A.N Kononov, E.V.Sevortyan, N.A.Baskakov ha'm tag'i' basqa tilshi ali'mlar grammatikani'n' morfologiya tarawi'nda u'yreniliwi kerek degen pikirdi aytsa, al O.Betlingk, V.V.Radlov, L.N.Xaritonov ha'm tag'i' basqa da tilshiler grammatikani'n' sintaksis tarawi'nda u'yreniliw za'ru'rligin ko'rsetedi.

A.A.Yuldashev analitikali'q formali' so'zlerdin' komponentleri arasi'nda hesh qanday sintaksislik qatnasi'qti'n' joq yekenin toli'q ma'nili so'zge ma'nilik ha'm formali'q jaqtan wo'zgeris kirgizedi yamasa woni'n' jan'a formasi'n jasaydi' dep ko'rsetedi. Sonli'qtan feyildin' analitikali'q formalari'n grammatikani'n' morfologiya tarawi'nda u'yrenilgeni maqul dep woylaymi'z. Til biliminde *so'zdin' analitikali'q formasi'* dep leksikali'q ma'nige iye so'z

benen ko'mekshi so'zler bir leksikali'q ma'ni beretug'i'n dizbegine ayti'ladi'. Analitikali'q formadag'i' so'zler kontekstte baylani's ha'm ha'r qi'yli' ekspressivlik-emocionalli'q ma'ni beriw xi'zmetin atqaradi'. Analitikali'q formalardi' ha'r ta'repleme izertlew son'g'i' waqi'tlari' g'ana wo'z ko'rinisin taba basladi'. Bug'an analitizm Hindevropa tilleri si'yaqli' analitikali'q tillerge g'ana qatnasli' degen teoriya sebepshi boli'p keldi.

A.A.Reformackiy tu'rkiy tillerdegi sintetikali'q so'zlerdin' grammatikali'q formalari'n an'sat ayi'ri'w mu'mkin yekenin aytadi'. Bul qubi'li's analitikali'q formadag'i' feyillerge de tiyisli. Mi'sali', *bari'p keldim – bar-i'p keldim*. N.Woralbaeva analitikali'q formadag'i' feyillerdin' ko'mekshi morfemani'n' sani'na qaray ha'm quri'li'si'na qaray ha'r tu'rli aspektte analiz jasaydi'. Ko'mekshi morfemalardi'n' sani'na qaray feyildin' bir morfemali', yeki morfemali', u'sh morfemali' ha'm to'rt morfemali' analitikali'q formantlari', al quri'li'si'na qaray feyildin' qurami'nda bir ko'mekshi so'zi bar ha'm qurami'nda yeki ko'mekshi so'zi bar analitikali'q formalari' dep bo'lip quraydi'. İ.Giganov feyildin' analitikali'q formalari'na ken' tu'rde toqtap wo'tip, wolardi' feyildin' affikslik formalari'ni'n' qurami'nda qaraydi'.

XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda tyurkologlar M.İvanov, G.Makarov ha'm A.Troyanskiyler de usi' ko'z-qarasta boldi'. XIX a'sirdin' wortalari'na kelip, O.Betlingk tu'rkiy tillerdegi feyildin' analitikali'q formalari'na basqasha ko'z-qarasta qarap, wolardi' kelbetlik feyil ha'm atawi'sh feyiller ha'm ko'mekshi feyillerden turatug'i'n qospa feyiller qurami'na kirgizedi. Tyurkologiyada son'g'i' izertlewlerde tiykarg'i' ha'm ko'mekshi feyillerden jasalg'an feyillerdi qospa feyillerden ayi'ri'p, analitikali'q formadag'i' feyiller dep qaraladi'. Qaraqalpaq til iliminde de feyildin' analitikali'q formalari' qospa feyildin' qurami'nda qarali'p keldi.

Son'g'i' izertlewlerde M.Da'wletov ha'm A.Bekbergenovlar ta'repinen so'z qosi'li'w usi'li' menen jasalg'an feyillerdi analitikali'q usi'l menen jasalg'an feyiller dep, woni'n' qurami'na atawi'sh tiykarli' qospa feyiller feyil

tiykarli' qospa feyiller ha'm analitikali'q formadag'i' feyillerdi kirgizedi. Qaraqalpaq tilinde qospa feyiller menen analitikali'q formadag'i' feyiller arasi'na shegara qoyadi'. Analitikali'q feyiller, tiykari'nan, *yedi, yeken* ha'm *yemes* ko'mekshi funkcional feyiller arqali' jasaladi'. Feyildin' bul tu'rinin' tek qaraqalpaq tilinde yemes, al uli'wma tu'rkiy tillerde tek g'ana bir tu'birden *(er-e)* payda bolg'ani' belgili. Ko'mekshi funkcional feyillerdin' bul toli'qsi'z formalari' *erdi –e(r) –di/ –yedi, erkan –e(r)kan-yeken, ermish –e(r)mish-yemes* formalari'nda rawajlani'p qa'lipesken. Uli'wma tu'rkiy til iliminde buri'n bunday toli'qsi'z feyiller qospa feyil jasawshi' elementler xi'zmetin atqaradi' dep sanali'p, qospa feyillerdin' bir si'n'ari' si'pati'nda qarali'p keldi. Son' A.N.Kononov, M.Z.Zakiev ha'm tag'i' basqa tilshi ali'mlar ta'repinen bul toli'qsi'z feyillerdin' qospa so'z jasawshi' element yemes yekeni, olardi'n' modalli'q ma'seleleri u'yrenilip, analitikali'q formadag'i' feyiller jasawshi' elementler yekeni ayti'lg'an. Bul ko'mekshi funkcional feyiller jeke hali'nda turi'p, ha'reketlik ma'ni an'latpaydi'. Wolar ma'nili feyillerge tirkeliwi arqali' ha'reketti an'lati'wshi' analitikali'q formadag'i' feyillerdi jasaydi'. *Yedi* ko'mekshi funkcional feyili *–i'p/-ip, -p, -g'anday/ -gendey, -i'wda//-iwde, -maqt-mekte, -ar/er/-r, -tug'i'n, -mas/-mes, (a/e)+jaq, -(i'/i)+wshi'/+iwshi, -maqshi'/-mekshi* betlik yemes feyilleri ha'm *–sa/-se* sha'rt meyil formalari' dizbeklesip, analitikali'q formadag'i' feyillerdi jasaydi'. *Yedi* ko'mekshi funkcional feyili menen jasalg'an analitikali'q formadag'i' feyiller yekinshi komponentine bet-san affikslerinin' qi'sqa formalari'n qabi'llaw joli' menen tu'rlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *aytqan yedim* | *aytqan yedik* |
| II bet: | *aytqan yedin'* | *aytqan yedin'iz/ler* |
| III bet: | *aytqan yedi* | *aytqan yedi.* |

Feyildin' analitikali'q formalari'ni'n' bul tu'ri ayi'ri'm jag'daylarda birinshi komponentine tarti'm affikslerin qabi'llaw arqali' da tu'rlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *aytqani'm yedi* | *aytqani'mi'z yedi* |
| II bet: | *aytqani'n' yedi* | *aytqani'n'i'z yedi* |
| III bet: | *aytqani' yedi* | *aytqani' yedi* |

Sha'rt meyildin' *–sa/-se* formasi' menen yedi ko'mekshi funkcional feyilinen jasalg'an analitikali'q formadag'i' feyiller birinshi komponentine bet-san affikslerinin' qi'sqa varianti'n qabi'llaw arqali' betlenedi:

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barsam yedi* | *barsaq yedi* |
| II bet: | *barsan' yedi* | *barsan'i'z/lar yedi* |
| III bet: | *barsa yedi* | *barsa yedi.* |

Awi'zeki so'ylew tilinde, ayi'ri'm waqi'tlarda ko'rkem a'debiyatlarda I ha'm II betlerde bet-san affikslerinin' qi'sqa varianti' jalg'ani'w jag'daylari' da gezlesedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *ayti'p yedim, ayti'py edik* | *ayti'p yem, ayti'p yek* |
| II bet: | *ayti'p yedin', ayti'p yedin'iz* | *ayti'p yen', ayti'p yen'iz* |

Betlik yemes feyillerdin' *-g'an/-gen, -ar/-er, -r, -(a/e)+jaq, -mas-/mes, maqshi'/-mekshi* sha'rt meyildi *-sa/-se* ani'qli'q meyildin' wo'tken ma'ha'l *–di'/-di* formalari'na ha'm ha'zirgi ma'ha'l jasawshi' *woti'r tur, ju'r, jati'r* ha'm tag'i' basqa ko'mekshi ha'm ma'nili feyillerge *yeken* ko'mekshi funkcional feyili dizbeklesip, feyildin' analitikali'q formasi'n jasaydi'. Bul formadag'i' feyiller yekinshi komponentine bet-san affikslerinin' toli'q formalari' jalg'ani'wi' arqali' betlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'an yekenmen* | *barg'an yekenbiz* |
| II bet: | *barg'an yekensen'* | *barg'an yekensiz* |
| III bet: | *barg'an yeken* | *barg'an yeken* |

Analitikali'q formalardag'i' feyillerdin' bul tu'ri ayi'ri'm jag'daylarda wolardi'n' birinshi komponenti tarti'mlani'w arqali' da betlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'ani'm yeken* | *barg'ani'mi'z yeken* |
| II bet: | *barg'ani'n' yeken* | *barg'ani'n'i'z yeken* |
| III bet: | *barg'ani' yeken* | *barg'an yeken* |

Sha'rt meyildin' *–sa/-se* formasi'ni'n' *yeken* ko'mekshi funkcional feyili menen jasalg'an *an* formasi'ndag'i' feyiller birinshi komponentine bet-san affiksinin' qi'sqa formasi' dizbeklesiw arqali' betlene aladi'.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barsam yeken* | *barsaq yeken* |
| II bet: | *barsan' yeken* | *barsan'i'z yeken* |
| III bet: | *barsa yeken* | *barsa yeken* |

*Yeken* ko'mekshi funkcional feyili menen jasalg'an *an* formali' feyiller aldi'na soraw almasi'g'i' yamasa yeki komponenttin' ortasi'na soraw janapayi' qosi'li'p, birinshi komponenti bet-san affikslerinin' qi'sqa formalari' arqali' betlene aladi'.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *ne qi'ldi'm yeken, bardi'm ba yeken* | *ne qi'ldi'q yeken, bardi'q pa yeken* |
| II bet: | *ne qi'ldi'n' yeken, bardi'n' ba yeken* | *ne qi'ldi'n'i'z(lar) yeken,*<br>*bardi'n'i'z(lar)ma yeken* |
| III bet: | *ne qi'ldi' eken, bardi' ma eken* | *ne qi'ldi' yeken, bardi' ma yeken* |

*Yemes* ko'mekshi funkcional feyili –g'an//-gen, -tug'i'n *-(a/e) -jaq, -ar/-er, r* formali' betlik yemes feyillerge dizbeklesip, boli'msi'zli'q, biykarlawshi'li'q ma'nidegi analitikali'q formali' feyillerdi jasaydi'. Bunday

analitikali'q formadag'i' feyiller yekinshi komponentine bet-san affikslerinin' toli'q formalari'n qabi'llaw arqali' betlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *aytqan yemespen* | *aytqan yemespiz* |
| II bet: | *aytqan yemessen'* | *aytqan yemessiz* |
| III bet: | *aytqan yemes* | *aytqan yemes* |

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde *de* feyili de ko'binshe wo'zinin' da'slepki leksikali'q ma'nisin wo'zgertip, ko'mekshi so'z wazi'ypasi'nda keledi. Bul feyil *dedi, dey, dep, degen, degendey, degenshe, deytug'i'n, der, demes, dewshi, dese, des* formalari'n da wo'zgerip, ko'binshe tilek meyildin' *(-a/-e)+yi'n/+yin -(a/-e)-yi'q/-yik* formalari' menen dizbeklesip, analitikali'q formadag'i' feyillerdi jasaydi'.

Bul feyildin' *dedi, dese* formalari' dizbeklesiw arqali' jasalg'an. Analitikali'q formadag'i' feyiller bet-san affikslerinin' qi'sqa formalari' arqali' betlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *ji'g'i'layi'n dedim* | *ji'g'i'layi'q dedik* |
| II bet: | *ji'g'i'layi'n dedin'* | *ji'g'i'layi'n dedin'iz* |
| III bet: | *ji'g'i'layi'n dedi* | *ji'g'i'layi'n dedi* |

Al basqa formalardi'n' dizbeklesiwi arqali' jasalg'an analitikali'q formadag'i' feyiller bet-san affikslerinin' toli'q formalari' arqali' betlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *ji'g'i'layi'n deppen,*<br>*barayi'n deymen* | *ji'g'i'layi'n deppiz,*<br>*barayi'n deymen* |
| II bet: | *ji'g'i'layi'n depsen',*<br>*barayi'n deysen'* | *ji'g'i'layi'q deysiz(ler),*<br>*barayi'q deysiz(ler)* |
| III bet: | *ji'g'i'layi'n depti,*<br>*barayi'n deydi* | *ji'g'i'layi'n depti,*<br>*barayi'n deydi* |

Ayi’ri’m jag’daylarda bul formani’n’ I bet ko’plik sanda birinshi komponenti de ko’plik formasi’nda qollani’li’wi’ mu’mkin. Mi’sali’, *ji’g’i’layi’q deppiz, barayi’q deymiz.* Ayi’ri’m jag’daylarda bunday analitikali’q formadag’i’ feyillerge basqa ma’nili feyiller yamasa ko’mekshi funkcional feyiller dizbeklesip, wolarg’a bet-san affiksleri qosi’lg’an komponentke qosi’li’p, bet-san ma’nisi an’lati’li’p keledi.

| | **birlik** | **ko’plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barayi’n dep ati’rman,*<br>*aytayi’n degen yedim* | *barayi’n dep ati’rmi’z,*<br>*aytayi’n degen yedim* |
| II bet: | *barayi’n dep ati’rsan’,*<br>*aytayi’n degen yedin’* | *barayi’n dep ati’rsi’z(lar),*<br>*aytayi’n degen yedin’iz(ler)* |
| III bet: | *barayi’n dep ati’r,*<br>*aytayi’n degen yedi* | *barayi’n dep ati’r,*<br>*aytayi’n degen yedi* |

Qaraqalpaq tilinde ha’m basqa da tu’rkiy tillerde bir de ma’nili, bir de ko’mekshi feyil xi’zmetinde qollani’li’p ju’rgen (*woti’r, tur, ju’r* t.b.) feyiller bar. Wolar jeke hali’nda da, analitikali’q usi’l menen jasalg’an so’zler qurami’nda da ga’ II bet, ga’ III betke tiyisli qollani’ladi’. Yeger buyri’q ma’nisinde kelse, II betke, al ha’zirgi ma’ha’l formasi’nda kelse, III betke tiyisli boladi’.

*Woti’r, ju’r, tur, ati’r* ko’mekshi feyillerinen jasalg’an analitikali’q formasi’ndag’i’ feyil sol tiykar formasi’nda ha’m kelbetlik feyildin’, hal feyildin’ formalari’n qabi’llap, bet-san affikslerinin’ toli’q formalari’ menen betlene aladi’.

| | **birlik** | **ko’plik** |
|---|---|---|
| I bet: | w*oqi’p ati’rman,*<br>*mu’lgip turman,*<br>*islep ju’rmen* | *woqi’p ati’ri’ppan,*<br>*mu’lgip turi’ppan,*<br>*islep ju’rippen,* |
| II bet: | w*oqi’p ati’rsan’*<br>*mu’lgip tursan’*<br>*islep ju’rsen’* | *woqi’p ati’ri’psan’,*<br>*mu’lgip turi’psan’,*<br>*islep ju’ripsen’,* |

| | | |
|---|---|---|
| III bet: | w*oqi'p ati'r* | *woqi'p ati'ri'pti',* |
| | *mu'lgip tur* | *mu'lgip ju'ripti,* |
| | *islep ju'r* | *islep ju'ripti,* |

Bunday ko'mekshi feyillerden jasalg'an analitikali'q formadag'i' feyiller wo'tken ma'ha'ldin' *-di'/-di, -ti'/-ti*, sha'rt meyildin' *-sa/-se* affiksleri qabi'llap do'rendi formasi'nda bet-san affikslerinnin' qi'sqa formalari' menen betlenedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *woynap ju'rdim,* | *woynap ju'rdik,* |
| | *woynap ju'rsem* | *woynap ju'rsek* |
| II bet: | *woynap ju'rdin',* | *woynap ju'rdin'iz(ler),* |
| | *woynap ju'rsen'* | *woynap ju'rsen'iz(ler)* |
| III bet: | *woynap ju'rdi,* | *woynap ju'rdi,* |
| | *woynap ju'rse* | *woynap ju'rse* |

Tilek meyildin' *-g'i'/-gi, -qi'/-ki* formali' atawi'sh feyiller menen *kel* ko'mekshi feyilinen jasalg'an analitikali'q formasi' birinshi komponentine tarti'm affikslerin qabi'llaw arqali' bet-san ma'nisin an'lati'p keledi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *aytqi'm keledi,* | *aytqi'mi'z keledi,* |
| | *jazg'i'm keledi* | *jazg'i'mi'z keledi* |
| II bet: | *aytqi'n' keledi,* | *aytqi'n'i'z keledi,* |
| | *jazg'i'n' keledi* | *jazg'i'n'i'z keledi* |
| III bet: | *aytqi'si' keledi,* | *aytqi'si' keledi,* |
| | *jazg'i'si' keledi* | *jazg'i'si' keledi* |

Sonday-aq ko'mekshi feyillerden jasalg'an analitikali'q formali' feyiller tilek meyildin' I bet *-ayi'n/-eyin, -ayi'q/-eyik*, buyri'q meyildin' III bet *-si'n/-sin* affiksleri menen tu'rlene aladi'.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *woqi'p ju'reyin,* | *woqi'p ju'reyik,* |
| | *ayti'p ju'reyin* | *ayti'p ju'reyik* |
| III bet: | *woqi'p ju'rsin,* | *woqi'p ju'rsin,* |
| | *ayti'p ju'rsin* | *ayti'p ju'rsin* |

*Qusaydi', qusadi'* feyili de o'zinin' leksikali'q ma'nisin joyti'p, ko'mekshi feyil xi'zmetine wo'tip, kelbetlik feyildin' *–g'an/-gen, -tug'i'n* formalari' menen dizbeklesip, analitikali'q formadag'i' feyillerdi jasaydi'. Analitikali'q formadag'i' feyildin' bul tu'ri yekinshi komponentine bet-san affikslerinin' toli'q ha'm qi'sqa formasi'n jalg'aw arqali' da betlene aladi'.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'an qusayman,* | *barg'an qusaymi'z,* |
| | *barg'an qusadi'm* | *barg'an qusadi'q* |
| II bet: | *barg'an qusaysan',* | *barg'an qusaysi'z(lar),* |
| | *barg'an qusadi'n'* | *barg'an qusadi'n'z(lar)* |
| III bet: | *barg'an qusaydi',* | *barg'an qusaydi',* |
| | *barg'an qusadi'* | *barg'an qusadi'* |

Sonday-aq analitikali'q formadag'i' bul feyiller de tilek meyildin' I bet *-ayi'n/-eyin, -ayi'q/-eyik,* buyri'q meyildin' III bet *-si'n/-sin* affiksleri menen tu'rlene aladi'.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *bilgen qusayi'n* | *bilgen qusayi'q* |
| III bet: | *bilgen qusasi'n* | *bilgen qusasi'n* |

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde *bar, joq* so'zleri menen dizbeklesip kelgen analitikali'q feyiller birinshi komponenti tarti'mlani'w arqali' betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'ani'm bar,* | *barg'ani'mi'z bar,* |
| | *barg'ani'm joq* | *barg'ani'mi'z joq* |
| II bet: | *barg'ani'n' bar,* | *barg'ani'n'i'z bar,* |
| | *barg'ani'n' joq* | *barg'ani'n'i'z joq* |
| III bet: | *barg'ani' bar,* | *barg'ani' bar,* |
| | *barg'ani' joq* | *barg'ani' joq* |

Betleniw paradigmasi'nan ko'rip turg'ani'mi'zday, *bar* so'zi menen dizbeklesip kelgen analitikali'q feyiller u'sh bette de tarti'm affikslerin qabi'llap

betlense, *joq* so'zi menen dizbeklesip kelgen analitikali'q feyiller I ha'm II betlerde tarti'm affikslerin qabi'llap, al III bette tarti'm affiksin qabi'llamay-aq betlenedi. Mi'sallar, 1) Yekewimiz bir sestran'i'zdi' su'yip qali'p uri'sqani'mi'z bar. (İ.Yusupov). 2) Sizler yele dem alg'ani'n'i'z joq, sharshap qalarsi'z. (A.Reymov). 3) Men wolardi' miyrimsizlikte, si'rg'i'lli'qta ya hu'jdansi'zli'qta ayi'plap woti'rg'ani'm joq. (D.Yesebaev). 4) Bir basi'na u'sh qati'n ali'p, mali'm ko'p dep yesirgeni bar (İ.Yusupov). 5). Ku'shim bar. Aqi'li'm da wortaqlasqan joq. (T.Qayi'pbergenov).

Sonday-aq *joq* so'zi menen dizbeklesip kelgen analitikali'q formadag'i' feyiller yekinshi komponentine bet-san affikslerinin' toli'q varianti' jalg'ani'p ta betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *barg'an joqpan* | *barg'an joqpi'z* |
| II bet: | *barg'an joqsan'* | *barg'an joqsi'z* |
| III bet: | *barg'an joq* | *barg'an joq* |

Sonday-aq analitikali'q formadag'i' feyiller ma'nili feyil menen, *da'rkar, lazi'm, tiyis, kerek, za'ru'r* ha'm tag'i' basqa modal so'zlerinin' dizbeklesiwinen de jasaladi'. Bul jag'dayda modal so'zler atawi'sh feyillerge tirkelip, predikativ yemes baylani'stag'i' dizbekti payda yetedi. Modal so'zler wo'zgerissiz qali'p, atawi'sh feyillerge tarti'm affikslerdin' jalg'ani'wi' keler ma'ha'ldegi betlik formalardi' payda yetedi.

**Betleniw paradigmasi'**

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *bari'wi'm kerek,*<br>*bari'wi'm za'ru'r* | *bari'wi'mi'z kerek,*<br>*bari'wi'mi'z za'ru'r* |
| II bet: | *bari'wi'n' kerek,*<br>*bari'wi'n' za'ru'r* | *bari'wi'n'i'z kerek,*<br>*bari'wi'n'i'z za'ru'r* |
| III bet: | *bari'wi' kerek,*<br>*bari'wi' za'ru'r* | *bari'wi' kerek,*<br>*bari'wi' za'ru'r* |

## Feyil ma’nisindegi frazeologizmlerdin’ betleniwi

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ qurami’nda jeke so’zler menen qatar, jeke so’zlerdey pu’tin bir ma’ni an’lati’wshi’ bir neshe so’zler dizbeginen quralg’an, formasi’ jag’i’nan turaqli’ si’patqa iye so’z dizbekleri – frazeologizmler u’lken wori’n tutadi’.

Leksika – grammatikali’q jaqtan frazeologizmler aji’ralmasli’g’i’, pu’tinligi, turaqli’li’g’i’, ko’binese bir so’zlik si’pati’nda qollani’li’wi’ wolardi’ jeke so’zler xi’zmetinde belgili bir so’z shaqabi’na qatnasli’ jobag’a qarawg’a da mu’mkinshilik beredi.

Tilimizde is-ha’rekettin’ ti’n’lawshi’g’a ekspressiv-emocionalli’q ma’nisin ku’sheytip beriw maqsetinde feyil ma’nisindegi frazeologizmler ju’da’ jiyi qollani’ladi’. Mi’sallar:

1. Qi’zi’ ushi’n ku’yip-pisip woti’rg’an mashi’nshi’ni’n’ a’bden g’i’ji’rdani’ qaynadi’ (T.Qayi’pbergenov).

2. Qulaq sali’n’ jer aspan
   Negis ma’nzil jol ashqan (A’.Wo’tepbergenov)

3. Negedur yosh kelmes shetkeri ketsem,
   shi’nar sayasi’nda qi’yallar su’rsem (İ.Yusupov)

Awa da’, abi’si’n, kete radam ketti-du’nyadan. (Q.Worazi’mbetov).

Bul keltirilgen mi’sallardag’i’ *ku’yip-pisip, g’i’ji’rdani’ qaynadi’, qulaq sali’n’, yosh kelmes, qi’yallar su’rsem, ketti du’nyadan* frazeologizmleri feyil ma’nisinde qollani’li’p kelgen.

Professor E.M.Galkina-Fedoruk til biliminde frazeologiyali’q so’z dizbekleri, turaqli’ so’z dizbekleri, idiomali’q so’zler, leksikali’q so’z dizbekleri idiomalar, frazemalar usag’an tu’rlishe terminlerdin’ qollani’li’wi’ izertlewde qi’yi’nli’q tuwdi’ri’p kiyati’rg’ani’n aytadi’. Frazeologiyali’q so’z dizbeklerinin’ ma’nisin toli’q ashi’p beriwde tek leksikologiyali’q jaqtan izertlew jetkiliksiz. Wo’ytkeni frazeologiyali’q so’z dizbekleri tilimizde

leksikali'q bir ma'nide jumsalg'anli'qtan, wolar qanday da bir so'z shaqabi' xi'zmetin atqari'p, kontekstte bir ga'p ag'zasi' si'pati'nda qollani'ladi'. Sonli'qtan frazeologiyali'q so'z dizbeklerinin' qanday so'z shaqaplari'nan jasalatug'i'ni'n teren'irek u'yreniw za'ru'r. Son'g'i' da'wirlerdegi bul tarawdag'i' izertlew jumi'slari' ko'binese frazeologizmlerdi funkcional-sinxroniyali'q jobada u'yreniwge qarati'lg'an. Frazeologiyali'q so'z dizbekleri tilimizde feyil so'z ma'nisinde kelip, kontekstte subekt penen predikativlik qatnasqa tu'sedi. Feyil ma'nisindegi frazeologizmler a'piwayi' feyiller si'yaqli' bet-san affiksleri menen belgilenip, is-ha'rekettin' qaysi' bettegi subektke tiyisli yekenin an'lati'p keledi. Wolardi'n' betlik formalari' birlik sanda *men, sen, wol,* ko'plik sanda *bizler, sizler, wolar* si'yaqli' u'sh bettegi betlew almasi'qlari'na qatnasli' ayti'ladi' ha'm wolar menen kordinaciyali'q baylani'sqa tu'sedi.

| | **birlik** | **ko'plik** |
|---|---|---|
| I bet: | *men sabi'r yettim* | *bizler sabi'r yettik* |
| II bet: | *sen sabi'r yettin'* | *sizler sabi'r yettin'iz* |
| III bet: | *wol sabi'r yetti* | *wolar sabi'r yetti* |

Feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' son'g'i' komponenti hal feyildin' *-a/-e, -y, -i'p/-ip, -p,* kelbetlik feyildin' *-g'an/-gen, -qan/-ken, -tug'i'n, -ar/-er, -r, -a, -e, y+jaq, -maqshi'/-mekshi, -paqshi'/-pekshi, -baqshi'/-bekshi,* atawi'sh feyildin' wori'n sepligindegi *–i'w/-iw, -w, -maq/-mek, -paq/-pek, -baq/-bek,* tilek meyildin' *–g'ay/-gey, -qay/-key* formalari'na, ha'zirgi ma'ha'l jasawshi' *woti'r, ati'r, tur, ju'r, jati'r* ha'm tag'i' basqa ko'mekshi so'zlerge toli'qsi'z feyildin' *yeken, yemes* formalari'na, boli'msi'z ma'ni beriwshi *joq* so'zine pitse, bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' I bette *–man/-men, -pan/-pen, -mi'z/-miz, -pi'z/-piz, -bi'z/-biz,* II bette *–san'/-sen', san'(lar)/-sen'(ler), si'z(lar)/-siz(leer),* III bette *-di'/-di, -ti'/-ti* formalari' menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

**birlik sanda**

I bet: *sawapqa qalaman, sawapqa qali'ppan, sawapqa qalg'anman*

II bet: *sawapqa qalasan', sawapqa qali'psan', sawapqa qalg'ansan'*

III bet: *sawapqa qaladi', sawapqa qali'pti', sawapqa qalg'an*

**ko'plik sanda**

I bet: *sawapqa qalami'z, sawapqa qali'ppi'z, sawapqa qalg'anbi'z*

II bet: *sawapqa qalasi'z(lar), sawapqa qali'psi'z(lar), sawapqa qalg'ansi'z(lar)*

III bet: *sawapqa qaladi', sawapqa qali'pti', sawapqa qalg'an*

Sonday-aq feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' son'g'i' komponenti ani'q wo'tken ma'ha'ldin' *–di'/-di, -ti'/-ti,* sha'rt meyildin' *–sa/-se* formalari'na, wo'tken ma'ha'l jasawshi' *yedi* toli'qsi'z feyili menen dizbeklesken analitikali'q formalari'na pitse, bet-san affikslerinin' qi'sqa varianti'ni'n' I bette *-m, -q/-k,* II-bette nol formalari' menen betlenedi.

**Betleniw paradigmasi'**

**birlik**

I bet: *sawapqa qaldi'm, sawapqa qalsam, sawapqa qalg'an yedim*

II bet: *sawapqa qaldi'n', sawapqa qalsan', sawapqa qalg'an yedin'*

III bet: *sawapqa qaldi', sawapqa qalsa, sawapqa qalg'an yedi*

**ko'plik sanda**

I bet: *sawapqa qaldi'q, sawapqa qalsaq, sawapqa qalg'an yedik*

II bet: *sawapqa qaldi'n'i'z(lar), sawapqa qalsan'i'z(lar), sawapqa qalg'an yedin'iz(ler)*

III bet: *sawapqa qaldi', sawapqa qalsa, sawapqa qalg'an yedi*

Feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' bet-san affikslerinin' toli'q ha'm qi'sqa variantlari'nan ti'sqari' buyri'q meyildin' III bet *-si'n/ -sin,* tilek meyildin' I bet *–(a/e)+yi'n/yin, -(a/e)+yi'q/+yik* formalari' menen de betlenedi.

| birlik | ko'plik |
|---|---|
| III bet: *sawapqa qalsi'n* | *sawapqa qalsi'n* |
| I bet: *sawapqa qalayi'n* | *sawapqa qalayi'q* |

Feyildin' ma'nisindegi frazeologizmler bet-san affikslerinin' arnawli' formalari'nan ti'sqari' son'g'i' komponenti feyildin' betlik yemes formasi'nda kelip, tarti'm affikslerin qabi'llaw arqali' da is-ha'rekettin' qaysi' bettegi, sandag'i' subektke tiyisli yekenin ani'qlap keledi.

**Betleniw paradigmasi'**

| birlik | ko'plik |
|---|---|
| I bet: *sawapqa qalg'ani'm* | *sawapqa qalg'ani'mi'z* |
| II bet: *sawapqa qalg'ani'n'* | *sawapqa qalg'ani'n'i'z* |
| III bet: *sawapqa qalg'ani'* | *sawapqa qalg'ani'* |

Biz joqari'da a'piwayi' feyiller qalay betlense, feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' de solay betlenetug'i'ni'n ko'rdik. Bizler bunnan feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' betleniwi a'piwayi' feyillerdin' betleniwi menen birdey degen juwmaq shi'g'ari'wg'a bolmaydi'. Sebebi feyil ma'nisindegi frazeologizmler bet-sandi' an'lati'wda wo'zine ta'n wo'zgesheliklerge iye. Frazeologizmnin' son'g'i' komponenti III bet formasi'nda turi'p, qurami'ndag'i' basqa komponentin tarti'mlaw arqali' is-ha'rekettin' qaysi' bettegi, sandag'i' subektke tiyisli yekenin ani'qlawg'a boladi'.

**Betleniw paradigmasi'**

**birlik**

I bet: *to'be shashi'm tik turdi', ji'li'mi'm maylandi', sali'm suwg'a ketti*

II bet: *to'be shashi'n' tik turdi', ji'li'mi'n' maylandi', sali'n' suwg'a ketti*

III bet: *to'be shashi' tik turdi', ji'li'mi' maylandi', sali'si' suwg'a ketti*

**ko'plik**

I bet: *to'be shashi'mi'z tik turdi', ji'li'mi'mi'z maylandi', sali'mi'z suwg'a ketti*

II bet: *to'be shashi'n'i'z tik turdi', ji'li'mi'n'i'z maylandi', sali'n'i'z suwg'a ketti*

III bet: *to'be shashlari' tik turdi', ji'li'mlari' maylandi', sali'lari' suwg'a ketti*

Bul keltirilgen mi'sallardag'i' frazeologizmlerdin' barli'g'i'ni'n' son'g'i' komponenti III bet formasi'nda kelip, basqa komponentlerge tarti'mlani'w arqali' is-ha'rekettin' qaysi' betke, sang'a tiyisli yekeni bildirilgen.

Ayi'ri'm jag'daylarda feyil ma'nisindegi frazeologizmlerdin' bir komponentinin' tarti'mlani'wi' menen qosa son'g'i' komponenti arnawli' bet-san affikslerin qabi'llaw arqali' betlenedi.

**birlik sanda**

I bet: *ju'regimdi basti'm, ko'z aldi'ma keltirdim, qanama si'ymadi'm*

II bet: *ju'regin'di basti'n', ko'z aldi'n'a keltirdin', qan'ama si'ymadi'n'*

III bet: *ju'regin basti', ko'z aldi'na keltirdi, qanasi'na si'ymadi'*

**ko'plik sanda**

I bet: *ju'regimizdi basti'q, ko'z aldi'mi'zg'a keltirdik, qanami'zg'a si'ymadi'q*

II bet: *ju'regin'izdi basti'n'i'z(lar), ko'z aldi'n'i'zg'a keltirdin'iz(ler)*
*qanan'i'zg'a si'ymadi'n'i'z(lar)*

III bet: *ju'regin basti', ko'z aldi'na keltirdi, qanasi'na si'ymadi'.*

Keltirilgen mi'saldag'i' feyil ma'nisindegi frazeologizmler bir komponenttin' tarti'mlani'wi' ha'm son'g'i' komponentinin' arnawli' bet-san affikslerin qabi'llawi' arqali' is-ha'rekettin' qaysi' bettegi, sandag'i' subektke tiyisli yekeni ani'qlani'p turi'pti'. A'debiy tildin' qurami'nda betlik yemes feyiller tu'rindegi frazeologizmler de ushi'rasadi'. Bul ta'qilettegi frazeologizmlerdin' qaysi' bettegi, sandag'i' subektke tiyisli yekenin kontekstte analitikali'q usi'l arqali' ani'qlawg'a boladi'. Mi'sali': 1. An'li'g'an jaw almay qoymaydi' degen, a'ytewir sol uri'sta *qolayi'n ali'p* hesh kimge bildirmey joldasi'mdi' haq jelkeden *atti'm.* (A.A'bdiev).

2. Balalardi’n’ saqqi’zi’nday *sozi’p* ga’pti awi’ldi’n’ arjag’i’nan *aylandi’rdi’n’* g’oy (A.A’bdiev).

Bul keltirlgen mi’sallardag’i’ *qolayi’n ali’p, saqqi’zi’nday sozi’p* feyil ma’nisindegi frazeologizmler formali’q jaqtan betlik yemes hal feyil formasi’nda turg’ani’ menen birinshi mi’salda *atti’m* so’zi arqali’ I bet birlik sang’a, yekinshi mi’salda *aylandi’rdi’n’* so’zi arqali’ II bet birlik sang’a tiyisli yekeni analitikali’q usi’lda ani’qlani’p tur. Qaraqalpaq tilinde tek atawi’sh so’zlerden du’zilgen frazeologizmlerdin’ de feyil xi’zmetin atqaratug’i’nlari’ bar. Mi’sali’: Qulag’i’n’a alti’n si’rg’a-«ti’n’la». Qulag’i’m sende «ti’n’layman». Awzi’n’a qum-«so’ylemesin».

Demek bunday feyil ma’nisinde kelgen frazeologizmler de sha’rtli tu’rde bet-san formalari’na iye boladi’. Joqari’da keltirilgen mi’sali’mi’zdag’i’ *qulag’i’n’a alti’n si’rg’a* -

II bet birlik sang’a *qulag’i’m sende*

I bet birlik sang’a *awzi’n’a qum*

III bet birlik sang’a tiyisli is-ha’reket. Atawi’sh so’zlerden du’zilgen feyil ma’nisindegi frazeologizmler I ha’m II betlerde tarti’m affiksinin’ sheriklik formasi’n qabi’llaw arqali’ ko’plikke tiyisli is-ha’reket formasi’na wo’te aladi’.

Qulag’i’m sende-qulag’i’mi’z sende – «ti’n’laymi’z», awzi’n’a qum – awzi’n’i’zg’a qum – «so’ylemen’». *Qulag’i’n’a alti’n si’rg’a-qulag’i’n’i’zg’a alti’n si’rg’a*-«ti’n’lan’ yesten shi’g’arman’».

Sonday-aq atawi’sh so’zlerden du’zilgen feyil xi’zmetindegi frazeologizmler I ha’m II betlerde atli’qti’n’ *-lar/-ler* ko’plik affikslerin qabi’llaw arqali’ da ko’plikke tiyisli is-ha’reketti bildiriwi mu’mkin: *qulag’i’m sende- qulaqlari’mi’z sende, awzi’n’a qum-awi’zlari’n’i’zg’a qum, qulag’i’n’a alti’n si’rg’a-qulaqlari’n’i’zg’a alti’n si’rg’a*.

Klassik shayi’rlardi’n’ do’retpelerinen ha’m folklorli’q shi’g’armalardi’ yesapqa alg’anda, ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde a’piwayi’ feyillerdin’ III beti birlik ha’m ko’plik sanlarda birdey formag’a iye boladi’. Al feyil

xi’zmetindegi frazeologizmler III bette qurami’ndag’i’ bir komponentine atli’qti’n’ *–lar/-ler* ko’plik affiksin qabi’llaw arqali’ ko’plik forma jasay aladi’.

*Kewlin ko’terdi-kewillerin ko’terdi, ko’z aldi’na keltirdi-ko’z aldi’lari’na keltirdi. Qulag’i’n’a alti’n si’rg’a –qulaqlari’na alti’n si’rg’a. Muradi’na jetti-muradlari’na jetti.*

Joqari’da ko’rip wo’tkenimizdey feyil ma’nisindegi frazeologizmlerdin’ betleniwi wo’zine ta’n ayri’qshali’qlarg’a iye.

## III bap. Qaraqalpaq tilindegi feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ stillik qollani’li’wi’

Adam so’ylew procesinde bir pikirdi tu’sindiriw ushi’n ha’mme waqi’tta bir qi’yli’ so’z birliklerinen ha’m birdey yetip paydalanbaydi’, ha’r kim wo’zinshe, awi’zeki ha’m jazba stilde ha’r tu’rli so’z birliklerinen paydalani’p wo’z pikirin ti’n’lawshi’g’a jetkeredi. Ekspressivlik awi’zeki so’ylew tilinde dawi’s tolqi’ni’, ha’reket ha’m bet-pishimi arqali’ ku’sheyttirilip, jumsarti’li’p beriliwi mu’mkin. Al jazba tilde wol basqa so’zler, so’zlerdin’ wori’n ta’rtibi, intonaciya ha’m tag’i’ basqa qubi’li’slar arqali’ ku’sheytirilip, obrazli’, ko’rkem yetip beriliwi mu’mkin. Sanli’qtan ha’r bir grammatikali’q forma tilde ekspressivlikke ha’m ha’r qi’yli’ ren’klerge iye boli’wi’ mu’mkin. Bul jerde, tiykari’nan, so’ylewshinin’ psixofiziologiyali’q jag’dayi’ ha’m modalli’q qatnasi’, sheshiwshi rol woynaydi’.

Til bilimlerinin’ stillik qollani’li’wi’n ha’r qi’yli’ aspektte izertlew yen’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri. Til stillerin izertlew, woni’n’ ani’q izertlew obektinin’ shegarasi’n belgilew yele toli’q wo’z sheshimin taba almay, tilshi ali’mlar arasi’nda ha’r qi’yli’ ko’z-qaraslardi’ payda yetip kelmekte.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ so’zlik qurami’nda feyiller jiyi ha’m ha’r qi’yli’ formalarda qollani’lg’anli’qtan, bet-san formalari’ni’n’ bildiriliwi ha’m wolardi’n’ tilimizde xi’zmet yetiwinin’ stillik wo’zgeshelikleri arnawli’ izertlewlerdi talap yetetug’i’n ma’selelerdin’ biri boli’p yesaplanadi’. Ko’rkem a’debiyatta zaman koloritin, dialektlik wo’zgesheliklerdi, so’ylewshinin’ emociyasi’n, intellektualli’g’i’n psixofiziologiyali’q halati’n, kontekstke ekspressivlik, modalli’q qatnasi’n ashi’p beriw, ko’rkemlikti ku’sheytiw maqsetinde a’debiy tildin’ normalari’nan sheginiw jag’daylari’ni’n’ gezlesiwi ta’biyiy qubi’li’s. Bul jag’day feyildin’ bet-san formalari’nda da wo’z ko’rinisin

tabadi’. Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ stillik qollani’li’wi’n ashi’p ko’rsetiw ha’zirgi qaraqalpaq til iliminde teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyetke iye.

Til birlikleri soni’n’ ishinde feyillerdin’ so’ylew jag’dayi’na, wortali’qqa ha’m tag’i’ basqa sebeplerge baylani’sli’ awi’spali’ ma’nilerde qollani’li’wi’ndag’i’ stillik wo’zgesheligin ashi’p beriwde kontekst basli’ xi’zmet atqaradi’.

Feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ semantikali’q-stilistikali’q, ekspressivlik-emocionalli’q ma’nileri, qollani’wdag’i’ ra’n’ba’ren’ boyawlari’ wolardi’ duri’s ha’m wori’nli’ qollani’w qaraqalpaq til iliminde til stillerin izertlewshilerdin’ di’qqati’n wo’zine awdari’p keldi. Ye.Berdimuratov qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’n ekspressiv-stillik jaqtan analizley woti’ri’p, awi’zeki so’ylew ha’m jazba stil dep yekige bo’lgen. Jazba stildi wol da’slep ja’miyetlik, publicistikali’q, ilimiy-terminologiyali’q, wo’ndirislik-texnikali’q, ko’rkem a’debiy ha’m ra’smiy is qag’azlari’ stillerine baylani’sli’ leksikali’q qatlamlarg’a bo’lip qarasa, son’g’i’ izertlewlerinde publicistikali’q, ilimiy-terminologiyali’q, ko’rkem a’debiy ha’m ra’smiy is qag’azlari’ stilleri dep bo’lgen. Bul miynetlerde qaraqalpaq tilindegi funkcional stiller wolardi’n’ qa’liplesiwi ha’m qollani’li’w wo’zgeshelikleri ken’ tu’rde analizlengen. Biraq wonda grammatikali’q stilistika haqqi’nda so’z yetilmegen. Wo’zbek til iliminde grammatikali’q stilistika, soni’n’ ishinde feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ stillik qollani’li’wi’, wolardi’n’ birinin’ worni’na yekinshisinin’ qollani’li’w jag’daylari’ M.S.Sadi’qova ta’repinen konkret mi’sallar arqali’ ha’r ta’repleme analizlengen. Qaraqalpaq til iliminde grammatikali’q stilistika A.Bekbergenovti’n’ «Qaraqalpaq tilinin’ stilistikasi’», G.Ma’mbetnazarovani’n’ «İ.Yusupov poeziyasi’nda do’rendi atawi’shlardi’n’ stillik qollani’li’wi’» ha’m tag’i’ basqa birli-jari’m miynetlerde so’z yetildi.

Qaraqalpaq tilindegi grammatikali’q formalardi’n’, soni’n’ ishinde feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ stillik qollani’li’wi’ tek A.Bekbergenov ta’repinen g’ana qi’sqa ayti’li’p wo’tilgen. Al G.Mambetnazarova İ.Yusupov

poeziyasi'ndag'i' do'rendi atawi'sh formalari'ni'n' stillik qollani'lg'ani'n atap wo'tken. Qaraqalpaq til iliminde grammatikali'q stilistikani'n' yele izertlenilmegen tarawlari'ni'n' biri feyildin' bet-san formalari'ni'n' stillik qollani'wi'ndag'i' o'zgesheliklerin u'yreniw u'lken teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyetke iye. Soni'n' ushi'n ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi feyildin' bet-san formalari'ni'n' ha'r bette, sanda ma'nilik wo'zgesheliklerin, qollani'li'w ra'n'-ba'ra'n'ligin ashi'p beriw, wolardi'n' birinin' wori'ni'na yekinshisinin' qollani'li'w mu'mkinshiliklerin ha'm sebeplerin ani'qlaw, wolardag'i' stilistikali'q sinonimlerdi, bet-san formalari'ni'n' stillik qollani'li'wi'ndag'i' ha'r qi'yli' emocionalli'q – ekspressivlik boyawlardi', modalli'q ma'nilerdi, so'ylewshinin' intellektualli'g'i'n, psixofiziologiyali'q halati'n ashi'p ko'rsetiw ha'm wolardi'n' ko'rkemlik wo'zgesheliklerin analizlew di'qqatqa i'layi'q.

Qaraqalpaq a'debiy tilinde ko'pshilik jag'daylar feyildin' bet-san formalari' subekt penen bette ha'm sanda kelisilgen halda qollani'ladi'. Ayi'ri'm jag'daylarda so'ylewshinin' psixofiziologiyali'q halati'na, woni'n' ti'n'lawshi' yamasa kontekst qarati'lg'an subektke, pikirdin' ekspressiv-emocionalli'q ha'm modalli'q ma'nilerine qatnasli' ha'reket penen subekttin' bet yamasa san jag'i'nan sa'ykes kelmey qollani'li'w jag'daylari' jiyi ushi'rasadi'. Feyildin' bet-san formalari'ni'n' birlik sani' ko'plik san worni'nda jiyi qollani'ladi'. Mi'sali': 1. Ana qayaqtag'i' wo'limdi <u>woylaysi'z</u>, yele, quda qa'lese, <u>ko'p jasaysi'z</u>. (A.Ayi'mbetov). 2. Kemshiligimiz bolsa <u>keshirersiz</u>, sin'lim. 3. Bizdi aldi' dep yesaplan'lar, biz ali'p <u>ati'rmi'z</u>. Siz obkomni'n' birinshi sekretari'ni'n' tapsi'rmasi'n wori'nlamaysi'z ba? (T.Qayi'pbergenov). Keltirilgen mi'sallardag'i' *woylasi'z, jasaysi'z* feyillerinin' subektleri birlik sanda bolg'ani' menen, qari'm-qatnastag'i' izzet-hu'rmetke baylani'sli', al *keshirersiz* feyilinin' subekti de birlik sanda ha'm so'ylewshi menen ti'n'lawshi' arasi'ndag'i' yele onsha tani's yemeslik yesapqa ali'ni'p, iybe saqlaw maqsetinde ko'plik formada qollani'lg'an. Son'g'i' mi'saldag'i' *wori'nlamaysi'z ba* feyilinin' subekti birlik sanda ha'm so'ylewshiden lawazi'mi' kishi bolsa da jumi's etikasi'na

baylani'sli' ko'plik formada qollani'lg'an. Feyildin' bet-san formalari'ni'n' birlik sanni'n' worni'na izzet-hu'rmet ma'nisinde ko'plik formada qollani'li'wi' qaraqalpaq tilinde keyinirek payda bolg'an. Qaraqalpaq klassik shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'nda jeke adamg'a yamasa hayal-qi'zlarg'a izzet-hu'rmet ma'nisinde feyildin' bet-san formalari'ni'n' birlik san worni'na ko'plik formani'n' qollani'li'wi' derlik ushi'raspaydi'. Mi'sali':

1. Yelimdi sorasan', Qojban bizlerden,
   Qalpag'i' qazanday yellerim bardi'. (A'jiniyaz)
2. Maxtum axun atandi'q ma'nju'wlidek,
   Ulamani'n' biri yedin', ustazi'm. (A'bdiqadi'r)
3. Yurttan buri'n xali'qtan dug'a ali'psan',
   Raxmet sag'an, Seydali' ju'z basi'. (Qulmurat)
4. Miynet jolshi'ni'ki ra'ha'tin sen ko'rdin',
   Diyqan ashtan wo'ler boldi', Qazi' iyshan. (Jan'abay)
5. Bi'lti'rg'i' suw boyi'nda men'esh bolsan',
   Ju'rsen'be aman yesen sen biyshara. (A'jiniyaz)
6. Bir aytqan ga'plerdi ha' demey ildin',
   Shiyrin tili, la'bi paldi', Gu'bazar. (Omar)

Biz keltirilgen mi'sallardag'i' *sorasan', atandi'q, dug'a ali'psan', ko'rdin',* feyillerinin' subektleri xali'qti'n' izzet-hu'rmetindegi adamlar *ju'rsen'be, ildin'* feyillerinin' subektleri hayal-qi'zlar boli'wi'na qaramastan, birlik formada qollani'lg'an.

Klassikali'q a'debiyat wa'killerinin' shi'g'armalari'nda feyildin' bet-san affikslerinin' birlik worni'na ko'plik formalardi'n' qollani'li'wi' bir belgili ulama yamasa yel basshi'si'na qarata ayti'lg'anda ju'da' siyrek ushi'rasadi'. Mi'sali': Dag' salmag'i'l a'hli-a'wlad bashi'na, salamat kelgeysiz, a'ziz iyshani'm (Seydabulla). Bul mi'saldag'i' *kelgeysiz* feyilinin' subekti pu'tkil xali'qqa belgili ulama Qaraqum iyshan ha'm qosi'qti'n' avtori' da ulama-Seydabulla molla. Sol waqi'ttag'i' ulama adamlardi'n' arasi'nda bet-san

affikslerinin’ ko’plik formasi’ni’n’ hu’rmet mu’na’sibetinde qollani’li’wi’ da ta’biyiy qubi’li’s. Ko’rkem a’debiyatta betlik feyiller belgili bir poetikali’q maqsette ta’kirarlani’p ta qollani’ladi’. Mi’sali’:

1. Kim, bastan tap ayag’i’na
   Ashi’q, boldi’m, ashi’q boldi’m. (İ’.Mirzaliev).

2. Wol meni qol ushi’na ko’terip, su’ye berdi, su’ye berdi. (M.Jumanazrova).

3. Yaqshi’ baraman, baraman «ta’wbe»!? (H.Wo’temuratova)

Bul mi’sallarda *ashi’q boldi’m* feyili I bette *su’ye berdi* feyili III bette subekt ta’repinen wori’nlang’an is-ha’rekettin’ emocionalli’q-ekspressivlik ma’nisin ku’sheytiw maqsetinde ta’kirarlap qollani’lg’an.

Al u’shinshi mi’saldag’i’ baraman betlik feyilinin’ ta’kirarlani’p qollani’li’wi’ so’ylewshi ta’repinen is-ha’rekettin’ wori’nlani’wi’na ti’n’lawshi’ni’ isendiriwdi an’latadi’.

Feyildin’ bet-san affikslerinin’ toli’q varianti’ni’n’ I, II ha’m III bet formalari’ ga’pte xabar ma’nisin jasawda jiyi qollani’ladi’. Mi’sali’: Sorawi’n’ tu’sinikli juwabi’n keyinirek yesitesen’. Wolay bolsa, sovxozda gu’zgi-ji’yi’n-terim jumi’si’na tayarli’qti’n’ jag’dayi’n dodalawg’a wo’temiz, - dedi Mamutov. «Jan’ali’q» sovxozi’ni’n’ adamlari’ usi’lay so’ylegenlerdi wonsha shep ko’rmeydi. (T.Qayi’pbergenov). Ayi’ri’m jag’dayda bul formalar soraw ma’nisinde de qollani’ladi’. Mi’sali’: Joldas Jamalov, mag’an wa’de yemes isin’izdin’ na’tiyjesi kerek. Tu’sinip tursi’zg’oy? – dedi.

- Demek, meni quwatlaysi’z? Qosi’lasi’z?

- A’lbette… Qosi’lami’z (T.Qayi’pbergenov).

Sonday-aq feyildin’ II bet formalari’ ani’qli’q meyil formasi’nda kelip, buyri’q meyil xi’zmetinde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

Sa’temirden jasawi’l jetip keldi:

- Xan shaqi’rtti’, ju’resiz, -dedi (Yedige da’stani’).

Mine, uli’m, yendi usi’ jerde yeki ji’l isleysen’. Qasqi’rdi’n’ balasi’, - dedi Serjanov ja’ne gu’birlenip, - yele de aylani’p ko’rersen’ (T.Qayi’pbergenov). Bet-san formasi’ndag’i’ feyiller giperbola xi’zmetinde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

Abbazdi’ sorama qati’rg’an dedin’,

Balam qosi’q jazi’p ati’rman dedin’ (T.Ma’tmuratov).

Ko’rkin’di megzetip ashi’lg’an gu’lge,

İ’shqi’n’da wo’rtenip aylandi’m ku’lge (A’.Qaypov)

Sonday-aq feyildin’ bet-san formalari’ subekttin’ quwani’w, jali’ni’w, hayran boli’w, wo’tinish yetiw si’yaqli’ jag’daylari’ xi’zmetinde awi’spali’ ma’nilerde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

1. Biri qi’zi’l gu’ldu’r, bir qi’rmi’zi’,
   Qa’lmen woni’ ko’rip wo’ldi, yaranlar (A’jiniyaz).

2. Wo’zin’di sharshadi’ bilsen’, joldasi’n’di’ wo’ldi bil (naqi’l).

3. Bur turi’si’nda wol suwi’qqa qati’p qalar (Wo’.Xojaniyazov). Ag’ayinler, jiberin’ qati’p wo’ldim. (O.Kojurov). Bul formadag’i’ betlik feyiller geyde «ashi’wdi’», «sarkazmdi» an’latsa, ayi’ri’m jag’daylarda «quwani’w», «maqullaw» ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Al, izle de ju’re ber, tabarsan’. (B.Qazaqbaev)

- Tu’lki quwi’p ju’rmiz, Borodin ag’a.

-Jaraydi’, jaraydi’. (T.Qayi’pbergenov).

Sonday-aq arnawli’ bet-san formali’ feyiller kontekstte:

a) «xoshametlew», «alg’i’s ayti’w», «ruwxlandi’ri’w», «maqullaw» ma’nilerinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Duri’s aytti’n’i’z, ulli’ xani’mi’z,

Bul quda ha’miri. (T.Qayi’pbergenov).

b) «Qa’wipsiniw», «hayran boli’w» ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Astappralla… Yendi qa’ytemiz. (Q.A’wezov). v) «Wo’kiniw», «qi’ynali’w» ma’nilerin an’latadi’. Mi’sali’: Wo’ltirdi, qazi’wshi’ bolsan’ kel, ur… ur… bas… Quradi’m, mag’an Zebinettadan ayi’ri’lg’an son’, wo’mirdin’ ne keregi

bar.  (Q.A’wezov). g) «Abay yetiw», «gijiniw», «qorqi’ti’w» ma’nilerin biodiredi. Mi’sali’: A’sseniy!? Sen menen ko’rermen bala,

Dedi bay tayag’i’n orni’na qoyi’p (İ.Yusupov).

Mine, bizlerdin’ usi’ tilegimizdi wori’nlamasan’i’z, biz patshag’a qarsi’ sog’i’sami’z. (Q.A’wezov).

d) «İsenimsizlik», «ta’repin ali’w», «an’lani’w» ma’nilerinde qollani’ladi’. Mi’sali’: A’lle kim biledi, woni’n’ kewlinin’ nelerdi pa’rwaz a’ylep ju’rgenin. Kim biledi, qaran’g’i’ tu’sken son’ tag’i’ qayda shi’g’i’p ketetug’i’ni’mi’zdi’. (S.Saliev). e) «Kewli toli’w», «su’ysiniw» ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Keyin ta’wbe yetip, shu’kirlik qi’ldi’m. (A’.Wo’tepbergenov). Xu’rmetli to’rem, qa’ytip islemeyik, keshirin’iz (Q.A’wezov). j) Qarsi’lasli’q ma’ni an’lati’p ta qollani’ladi’. Mi’sali’: Men Seydandi’ qansha u’gitledim, tu’sinbeydi. (İ.Yusupov). z) Ayi’ri’m jag’daylarda bul formalar «tilek tilew» ma’nisinde, geyde «g’arg’i’s», «qa’ha’rleniw» ma’nilerinde qollani’ladi’. Mi’sali’: İlayi’m, gu’lla’n jaqsi’ niyetler barjay boli’p, wo’nip-wo’se bergeymiz. (K.Kamalov). Aylanayi’n, ko’p jasag’aysi’zlar (Q.A’wezov).

Sonday-aq feyildin’ formalari’ keler ma’ha’l formasi’nda wo’tken ha’m ha’zirgi ma’ha’l ma’nilerinde de qollani’ladi’. Mi’sali’: Men usi’ 30 ji’l boli’s bolg’ani’mda, birdey birinshilikti wo’zim ali’p kelemen. (Q.A’wezov).

Uran’ni’n’ barli’g’i’n bozdi’n’ ti’shqani’,

Jep ketti dep yesitemen, Atajan (T.Jumamuratov).

Sha’rt meyildin’ *–sa/-se* formalari’nan jasalg’an feyildin’ betlik formalari’ da stillik jaqtan ha’r qi’yli’ maqsette qollani’ladi’. a) «Renjiw», «abay yetiw», «wo’kpe-giyne», «ashi’w», «moyi’nlaw», «shag’i’m yetiw», «narazi’li’q» si’yaqli’ ekspressiv-emocionalli’q ha’m modalli’q qatnasti’ bildiredi. Mi’sali’: Usi’nnan bosati’p jibersen’ler, raykomg’a deyin ayti’si’p baraman. Qarsi’li’q ko’rsetsen’, mine, mi’na pistolet penen ati’p taslayman. Men qayaqtan usi’ ka’sipke aralasi’p qala qoydi’m desem, a’n’gimenin’ ba’ri mi’na

hu'jdansi'zlarda yeken g'oy. Usi'nnan woni'n' menen uri'ssan', sag'an wodu'nya, bul du'nya i'rza yemespen (K.Allambergenov).

b) Bul forma II bet buyri'q, «wo'tinish» ma'nisinde de qollani'ladi'. Mi'sali': Hu'rmetli to'rem, jaqsi'lap a'spek yetsen'iz. Bizin' sizge aytarli'q so'zimiz joq, lekin bir awi'z sorawi'mi'zg'a juwap bersen'iz (Q.A'wezov).

v) Sonday-aq «a'rman», «tilek», «maqset» ma'nisine baylani'sli' qollani'ladi'. Mi'sali':

Kegeyliden yoshi'p wo'tsem,

Ta'riypin' ko'p qosi'q yetsem…

Wo'sek ayti'wg'a da waqi't qalmasa (İ.Yusupov).

g) Wori'nlanbag'an «maqset», «tilek» ma'nisin, «tosqi'nli'qti'» an'lati'p ta keledi. Mi'sali': Woni' keserley qoyayi'q desek mostovoy ja'ne joq. (S.Saliev). Wo'mirbaydi' urayi'n desem, wol ani'g'i'n aytti' (T.Qayi'pbergenov). Men wog'an g'i'jaq bersem, wol meni jubatadi'. (K.Sultanov).

d) Geyde waqi'tqa baylani'sli' qollani'ladi'. Mi'sali': Men mektepke kelsem, a'lle qashan qon'i'raw qag'i'li'p, balalar klassqa kirip ketipti (K.Ma'mbetov).

e) Bul formalar ga'ptin' kiris ag'zasi' xi'zmetin de atqari'p qollani'ladi'. Mi'sali': Rasi'mdi' aytsam, a'wel basta men de wo'mirdin' jan'a an'g'ar menen barati'rg'ani'n tu'sinbedim (Wo.Xojaniyazov). Duri'si'n aytsam, su'wretimdi ku'nde sorap mazamdi' ali'p ju'r. (Wo'.Ayjanov).

j) Jup so'zlerdin' qurami'nda kelip ta'kabbi'rli'q, giyne tag'i'w ha'm biypa'rwali'q ma'nilerin bildiredi. Mi'sali': Meyli, jatsam-jatayi'n, bir ku'n bolsa da i'ssi' jerde jatqang'a ne jetedi. (K.Allambergenov). Bolsaq-bolarmi'z, a'ne birde qazaqti'n' qi'pshaq penen qanji'g'ali'si'n da qaraqalpaqtan awg'an dep yeregisip yedi. (K.Ma'mbetov). Patsha boli'pti'mi's. Bolsan'-bolasan'da'. Ma'rt bolsan' bir ayli'q penen jasap ko'r. (İ.Yusupov).

Sha'rt meyildin' *–sa/-se* formalari'ni'n' «yedi» toli'qsi'z feyili menen dizbeklesip keliwin ko'pshilik arnawli' formasi' retinde qaraydi'. Al ayi'ri'm

ilimpazlar bul formani'n' bas ga'pte de, bag'i'ni'n'qi' ga'pte de bayanlawi'sh xi'zmetin atqari'p kele alatug'i'ni'n yesapqa ali'p sha'rt meyildin' *-sa/-se* formasi' menen *-sa edi/-se edi* formalari' arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'qlardi' ha'r ta'repleme ashi'p ko'rsetedi. Wolar kontekste maqsetke yerisiw, a'rman yetiw, tilek ha'm tag'i' sonday ma'nilerdegi ekspressiv-emocionalli'q ha'm modalli'q qatnaslardi' an'lati'p keledi. Mi'sali': Ag'am mag'an qarsi'li'q ko'rsetpese yedi. (Wo'.Xojaniyazov) yedi, hesh birin'izge qapashi'li'q ina'm yetpes yedim. Wo'zimnin' man'laymi'ma pitken menshik mashinam bolsa yedi», bir adi'm da piyada ju'rgizbes yedim. Ayi'ri'm jag'daylarda bul forma ironiyali'q tilek, maqset, a'rman ma'nisinde de qollani'ladi'. Mi'sali': Senin' a'melin' mende bolsa yedi, wolardi' bir shi'bi'q penen aydar yedim. Geyde wol wo'kinish, shi'damsi'zli'q, abay yetiw ha'm tag'i' basqa ruwxi'y-psixologiyali'q halatti' an'latadi'. Mi'sali': Sanawsi'z puli'm bolsa yedi, du'nyani' sati'p alarem. Delegatlar waqti'nda kelse yedi, ji'ynali'sti' baslar yedik. Qay jerde uslasam, tiriley jep qoyaman. (O.Kojurov).

Bul forma *yeken* so'zi menen dizbeklesip kelgende, ha'rekettin' qarama-qarsi' ma'nisin, geyde «ken'es soraw», «pikirin an'law», «maqset», «a'rman» ma'nisine de qatnasli' qollani'ladi'. Mi'sali': Men ne qi'lsam yeken, nege bel baylasam yeken, ne shara ko'rsem yeken. (Q.A'wezov). Usi' qa'siyetlerdin' ba'ri bizin' jaslarda bolsa yeken. (Q.Kamalov). Ayi'ri'm jag'daylarda bul forma *boldi', barma* ko'mekshi so'zleri menen dizbeklesip kelip, bolajaq ha'rekettin' sebebin an'lati'p, «juwmag'i'nan qorqi'w» yamasa «u'mit yetiw» ma'nisinde qollani'ladi'. Mi'sali': Jerdin' ton'i' jibise boldi', Aqsayg'a qos sali'p tuxi'm sebejaq. (Sh.Aytmatov). Gu'lja'ha'n tetigin bassa boldi', brashkadag'i' pishen ha'm zamatta-aq, zi'p yetip wo'zi tu'se beredi. (İ.Qurbanbaev). Qarag'i'm, keselge bir shati'lsan' barma, ayi'g'i'p ketiwin' qatti' qi'yi'n boladi'. (A'.Qaypov). Ayi'ri'm jag'daylarda bul formalar *-ma/-me, -pa/-pe, -ba/-be* boli'msi'z affikslerinen keyin jalg'ani'p, «quwani'sh», «wo'kpe-giyne», «isenimsizlik», «ta'shwishleniw», «jaqti'rmaw» ha'm tag'i' basqa da

ekspressiv-emocionalli’q ha’m modalli’q ma’nilerge qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Basshi’ bop ju’rsiz nege,

Yel ushi’n yen’iremesen’? (M.Jumanazarova)

Wo’zin’de aqi’l bolmasa, su’rken aqi’l ne bolar. (naqi’l).

Bul formalar soraw almasi’qlari’ menen dizbeklesip kelip, «jag’daydan shi’g’i’w joli’n izlew», «ken’es soraw» ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Sol qasi’q penen tostag’ani’mdi’ arshag’a sali’p ketpey-aq wo’zim menen ali’p kete bersem qa’ytedi. (Q.Ayi’mbetov).

Geyde wol «biypa’rwali’q» ma’nisin de an’lati’p keledi. Mi’sali’: Barsa ne qi’layi’n. Aytsa ne bopti’. Bul formadag’i’ betlik feyiller kerek so’zi menen de dizbeklesip qollani’ladi’. Bul analitikali’q formalar kontekstte «isenim», «shamalaw» si’yaqli’ ma’nilerde qollani’ladi’: Mi’sali’:

Jali’ jatqan, tu’sse kerek tisi de (İ.Yusupov).

Krovatta jatqan qi’z dep woylasa kerek. (K.Allambergenov). Tu’ri de biraz wo’zgergen bolsa kerek. (Q.Kamalov). Yerkek adamni’n’ yen’ ku’shli ashi’qli’g’i’ wot si’yaqli’ tez g’ana wo’rtenip, sonday-aq tez g’ana so’netug’i’n bolsa kerek. (Q.A’wezov).

Sonday-aq *-sa/-se* formali’ feyiller *boladi’* ko’mekshi feyili menen dizbeklesip, «baha beriw», «qi’zi’g’i’w», «qanaatlani’w» ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Adamni’n’ ishki da’rtin yeki mu’shesinen ko’rse boladi’. (T.Qayi’pbergenov).

Bir jumbaqti’ ayti’p sizge,

Sheshiwin ku’tsek boladi’. (İ.Yusupov).

Yendi dem alsaq boladi’. (Q.Qaypov).

Sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formalari’ *da/de, ha’m* janapaylari’ menen dizbeklesip kelip, tiykarg’i’ ha’reketke qarama-qarsi’ ma’nige qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Azi’nawlaq qi’rmandi’ poshshani’n’ salg’i’rtshi’lari’ anaw ku’ni si’pi’ri’p ali’p ketse de, wol tirishilikten qol u’zip qali’p woti’rg’an

joq (Q.Sultanov). Awi’li’mi’zdi’n’ adamlari’ qi’s ko’rpesin jami’lsa ha’m, suwi’qti’ pisent yetpey jumi’la ati’zg’a shi’qti’. (İ.Qurbanbaev).

Qaraqalpaq tilindegi *bolmasa* feyili birde boli’msi’z formadag’i’ sha’rt meyil ma’nisin u’sh betke betlenip qollani’lsa, birde III bet formasi’n ga’ptin’ kiris ag’zasi’ xi’zmetinde qollani’ladi’, «baha beriw», «qi’zi’g’i’w», «qanaatlani’w» ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Adamni’n’ ishki da’rtin yeki mu’shesinen ko’rse boladi’. (T.Qayi’pbergenov).

Yendi dem alsaq boladi’. (A’.Qaypov).

Sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formalari’ *da/de, ha’m* janapaylari’ menen dizbeklesip kelip, tiykarg’i’ ha’reketke qarama-qarsi’ ma’nige qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’ Ha’mmege ha’mel bo’lip berse de Palwaniyaz ha’melden bos qaldi’. İnsapsi’zg’a jan-ta’nin’ menen qansha xi’zmet yetsen’ ha’m, wol senin’ qa’dirin’di bilmeydi.

Qaraqalpaq tilindegi *bolmasa* feyili birde boli’msi’z formadag’i’ sha’rt meyil ma’nisinde u’sh betke betlenip qollani’lsa, birde III bet formasi’nda ga’ptin’ kiris ag’zasi’ xi’zmetinde qollani’ladi’: Mi’sali’:

I bet: *u’yde bolmasam, u’yde bolmasaq.*

II bet: *u’yde bolmasan’, u’yde bolmasan’i’z(lar)*

III bet: *u’yde bolmasa, u’yde bolmasa.*

Sha’rt meyildin’ *-sa/-se* formalari’ ga’p ishinde «soraw», «wo’tinish» ma’nilerinde de qollani’ladi’. Mi’sali’: Men ha’zir sizin’ sabag’i’n’i’zdan inimdi ali’p ketsem. Aqsaqal, qatti’ sharshadi’m, keshke shekem azmaz dem alsam. Ayi’ri’m jag’daylarda bul forma ga’pte «tan’lani’w» ma’nisin de an’latadi’. Mi’sali’: Men almasam ya sen almasan’, sonda buni’ jer jutama? Geyde bul formalar sha’rt ma’nisin yemes, al sebepke qatnasli’ da qollani’ladi’. Mi’sali’: Yeger u’stinen bari’p qarap tursan’, sol qurmi’sqalardi’n’ wo’zinde san mi’n’ wo’zgerisler bar. (K.Ma’mbetov).

Subekti betlik atli’qlarg’a (adam ma’nisindegi so’zlerge) tiyisli bolg’an feyiller I, II, ha’m III betlerde betlene beredi.

I bet: *Men aytti'm, so'yledim, jazdi'm.*

II bet: *Sen atti'n', so'yledin', jazdi'n'.*

III bet: *Ol aytti', so'yledi, jazdi'.*

Al subekti betlik yemes atli'qlarg'a (adamnan basqa) tiyisli bolg'an feyiller tek III bette qollani'ladi'.

*İyt u'rdi, qoy man'i'radi', si'yi'r mo'n'iredi, at kisenedi, sho'p wori'ldi', kese si'ndi'.* Ko'rkem a'debiyat stilinde betlik yemes atli'qlarg'a tiyisli feyiller awi'spali' ma'nide I ha'm II bet formalari'nda da qollani'ladi':

Ga' man'i'rap, ga' mo'n'irep kelesen',

Mut araqqa toyi'p ali'p, jorajan. (A'.Qaypov).

Bu'gin a'miw boli'p aqqi'm keledi,

Arg'i'maq at boli'p shapqi'm keledi. (İ.Yusupov).

Pay digirledin'-aw, - dedi bas wa'zir jaqti'rmay. (T.Qayi'pbergenov).

Betlik yemes atli'qlardan bolg'an subektke tiyisli feyiller III bette de betlik atli'qlardi'n' is-ha'reketin an'lati'p qollani'ladi'. Mi'sali': Qayi'pbergen qayi'ssa qayi'sqan shi'g'ar, biraq si'ng'an joq. (Q.Kamalov). Qayi'si'p, u'zilip ketetug'i'nday boli'p turar yedi. (H.Wo'temuratov).

Tu'rkiy tillerde, soni'n' ishinde ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde arnawli' bet-san formalari'na iye feyiller geyde o'zinin' da'slepki ma'nisin wo'zgertip, atawi'sh so'z xi'zmetinde de qollani'ladi'. Bul waqi'tta wolar ko'binese III bet formasi'nda keledi. Mi'sali': Amangu'ldi, Sati'p aldi', Aytoldi', ta'p berdi, tirep berdi, kempir wo'ldi, kepkir ku'ydi, ra'piyda ku'ydi, atqa miner, toy tarqatar, yelgezer. Qi'zketken, Qazanketken, Qayi'pbergen, U'ytolg'an ha'm tag'i' basqa. Sonday-aq ayi'ri'm jag'daylarda I ha'm II bet formalari'na iye feyiller de substantivlesip qollani'ladi'. Mi'sali': Woramasam wo'lgeymen, takside tani'sti'm, Turman, ala almaysan' ha'm tag'i' basqa. Ayi'ri'm jag'daylarda betlik feyiller juplasi'p kelip te atawi'sh so'z xi'zmetinde qollani'li'wi' mu'mkin. Mi'sali':

aldi'-berdi-zat

su'ydim-ku'ydim-muxabbat

Bet-san formalari'na iye feyiller janapaylar menen birge kelip, so'ylewshinin' psixofiziologiyali'q halati'na, ekspressiv-emocionalli'q ha'm modalli'q ma'nilerge qatnasli' qollani'ladi' ha'm «tan'lani'w», «hayran qali'w», «ha'wesleniw», «renjiw» ma'nilerin an'latadi'. Mi'sali': Adamdi' albi'rati'p tasladi'n'-g'oy. (A.Xalmuratov). Demek, u'lkenlerdin' de turmi'si'nda usi'nday suwi'qli'q boladi' yeken-aw. (Sh.Rashidov). Adam degen de pan'qi'lday beredi yeken-a'! (Sh.Seytov). Geyde olar «maqtaw», «maqtani'w», «su'ysiniw» ma'nilerin de an'latadi'. Mi'sali': Pah, qati'ri'p jay sali'p aldi'maw! Hay-hay, mi'na samaldi'n' yesiwin-ay! Wo'shimdi jiberemen be, at-pati' menen womaqazan atti'rdi'm-a'. (Sh.Seytov). Sonday-aq arnawli' bet-san affiksli feyiller janapaylar menen kelgende, «quwani'w», «ta'mbi beriw», «kek yetiw» ma'nilerinde qollani'ladi'. Mi'sali': Buni' biz sensiz-aq bilemiz-aw. (İ.Yusupov). Ji'ynali'sqa rayonnan adam qatnasatug'i'ni' jaqsi' boldi'-aw! (T.Qayi'pbergenov). Geyde wolar «qi'ynali'w», «ayaw», «wo'kiniw», «gijiniw» ma'nilerin de an'latadi'. Mi'sali': Sonda kempirdin' de, si'yi'rdi'n' da worni'n si'ypalap qalg'anbi'z ba. (Q.Sultanov). A'tten', qari'ndasi' Tazagu'l pisken almaday uwi'lji'p woti'raw. (Sh.Seytov). Bayg'usti'n' balasi' armiyadan yele kelmepti-ay! A'tten' ti'ni'shli'q waqi'tta qoli'ma tu'spedi-aw! (Q.Sultanov). Way-way, wo'rtedin'-aw! (Sh.Seytov). Ayi'ri'm jag'daylarda bul formalar «boljaw», «shamalaw», «mi'sqi'llaw», «kemsitiw» si'yaqli' ma'nilerde de qollani'ladi'. Mi'sali': Ba'rin qurti'p yendi shayi'r boladi'-mi's! (Q.Sultanov). Aydos yele xanli'q alarmi'sh. (T.Qayi'pbergenov). Wo'ytkeni Uli'g'bek ha'ziret woni'n' balasi'n gu'nasi'z wo'ltirtken yemish. (A'.Yakubov).

**Feyildin' buyri'q-tilek formalari'ni'n' stillik qollani'li'wi'**

Feyildin' tilek meyil formalari' is-ha'rekettin' wori'nlani'wi'na so'ylewshinin' tilek, niyet, intasi'n, ayi'ri'm jag'daylarda a'rman yetiw, wo'tinish sorani'w qatnaslari'n an'lati'w ushi'n qollani'ladi'. Tilek meyil ma'nisindegi feyiller yele islenbegen, biraq isleniwi tiyis bolg'an is-ha'reketti

an’latadi’. Ayi’ri’m jag’daylarda wolar analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyillerdin’ qurami’nda kelip wo’tken ha’m ha’zirgi ma’ha’ldegi is-ha’reketlerge qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’:

Ji’g’i’layi’n dep qaldi’m. (Wo’tken ma’ha’l).

Shi’g’arayi’n dep ati’rman. (ha’zirgi ma’ha’l).

Tilek meyildin’ I bet birlik san *-a/-e+yi’n/+yin* formalari’ analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyillerdin’ qurami’nda kelip, u’sh bettin’ birlik ha’m ko’plik sanlari’na qatnasli’ qollani’ladi’.

I bet: *jazayi’n dep ati’rman, jazayi’n dep ati’rmi’z.*

II bet: *jazayi’n dep ati’rsan’, jazayi’n dep ati’rsi’z(lar).*

III bet: *jazayi’n dep ati’r, jazayi’n dep ati’r.*

Biraq, *-a/-e+yi’q/+yiq* formalari’ analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyillerdin’ qurami’nda kelip, tek I betke qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’. Jazi’yi’q dep ati’rmi’z.

Feyildin’ bet-san affikslerinin’ *-a/-e, +yi’q/-yik* formasi’ sintagmali’q ma’nisinde I ha’m II betke tiyisli qollani’lg’an jag’dayi’nda wo’zinin’ sinonimlik si’n’arlari’na iye boli’p tu’rli formada qollani’ladi’: *keteyik-kettik*. Klassik shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’nda *keta’li* formasi’ da gezlesedi. Mi’sali’:

1. toqtan’, - yel aralap ko’reyik. (K.Ma’mbetov).

2. Kettik! Reyimbay, - dedi. (T.Qayi’pbergenov).

3. Xoshlasali’ qara ko’zge yash ali’p,

Xosh shaman bol bizden qaldi’n’ Bozataw (A’jiniyaz).

Bul mi’sallardag’i’ *ko’reyik, kettik, xoshlasali’* feyillerinin’ bet-san affiksleri formali’q jaqtan ha’r qi’yli’ bolg’ani’ menen xi’zmeti bir. Tilek meyildin’ bul formalari’ tek sinonimlik variantlari’na g’ana iye boli’p qoymastan, so’ylewshinin’ psixofiziologiyali’q halati’na baylani’sli’ stillik jaqtan ha’r qi’yli’ xi’zmetlerde qollani’ladi’. Sonday-aq tilek meyildin’ *-a/-e+yi’n/-yik, -a/-e+yi’n’/-yik* formalari’ ekspressivlik-emocionalli’q ha’m ha’r qi’yli’ modalli’q ma’nilerde de qollani’ladi’. Ma’selen, ayti’lg’an pikirdin’

ani'qli'g'i'n tasti'yi'qlap wog'an isenimdi bildiriwshi modalli'q ma'nide keledi. Mi'sali': Shi'ni'n aytayi'n, qaladan shi'qqi'm kelmeydi. Sonday-aq, tilek meyildin' bul formalari' ayti'lajaq pikirdin' qa'pelimde, tosi'nnan payda bolg'ani'n yamasa yadqa tu'skenin bildirip, modalli'q ma'nide qollani'ladi'. Mi'sali': Kritikani' dushpanli'q dep tu'sinbew kerek, aytayi'n degenim, kritikadan juwmaq shi'g'ari'p, jumi'sta janlandi'ri'w za'ru'r.

Ayi'ri'm jag'daylarda tilek meyildin' bul formalari' bir pikirden yekinshi pikirge wo'tiwdin' subektiv usi'li'n si'patlap yamasa pikirdi yekinshi pikirge baylani'sti'ri'w ushi'n qollani'ladi'. Mi'sali': Aytayi'q, bu'gin Wo'mirbaydi'n' bergeni qi'ri'q kilogramm sazan. (Wo'.Ayjanov). Geyde ayti'lg'an pikirge qarsi' emocionalli'q qatnasti' bildiriwshi modalli'q ma'nide qollani'ladi'. Mi'sali': Wo'limshi boldi'm qa'yteyin, men wolardi'n' ko'zine jin ko'rindim. (Q.A'wezov).

Tilek meyildin' bul formalari' adamni'n' tan'lani'w sezimin bildiriwshi tan'laq ma'nisinde de qollani'ladi'. Mi'sali': Sadag'an keteyin, yele shi'bi'n qonbag'anday boli'p tur yeken g'o. Sonday-aq bul formalar «sag'i'ni'w», «wo'zine qarati'w» ma'nisindegi tan'laq si'pati'nda qollani'ladi'. Mi'sali': Aynalayi'n kelbetin'nen, ko'zge i'si'q ko'rinesen'. (T.Jumamuratov). Aynalayi'n sabag'i'n'di' tayarlap boldi'n' ba? Ayi'ri'm jag'daylarda bul so'z ironiyali'q ma'nige de iye boladi'. Mi'sali': Sen ne ko'p tu'sinesen' be, aqi'li'n'a bolayi'n. (O.Kojurov).

Aynalayi'n, sen wo'zi kimge arqa su'yep ju'rsen'?

Sonday-aq tilek meyildin' bul formalari' boljaw ma'nisin de an'latadi'. Mi'sali': Yaqshi', men Galyani' qoyi'p basqa birewge u'ylengen bolayi'n. (Q.A'wezov).

Ayi'ri'm jag'daylarda «xosh ko'rmew», «jaqti'rmaw» sezimine de qatnasli' qollani'ladi'. Mi'sali': Sadag'asi' keteyin, usi'dan da basshi' boli'p, xali'qqa aytar to'reli ga'pi bolmasa.

Feyildin’ buyri’q meyil formalari’ so’ylewshi ta’repinen basqa birewge qarati’lg’an «buyi’ri’wi’», «ha’mir yetiw», «talap yetiw», «shaqi’ri’q» ma’nilerindegi is-ha’reketti an’latadi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyildin’ tiykari’ II bet birlik sanda buyri’q ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Gu’na yemes, sawapti’ wo’tirik so’ylep qayt,-dedi. (Alpami’s). Ayi’ri’m jag’daylarda buyri’q meyildin’ birlik formasi’ so’ylewshinin’ psixologiyali’q halati’na baylani’sli’ ko’plik worni’na qollani’ladi’. Mi’sali’: Qos to’benin’ basi’na shi’g’i’p, senler de sol jaqqa qarap ko’r. (A.Dabi’lov). Bul mi’saldag’i’ *qarap ko’r* feyili II bet birlik san formasi’nda turg’ani’ menen, ko’plik sandag’i’ ti’n’lawshi’ subektlerge qarati’lg’anli’g’i’ kontekstten sezilip tur. Bunda so’ylewshinin’ minez-qulqi’ndag’i’ wo’r ko’kireklik, qaramag’i’ndag’i’ adamlarg’a mensinbewshilik, ho’kteshlik, qopal qatnas bildirilgen. Sonday-aq iyesi uli’wmalasqan ga’plerde buyri’q meyildin’ II bet birlik san formalari’ u’sh betke de tiyisli qollani’ladi’. Mi’sali’: Jeti wo’lshep bir kes.

Jer su’rsen’ gu’z su’r,
gu’z su’rmesen’ ju’z su’r (naqi’l).

Gilem satsan’ yelge sat,
Bir shetinde, wo’zin’ woti’rasan’ (naqi’l).

Buyri’q meyildin’ bul formalari’na *-ma/-me, -pa/-pe, -ba/-be* boli’msi’z affiksleri jalg’ang’anda, boli’p ati’rg’an yamasa bolajaq ha’reketke ti’n’lawshi’ni’ wori’nlawg’a iytermelew ma’nisi bildiriledi. Mi’sali’: Si’ri’n bilmegen atti’n’ si’rti’nan aynalma. (naqi’l).

Wo’zin’e saq bol, qon’si’n’di’ uri’ tutpa. (naqi’l).

Ayi’ri’m jag’daylarda bul formalar wo’zinin’ da’slepki ma’nisin jog’alti’p, a’deplilikke baylani’sli’ etiketlik tan’lan’lar xi’zmetinde qollani’ladi’. Mi’sali’: -Ata, harma! – dep Seydullani’n’ betine qaradi’m. (N.Da’wqaraev).

Feyil tiykari’na *-i’n’(lar)/-in’(ler), -n’(lar)/-n’(ler)* yamasa *-i’n’i’z(lar)/-in’iz(ler), -n’(lar)/-n’(ler)* affikslerinin’ jalg’ani’wi’ arqali’ ko’plik sandag’i’

ti'n'lawshi'larg'a buyri'q ma'nisi bildiriledi. Mi'sali': Joldaslar, keshirin'ler, wori'nlari'n'i'zda woti'ri'n'lar. (T.Qayi'pbergenov).

Wo'lgen son' meni ko'min'ler

Ukrainaday yelime (T.Shevchenko).

Bul forma birdeyine ko'plik sandag'i' ti'n'lawshi'larg'a qarati'la bermey, geyde birlik sandag'i' subektke izzet-hu'rmet ma'nisin de an'latadi'. Mi'sali': Jasi' ulli', u'yge kirin'iz, dem ali'n'i'z, joldas Da'wletov bereket tabi'n'i'z, shi'ni'n'i'zdi' ayti'n'i'z. (T.Qayi'pbergenov). Ayi'ri'm jag'daylarda etikag'a baylani'sli' adamni'n' ha'meline, jasi'na qatnassi'z birlik formani'n' worni'na ko'plik formasi' qollani'ladi'. Mi'sali': -Siz qanday adamsi'z? – dedi jekirinip – woylap ko'rin'iz… Toli'bay To'reevich, ayti'n'i'z, sovxozda neshe u'ydin' gaz plitasi' joq? (T.Qayi'pbergenov).

Biytani's subektlerdin' sa'wbetlerinde buyri'q meyildin' bul formalari'ni'n' birliginin' worni'na ko'plik tu'ri qollani'ladi'. Mi'sali':

-Assalawma a'leykum! Abdiraxman Jumaniyazovti' tani'ysi'z ba? tani'san'i'z mag'an ko'rsetip jiberin'.

-Wa'leykum assalam. Abdiraxman Jumaniyazov men bolaman. Kelin', kelin' ishke kirin'. (A'.Qaypov).

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde hayal-qi'zlarg'a izzet-hu'rmet ma'nisinde buyri'q meyildin' II betinde birliktin' worni'na ko'plik formasi' qollani'ladi'. Mi'sali': Meyli ruxsat yetsen'iz, ju'rin' shi'g'ari'p salayi'n. (A.Qudabaev). Kelin', miymanxanag'a to'sek sali'p jiberin'. (A'.Qaypov). Ayi'ri'm jag'daylarda subektlerdin' jaqi'n qatnasta boli'wi'na qaramastan buyri'q meyildin' II betinde birlik san formalari' qollani'ladi'. Mi'sali': Woh, qaynag'a, biykesh suw ko'rmey ju'rme? Biykeshti ti'ni'shi'na qoy, dem alsi'n.

-Ag'a, ko'p waqi'ttan beri juwi'nbag'ang'a usaysan'? Ayt i'rasi'n, bul jerde qalay jasap ati'rsan'? (T.Qayi'pbergenov).

Buyri'q meyildin' II bet formalari' so'ylewshinin' psixofiziologiyali'q halati'na baylani'sli' ha'r qi'yli' ekspressiv-emocionalli'q ha'm modalli'q

ma'nilerdi an'latadi'. Buyri'q meyildin' II bet ko'plik formasi' birlik ma'nisinde kelgende, wo'zinin' da'slepki buyri'qli'q ma'nisin jog'alti'p, wo'tinishti bildiredi. Mi'sali': Toqta, sol jigitlerdin' qayda yekenin bilmeysizbe? Woy bir ba'le bolajaq! Toqtan'lar joldaslar. (O.Kojurov). Buyri'q meyildin' bul formalari' «kek yetiw», «abay yetiw» ma'nilerin de bildiredi. Mi'sali': Asi'qpay tur, senin' menen yele yesaplasaman. Qoli'ma tu's terin'di si'li'p alaman. Shi'q bermag'an won'bag'an. (O.Kojurov). Geyde bul formalar sha'rt ma'nisinde de qollani'ladi': Mi'sali': Muhabbat taxti'na woti'ri'n' sonda –

Ha'mme zaman menen til tabi'sasi'z. (İ.Yusupov). Sen a'wele birewin jep ko'r, tan'layi'n'da tati'ydi'.

Buyri'q meyildin' II bet buyri'q formalari' «boli'si'w», «ta'repin ali'w» ma'nilerinde de qollani'ladi'. Mi'sali': Qoyi'n', jigitler, woni' wo'z ku'nine. Tiymen'ler. Xojeyin. Tarti'nba! (O.Kojurov).

Buyri'q meyildin' bul formalari' ayi'ri'm jag'daylarda isendiriw, ti'ni'shlandi'ri'w ma'nilerin de an'latadi'. Mi'sali': Hu'rmetli to'rem, qapa bolman'i'z, men bilan munda hesh ga'p joq. Saw bolsam birin qoymay wo'ndirip beremen, qayg'i' shekpen'. (Q.A'wezov). Sonday-aq buyri'q meyildin' II bet formalari' «qanaatlani'wshi'li'q», «moyi'nlaw» ma'nilerin de bildiredi. Mi'sali': Uzaq jasa, bereket tap Qaraman.

Dep ha'r jaqtan qutli'qladi' bati'rdi'. (T.Jumamuratov).

Tek yesimde tan' aldi'nda qaytqani'm,

Dosti'ni'n' «saw bol» dep wog'an aytqani'. (İ.Yusupov).

Geyde bul formalar ironiya ma'nisin de bildiredi. Mi'sali': Haw, A'sem so'ytip maqtani'p ati'rg'anson' balasi' qayaqqa baradi'. G'oshshi'm, saw bol: (B.Qazaqbaev). Bereket tap, sa'l pa'seytin' dawi'sti'. (T.Qabulov). Buyri'q meyildin' II bet formalari' «kelisiw», «jarasi'w» ma'nilerinde de qollani'ladi'. Mi'sali': Ber qoli'n'di', bar basi'mdi' senin' joli'n'da qoydi'm, yerdim, qa'nekey tu'nnen qalsaq, qali'p bolg'ani'mi'z. (Q.A'wezov).

Qoldi' ber dilbari'm keteyik birge,

Tan’ qalsi’n, yekewimiz qurayi’q irge. (A’.Qaypov).

Hal feyildin’ *-i’p/-ip -p* formalari’na *ber* ko’mekshi feyili dizbeklesiwi arqali’ buyri’qli’q ma’ni bildiriledi. Mi’sali’: <u>Qaytari’p ber</u> menin’ A’miwda’ryamdi’. (Sh.Seytov). Al hal feyildin’ *-a/-e, y* formalari’na *ber* ko’mekshi feyilinin’ dizbeklesiwi arqali’ buyri’qli’q ma’ni yemes, «ruxsat beriw» ma’nisi an’lati’ladi’. Mi’sali’: Marhamat, ayta berin’ arzi’n’i’z bolsa. (Q.A’wezov). Hal feyildin’ *-a/-e, y* formalari’na boli’msi’z formadag’i’ *ko’r* feyilinin’ dizbeklesiwi arqali’ «qadag’an yetiw» ma’nisi bildiriledi. Mi’sali’: Sonli’qtan hasla birewge jamanli’q isley ko’rmen’. (Q.Kamalov). *Ayt, so’yle* feyillerinin’ sinonimi de feyili ha’zir tilimizde ko’pshilik jag’dayda wo’zinin’ da’slepki leksikali’q ma’nisinen wo’zgerip ko’mekshi so’z ma’nisinde qollani’ladi’. Buyri’q meyildin’ II bet formalari’na *de* ko’mekshi feyili dizbeklesip qollani’ladi’. Bul forma wori’nlanajaq is-ha’reketti III bettegi subektke II bet arqali’ wori’nlati’w ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Tilin’di tart de su’mireyip tura bergenshe. (B.Qazaqbaev). Sonday-aq *de* feyili buyri’q ma’niden basqa feyillerge ha’m atawi’sh so’zlerge dizbeklesip, buyri’q meyildin’ II bet formasi’nda qollani’ladi’ ha’m «tan’lani’w» ma’nisin an’latadi’. Mi’sali’: Him, paqi’r, sheshem so’ytip yele nawqaslani’p jati’r de… (B.Qazaqbaev). Ku’t su’yiklim sarg’ayma, meni jawi’ngerim de. (T.Ma’tmuratov).

Buyri’q meyildin’ II bet formalari’ *-ma/-me, -pa/-pe, -ba/-be* soraw janapaylari’nan keyin kelip, is-ha’rekettin’ wori’nlani’wi’na qatan’ tu’rde ma’jbu’rlew ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Mal baqti’n’ ba, mal menen birge jat. (Q.Jumaniyazov).

Buyri’q meyildin’ II bet formasi’ «xoshlasi’w», «xoshametlew», «tilek bildiriw», «juwap qaytari’w», «kewil ayti’w» si’yaqli’ tan’laqli’q ma’nilerde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

A’piw yetin’, joldaslar, bolsa qa’tesi. (A.Muwsaev).

Xosh bol! yene, menin’ ketkenime yendi. (Sh.Aytmatov).

-Ata harma! – dep qi’sqa juwap berdi. (N.Da’wqaraev).

- Shu’kir yet shi’rag’i’m, shu’kir yet.

Buyri’q meyildin’ II bet formasi’ ayi’ri’m jag’daylarda u’y haywanlari’ ha’m basqa da janli’ ja’niwarlarg’a qarata ayti’latug’i’n imperativ tan’laq xi’zmetinde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

Sho’k degende sho’germisen’,
Ko’p jasag’an tu’ye yekensen’. (Ku’nxoja).

Tur-r, Gu’lsari’ qayaqqa asi’g’i’p barati’rsan’! – dep dizgindi tartatug’i’n yedi. (Sh.Aytmatov).

Buyri’q meyildin’ II bet formasi’ tilimizde wo’zinin’ da’slepki ma’nisin jog’alti’p, substantivlesip basqa atawi’sh so’zler xi’zmetinde de qollani’ladi’. Wolar ayi’ri’m adam atlari’nda ushi’rasadi’. Mi’sali’: Yerbol, Yesbol, Nurbol, Nurlan, Jadi’ra ha’m tag’i’ basqa.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde feyildin’ buyri’q meyilinin’ II bet formasi’na *-g’i’r/-gir, -qi’r/-kir* affiksleri jalg’ani’p, ha’r qi’yli’ ekspressiv-emocionalli’q ha’m modalli’q ma’niler bildiriledi. Mi’sali’. Wa’y du’nyasi’ qurg’i’r, ne sebepten bunday. (N.Da’wqaraev).

Conday-aq bul forma «g’arg’aw» ma’nisinde de jiyi qollani’ladi’.

Mi’sali’: Woy ti’ri’spaydan ketkir-ay. (Q.A’wezov).

Ayi’ri’m jag’daylarda ko’rsetilgen forma tilek tilewdi bildiredi. Mi’sali’: Ko’p jasag’i’r, jaqsi’ jigit, yendi bizge Nikolay menen Kerenskiy zaqi’m yetpeyme. (Q.A’wezov).

Bul formalar geyde ironiyali’q ma’nide de qollani’ladi’. Mi’sali’: Ha’y, bereket tapqi’r, bizlerdi qashang’i’ qatnati’p qoyasan’? Sonday-aq bul formadag’i’ feyiller u’y haywanlari’ ha’m basqa da ja’niwarlardi’ g’arg’aw ma’nisin an’latadi’. Mi’sali’: ha’, jamanlatqi’r, - dep a’ste jekrin’di wol (Sh.Aytmatov).

Bul fomadag'i' feyiller *-ma/-me, -pa/-pe, -ba/-be* boli'msi'z affiksleri menen qollani'lg'anda, «g'arg'i's» ma'nisindegi feyiller tilek ma'nisine, tilek ma'nisindegi feyiller «g'arg'i's» ma'nisine iye boladi'.

Mi'sali':

*tili kesilgir – tili kesilmegir*

*bereket tapqi'r- - bereket tappag'i'r*

*Ushpa tiygir - ushpa tiymegir*

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde II bet buyri'q meyildin' *-g'i'l/-gil, qi'l/-kil* formalari' qollani'ladi'. Al qaraqalpaq tilinde bul forma tek ayi'ri'm so'z sheberlerinin' jeke stilinde ushi'rasadi'. Mi'sali': A'y, Alla! insannan insandi' jarat! Benden'e bermegil bunday a'dalat!  İnsan berip wo'zin' qollag'i'l bizdi. (A'.Wo'tepbergenov).

Buyri'q meyildin' II bet formasi'ndag'i' feyiller janapay so'zler menen dizbeklesip kelip, ha'r qi'yli' ekspressivlik-emocionalli'q ha'm modalli'q ma'nilerdi an'latadi'.

a) Buyri'q meyil formasi'ndag'i' feyillerge *-shi'/-shi, -san'a/-sa'n'a', -o's* ha'm tag'i' basqa janapaylar jalg'ani'p, feyildegi buyri'qli'q ma'ninin' eksperssivligin ku'sheytedi. Mi'sali': Qanday qi'smetlerin' bar aytshi' ja'ne. Mi'nalar ne wo'zi, a'rwaqqa, jin be?  (A'.Wo'tepbergenov). He ne boldi', sorli'? Aytsan'a.  (Q.A'wezov). Woy, quli'ni'm, shershergo's.  (A'.Atajanov). Buyri'q meyil formasi'ndag'i' feyillerge *-shi'/-shi, -san'o/-sen'o, -da' -sa/-se* janapaylari' jalg'ang'anda, buyri'qli'q ma'ni pa'seyip, tilek, wo'tinish ma'nileri bildiriledi. Mi'sali': Xat bergennen tapbaymi'z., Ma'demin xoja, so'zge tu'sinip alsan'shi'.  (Q.A'wezov). Ha, jolawshi' keleg'oysan'o.  (K.Sultanov). Bi'lay bir qaptalg'a shi'g'i'n' da'!  (A'.Atajanov).

v) Ayi'ri'm jag'daylarda buyri'q meyil formasi'ndag'i' feyillerge *-sesh, a'y* janapaylari' jalg'ani'p, «gijiniw», «abay yetiw» ma'nileri an'lati'ladi'.

Mi'sali': tu's-a'y bi'lay! – dedi juwi'ri'p kelgen Arti'qbay.  (A'.Atajanov). Wolay bolsa, g'arri' wo'gizin'di soyi'p, yeldi toydi'rsesh!  (T.Qayi'pbergenov).

Qaraqalpaq tilinde III bettegi buyri’q meyil formalari’ da qollani’ladi’, biraq wolar III betke tikkeley buyri’q ma’nisin an’latpaydi’. III betke buyri’q II bet arqali’ bildiriledi. Sonli’qtan da buyri’q meyildin’ II beti menen III beti arasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’q tilshi ali’mlardi’n’ di’qqat worayi’nda boli’p kiyati’r. Wolar II betke qatnasli’ buyri’q meyil formalari’n *tikkeley buyri’q* (pryamoy prikaz) dep, al III betke qatnasli’ buyri’q meyil formalari’n *qi’ya buyri’q* (kosvenni’y prikaz) dep ataydi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde buyri’q meyildin’ III bet *-si’n/-sin* formalari’ qollani’ladi’. Bul formalar arnawli’ bet-san affikslerinen ha’m tarti’m affikslerinin’ qollani’li’wi’nan wo’zgeshelikke iye. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde buyri’q meyildin’ III beti birlik ha’m ko’plik sanda birdey formada qollani’ladi’. Mi’sali’:

Ma’rya azlaw ju’re tursi’n,
Yele ga’p ko’p ayti’lmag’an,
Kewil bergen yeki ashi’q,
So’z so’ylesip mawqi’n bassi’n. (T.Jumamuratov).

Tu’rkiy tillerdin’ ayi’ri’mlari’nda, sonday-aq qaraqalpaq tilinin’ qubla dialektinde buyri’q meyildin’ III bet formasi’na ko’plikti yamasa hu’rmetti an’lati’w maqsetinde *lar* qosi’mtasi’ jalg’ani’p ta qollani’ladi’. Buyri’q meyildin’ *-si’n/-sin* formalari’ birdeyine III bettegi subektke tiyisli qollani’la bermeydi, ayi’ri’m jag’daylarda II betke qarata qollani’ladi’. Mi’sali’: Miymannan bolsi’n, bir ali’p jiberin’. Joldaslar kim qarsi’ bolsa, qoli’n ko’tersin. Bul forma geyde u’sh betke de tiyisli qollani’ladi’. Mi’sali’: Kim jaman bolsa, qudaydan tapsi’n. Buyri’q meyildin’ bul formasi’ kontekstke qaray is-ha’rekettin’ bir de sha’rtine, bir de maqsetine baylani’sli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Basi’n’a is tu’ssin, hesh na’rsenin’ qa’dirin bilmeysen’. (K.Ma’mbetov).

Mudam aq bolsi’n dep nesip i’g’bali’n’,
Aq gu’llerden shashi’w shashti’m toyi’n’a. (İ.Yusupov)

Ayi’ri’m jag’daylarda bul formalar qarsi’li’q ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Baylardi’n’ qaysi’si’ aqsaqal bolmasi’n, japlardi’n’ qazi’wi’n diyqanlar qazadi’. (A.Bekimbetov). Buyri’q meyildin’ III bet *-si’n/-sin* formasi’ qaraqalpaq tilinde so’ylewshinin’ psixofiziologiyali’q halati’na, pikirdin’ eksperssivlik-emocionalli’q, modalli’q ha’m sezimlik ma’nilerine qatnasli’ da qollani’ladi’: a) pikirdin’ qa’pelimde, tosattan payda bolg’ani’n bildiredi. Mi’sali’: Miyim qursi’n! Sizlerge ayti’wg’a umi’ti’p barati’r yekenmen-g’o;

b) ayti’lg’an oy-pikirdin’ ani’qli’g’i’n, haqi’yqatli’g’i’n, duri’sli’g’i’n tasti’yi’qlap, wog’an isenimdi bildiriw ushi’n qollani’ladi’. Mi’sali’: Quday ursi’n! Bul balag’a qoli’mni’n’ ushi’n tiygizbedim. Sizden ruxsatsi’z birewin alsam buyi’rmasi’n.

v) İnsenimsizlik, boljaw ma’nilerin an’latadi’. Mi’sali’: Kim bilsin woni’n’ ne dep awzi’ gu’llep ju’rgenin. Quday bilsin, wog’an ja’ne kimlerdin’ ko’z alarti’p ju’rgenin.

g) Adamni’n’ tan’lani’w sezimin bildiredi. Mi’sali’: Man’layi’m quri’si’n, bir arqa yetip ali’p kiyati’r-g’o.

d) Ko’riw, mi’sqi’llaw, mise tutpaw ma’nilerinde de qollani’ladi’.. Mi’sali’: A’dira qalsi’n, sonday bolg’an ustavi’ni’n’. A’y turqi’n’ qursi’n, jog’al! Wo’ytip boyawdi’n’ ba’rin betin’e jag’a berip.

e) Wo’kiniw, qi’ynali’w ma’nilerin an’latadi’. Mi’sali’: A’y bu’ytip toy bergeni quri’si’n. Wa’y du’nyasi’ quri’si’n, ne sebep ha’mmege birdey yemes.

j) Xoshametlew, alg’i’s ayti’w, ruxlani’w ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Yelim, qutli’ bolsi’n, jan’a qa’demler, Xalqi’m, qutli’ bolsi’n jan’a ji’li’n’i’z. (T.Ma’tmuratov). Ta’n’ir jari’lqasi’n, kelgenin’izge, kelip turi’n’.

z) Tilek yetiw, a’rman yetiw ma’nilerinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Joq, joq quday saqlasi’n. Adamg’a sa’lem ber, qori’qsi’n shatani’n’. (T.Ma’tmuratov). Hu’rmetli to’rem, yel qarap boldi’g’oy, rehmin’iz kelsin yendi bizge. (Q.A’wezov).

i) Qa’ha’rleniw, gu’rsiniw, g’arg’aw ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Aldi’na barg’ani’mda sa’lemimdi almadi’, aq duzi’ ursi’n. Kim alsa da qudaydan tapsi’n.

k) *-ma/-me, -pa/-pe, -ba/-be* boli’msi’z formalari’ menen qollani’lg’anda, g’arg’i’s, ba’leg’atlaw ma’nisinin’ worni’na tilek ma’nisi an’lati’ladi’. Mi’sali’:

*tili kesilsin – tili kesilmesin.*

*juda bolsi’n – juda bolmasi’n,*

*joli’n’ bolsi’n – joli’n’ bolmasi’n,*

*baxti’n’ ashi’lsi’n – baxti’n’ ashi’lmasi’n.*

q) Soraw ma’nisine de qatnasli’ qollani’li’wi’ mu’mkin. Mi’sali’: Haw, Shariypa! Joli’n’ bolsi’n? (T.Qayi’pbergenov).

l) qorqi’w, gumanlani’w ma’nilerin de an’latadi’. Mi’sali’: Keldi biraq mi’nanday woy: «Mu’mkin wol dushpan bolmasi’n». (T.Jumamuratov).

m) Ruqsat beriw, wo’tinish, maqullaw ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: kelse-kelsin, ayta-qoysi’n, keshegi yertektin’ dawami’n ayti’p bersin. İslep ati’rg’an jerinde isley bersin, basqa jerde aldi’na gu’l ali’p shi’g’a ma?

n) Abay yetiw, qorqi’ti’w ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Ayti’p ko’rsin, tilin suwi’ri’p alayi’n. Aytqani’mdi’ qi’lmay ko’rsin, sazayi’n bereyin.

o) *-ma/-me, -pa/-pe, -ba/-be* boli’msi’z janapaylari’ menen birge kelip, subekttin’ waqi’yag’a qatalli’g’i’n an’latadi’. Mi’sali’: Aynani’ si’ndi’rg’an adamdi’, kim bolmasi’n, tawi’p alaman. Wol qansha uri’nbasi’n, qansha ter to’kpesin ba’ri bir balashag’asi’n bag’a almadi’.

e) formalari’ geyde, quwani’w sezimine qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Yashasi’n dep worni’nan turdi’ A’jeke.

p) Ten’ew ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Barg’an qonaqlari’n ku’tiw bi’lay tursi’n, yesigin de ashpag’an

r) Wo’zinin’ buyri’qli’q ma’nisin joyti’p, shaqi’ri’q, u’ndew ma’nilerin an’latadi’. Mi’sali’: Jasasi’n! Keleshegi ulli’ ma’mleket! Jog’alsi’n uri’s woti’n tutandi’ri’wshi’lar!

s) buyri’qli’q ma’nide yemes, al jag’daydi’ an’lati’p ta qollani’ladi’. Mi’sali’: Ku’n ji’li’si’n, awi’lg’a qi’di’ri’p ketemiz. İsi tu’ssin aldi’n’da jortpag’ani’n ko’reyin.

t) Da’stu’rlerge baylani’sli’ kewil ayti’w ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Qaza qayi’rli’ bolsi’n, iymani’n bersin, tiye bersin, topi’rag’i’ torqa bolsi’n, jatqan jeri jayli’ bolsi’n.

u) Feyildin’ wo’zgelik da’reje formalari’nan keyin jalg’ang’anda isletiwshi yag’ni’y passiv subekt mudami’ III bettegi subekt boli’p, wol islewshi yag’ni’y logikali’q subekt I, II ha’m III betlerdin’ barli’g’i’ bola aladi’. Mi’sali’: Diplomi’n alsa, birinshi meni quwantsi’n. Bul mi’salda passiv subekt III bet, al logikali’q subekt I bet birlik sanda. Tag’i’ da mi’sallar keltireyik. 1. Sen wog’an yemes, wol sag’an isletsin. 2. Klass basshi’si’ Yelmanovti’n’ ata-anasi’n shaqi’rtsi’n. Birinshi mi’salda passiv subekt III bet, al logikali’q subekt II bet birlik sanda, yekinshi mi’saldi’n’ passiv subekti de, logikali’q subekti de III betke tiyisli. Tek ayi’ri’m jag’daylarda g’ana passiv subekt basqa betlerge tiyisli qollani’ladi’. Woni’ da tek kontekst mazmuni’ arqali’ g’ana ani’qlaw mu’mkin. Mi’sali’: Ju’r jekpe-jekpe ayamasi’n. Jer tartti’rsi’n kimde ku’sh bar, kewilde da’rt qalmasi’n. Bul keltirilgen mi’salda kontekst mazmuni’ arqali’ g’ana passiv subekttin’ I betke, logikali’q subekttin’ II betke yamasa, kerisinshe yekeni an’lati’li’p tur. Bul kontekstte III bettegi subekt joq. Buyri’q meyildin’ III bet *-si’n/-sin* formalari’ *-i’n/-in, -n, -i’l/-il, -l* formali’ wo’zlik ha’m belgisiz da’rejeli feyillerge de jalg’ani’p qollani’ladi’. Bul formalar ga’pte III bettegi grammatikali’q subekt penen predikativlik baylani’sqa tu’sip, formali’q jaqtan III betke tiyisli boladi’. Mi’sali’: *paxta terilsin, paqsa wo’rilsin.* Bul mi’sallardag’i’ buyri’q meyildin’ III bet formasi’ndag’i’ feyiller menen predikativlik baylani’sqa tu’sip kelgen *paxta, paqsa* so’zleri logikali’q subekt bola almaydi’. Wolar logikali’q subekttin’ is ha’reketi qarati’lg’an predmet boli’p yesaplanadi’. Bul formadag’i’ feyillerdin’ logikali’q subektlerinin’ III betke tiyisli subektler yekeni kontekst mazmuni’nan belgili. Wolar ayi’ri’m

jag'daylarda g'ana III betten basqa bettegi subektke baylani'sli' qollani'li'wi' mu'mkin. Mi'sali': *Polk komondirine…* Bul buyri'q polkti'n' barli'q a'skeriy xi'zmetkerlerine jetkerilsin. (radiogramma). Bul mi'saldag'i' *buyri'q* so'zge *jetkerilsin* feyili menen predikativlik baylani'sqa tu'sip, grammatikali'q subekt xi'zmetin atqari'p kelgen. Biraq is-ha'reketti wori'nlawshi' logikali'q subekt II bet yekeni sezilip tur. Buyri'q meyildin' III bet *-si'n/-sin* formasi' tu'p da'reje feyillerine jalg'ani'p kelse, wolar menen predikativlik baylani'sqa tu'sip, grammatikali'q subekti sol is-ha'rekettin' wori'nlawshi'si' boli'p tabi'ladi'. Mi'sali': Aygul paxta tersin. Wol xat jazsi'n. Bul formalar ayi'ri'm jag'daylarda g'ana II bettegi subektke qatnasli' qollani'li'wi' mu'mkin. Mi'sali': Marat ag'a, aqsaqalsi'z-g'o birinshi jas u'lken alsi'n, keyin biz alami'z. Bul mi'saldag'i' buyri'q meyildin' III bet formasi'ndag'i' *alsi'n* feyili formali'q jaqtan III bettegi *jas u'lken* so'zi menen predikativlik baylani'sqa tu'sip tur. Biraq kontekst mazmuni'nan sol is-ha'rekettin' ori'nlawshi'si' II bet yekeni seziledi. Geyde bul formalar I betke de qatnasli' qollani'latug'i'n jag'daylari' ushi'rasadi'. Mi'sali': Wo a'diwli ustaz, siz bir iltimas yetken yekensiz, woni' wori'nlamay sha'kirtin'iz qayda barsi'n. Bul keltirilgen mi'saldag'i' *qayda barsi'n* feyili de III bettegi *sha'kirtin'iz* so'zi menen predikativlik baylani'sqa tu'sken. Biraq kontekst mazmuni'nan bul is-ha'rekettin' wori'nlawshi'si' I bet yamasa so'ylewshinin' wo'zi yekeni ko'rinip tur. Buyri'q meyildin' III bet *-si'n/-sin* formasi'ndag'i' feyiller adam atlari'n qoyi'wda da jiyi qollani'ladi'. Mi'sali': *Tursi'n, Ulbosi'n, Yesbosi'n, Ju'rsin, Toxtasi'n, Baybosi'n, Bektursi'n, Bekbosi'n* ha'm tag'i' basqa.

### Tarti'm affiksleri menen betlengen feyillerdin' stillik qollani'li'wi'

Ayti'p wo'tkenimizdey, tarti'm affiksleri feyillerge jalg'ani'p, is-ha'rekettin' qaysi' bettegi ha'm qaysi' sandag'i' subektke tiyisli qollani'lg'ani'n ani'qlap, feyildin' bet-san affiksleri xi'zmetinde qollani'ladi'.

Feyildin' tarti'm affiksleri menen betlengen formalari' qaraqalpaq tilinde jeke hali'nda ju'da' siyrek qollani'ladi'. Bul formadag'i' feyiller ga'pte

ko’pshilik jag’dayda substantivlesip, ga’ptin’ baslawi’sh ag’zasi’ xi’zmetinde qollani’ladi’. Mi’sali’: Menin’ u’ylenip qoyg’ani’m sizge ma’lim. (Q.A’wezov). Ayi’ri’m jag’daylarda wol ga’ptin’ bayanlawi’sh ag’zasi’ xi’zmetinde de qollani’ladi’. Mi’sali’: Qudaydan menin’ yen’ ulli’ tilegim – yelimnin’ amanli’g’i’, xalqi’mni’n’ qurg’i’n turmi’s keshiriwi, ruwxi’ni’n’ ba’lent boli’wi’. (Q.Kamalov).

Feyildin’ tarti’m affiksli formalari’ ko’pshilik jag’dayda ko’mekshi so’zler menen dizbeklesip analitikali’q forma jasap qollani’ladi’.

Feyildin’ tarti’m affiksli formalari’ *kerek, lazi’m, za’ru’r, tiyis* modal so’zleri menen dizbeklesip kelip, is-ha’rekettin’ wori’nlani’wi’ ushi’n talapqa, minnetlilikke, za’ru’rlikke baylani’sli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Bul haqqi’nda ushi’p qong’ansha yerterek woylani’wi’n’i’z kerek. (Q.A’wezov). Ayri’qsha u’lken g’amxorli’q ko’rsetiwimiz tiyis. (Q.Kamalov). *Bar, joq* so’zleri menen dizbeklesip kelgende, is-ha’rekettin’ boli’mli’ yamasa boli’msi’z ma’nilerin bildiredi. Mi’sali’: Yekinshi hayali’mnan bolg’an qi’zi’na u’ylendirip, toy berejaq boli’p kiyati’rg’ani’ bar. Haw, men woni’ qayti’p kelgennen son’ ko’rgenim joq. (Q.A’wezov).

Bul formadag’i’ feyiller *mu’mkin* modal so’zi menen dizbeklesip, gumandi’, boljawdi’, isenimsizlikti bildiredi. Mi’sali’: Bilmeymen, aytsan’i’z biliwim mu’mkin. (Q.A’wezov). Geyde *maqul* modal so’zi menen dizbeklesip, maqullaw ma’nisindegi modalli’q qatnasti’ an’latadi’. Mi’sali’: Mi’naw ju’da’ ha’dden asti’g’oy, joq, sudlasqani’m maqul. (Q.A’wezov).

Feyildin’ tarti’m affiksli formalari’ *ushi’n* tirkewishi menen dizbeklesip, birde maqset, birde sebep ma’nilerine qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Jiyemurat u’y iyesinin’ biraz qi’si’ni’spada qalg’ani’n sezip juwap bergeni ushi’n wo’zi de qi’si’ndi’. (T.Qayi’pbergenov). Qaraqalpaqstanni’n’, qala berse pu’tkil Wo’zbekstanni’n’ jaynap jasnawi’ ushi’n hadal miynet yetip ati’rmi’z. (Q.Kamalov).

Sonday-aq *menen, boyi'nsha, arqali'* tirkewishleri menen dizbeklesip kelgende, bul forma is-ha'rekettin' qalay ha'm qanday jag'dayda isleniw usi'li'na baylani'sli' pi'si'qlawi'shli'q ma'nilerde qollani'ladi'. Mi'sali': Ko'p yemleniwi arqali' buri'ng'i'day boli'p jazi'ldi'. Kesenin' qozg'ali'wi' menen shay azg'ana tolqi'nlasi'p ketti. (S.Xojaniyazov). Bul da'rini sizin' ayti'wi'n'i'z boyi'nsha tayarladi'm. Ayi'ri'm jag'daylarda bul forma *menen* tirkewishi menen dizbeklesip kelip, qarsi'li'q ma'ni an'latadi'. Mi'sali': Wolar ha'zir wori'nlamag'ani' menen aldag'i' waqi'tta wori'nlaydi'. (O'.Ayjanov). Bul forma yedi toli'qsi'z feyili menen dizbeklesip kelgende, wo'tken ma'ha'lge qatnasli' ha'reketti bildiredi. Mi'sali': U'lken u'mitler menen yen' son'g'i' iret aldi'n'i'zg'a bari'wi'm yedi. Feyildin' tarti'm affiksli formalari' *kel* ko'mekshi feyili menen dizbeklesip, tilek meyil ma'nisinde ju'da' jiyi qollani'ladi'. Mi'sali':

Qi'z ko'zindey teren' aspandi',

Ji'rlag'i'm keler. (J.İzbasqanov).

Bunday feyillerge *ha'm, a'm, da'/ta'* ha'm tag'i' basqa janapaylar dizbeklesip kelgende, is-ha'rekettin' ekspressivligi ku'sheytilip ko'rsetiledi. Mi'sali': Ne bolatug'i'n yedi, jas oti'nni'n' pi'sqi'wi'-da'.

Bul forma *-g'oy, -g'o* janapaylari' menen dizbeklesip kelgende, isenimlilik ma'nisi bildiriledi. Mi'sali': Haw, mi'naw bizin' Rozani'n' ayti'wi'-g'oy.

Geyde *yan'li', si'yaqli'* tirkewishleri menen dizbeklesip, megzetiw, usati'w ma'nilerin an'latadi'. Mi'sali':

Ko'zlerin' atlasi'n zorg'a kelesen',

Na'restenin' tay-tay ju'riwi yan'li'. (A'.Qaypov).

Ayi'ri'm jag'daylarda tarti'm affiksli feyiller pikirdin' qa'pelimde, tosattan payda bolg'ani'n yamasa yadqa tu'skenin an'latadi'. Mi'sali': Aytayi'n degenim, Da'megu'l menen so'ylesip ko'riwdi umi'tpa. Geyde tarti'm affiksi feyil ta'kirarlani'p kelip, qatalli'qti' bildiredi. Mi'sali': Aytqani'm-aytqan, yendi keyin qayti'w joq.

Sonday-aq tarti’m affiksli feyiller tilimizde ko’pshilik jag’daylarda substantivlesip, seplik affikslerin qabi’llap ta qollani’ladi’. Qanday da qubi’li’sti’n’ ya predmettin’ sol ha’reketke tiyisliligin an’lati’wda iyelik sepligi formasi’ ken’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Ha’y bala, senin’ bul ku’nleri tayarli’qqa bari’wi’n’ni’n’ mazasi’ joq-g’o.

Bari’s sepligi is-ha’rekettin’ bag’darlang’an obektin bildirgende qollani’ladi’. Mi’sali’: Woni’ basqalardan ko’birek biliwime sebepshi bolsa kerek, dep woylayman (Q.Kamalov).

Ayi’ri’m jag’daylarda is-ha’rekettin’ tikkeley obekti si’pati’nda tabi’s sepligi formasi’ da qollani’ladi’. Mi’sali’: Joq, hu’rmetli mi’rza, a’piw yetiwin’izdi wo’tinemen. (Q.A’wezov).

Geyde is-ha’rekettin’ worni’ si’pati’nda wori’n sepligi formasi’ da qollani’ladi’. Mi’sali’: Bul qi’zdi’n’ qosi’q ayti’wi’nda hesh qanday kemshilik joq.

Shi’g’i’s sepligi formasi’ is-ha’rekettin’ shi’qqan worni’na baylani’sli’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Aytqani’n’nan qaytpaytug’i’n netken jin urg’an adamsan’. (Q.A’wezov).

## Bet-san formalari’ni’n’ publicistikali’q stilde qollani’li’wi’

Feyildin’ bet-san affikslerinin’ publicistikali’q stilde qollani’li’wi’, woni’n’ janrli’q wo’zgesheliklerine qaray azi’-kem ayi’rmashi’li’qlarg’a iye. Publicistikani’n’ basi’m ko’pshiligin g’alaba xabarlaw materiallari’ quraytug’i’n bolg’anli’qtan, feyildin’ bet-san affikslerinin’ III bet formalari’ ju’da’ wo’nimli qollani’ladi’. Publicistikani’n’ ocherk, feleton ha’m tag’i’ basqa sol si’yaqli’ janrlari’nda bet-san affikslerinin’ qollani’li’wi’ni’n’ ko’rkem a’debiyattan parqi’ joq. Xabar, jan’ali’q ha’m su’wretlemelerde feyildin’ bet-san affikslerinin’ III bet formalari’ wo’nimli qollani’ladi’. Mi’salar: 1. 22-yanvar ku’ni Qazaqda’rya awi’li’ni’n’ turg’i’nlari’ u’lken quwani’shqa bo’lendi. Nege degende usi’ ku’ni 30 koykag’a mo’lsherlengen yemlewxana-imarati’ paydalani’wg’a tapsi’ri’ldi’. 2.Ma’jiliste a’dillik ministri Ye.Mirsafaev basshi’li’q yetti. 3. Tashkentte

Wo’zbekstan Joqari’ Xojali’q sudi’ni’n’ plenumi’ boldi’. 4. Bunnan basqa bizin’ sportshi’lari’mi’zdi’n’ bir qatar Xali’q arali’q jari’slarg’a da qatnasi’wi’ ku’tilmekte. («Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’).

Publicistikani’n’ intervyu janri’nda feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ qollani’li’wi’nda basqa janrlardan ayi’rmashi’li’qlari’ seziledi. Bunda ko’binese I ha’m II bet formalari’ wo’nimli qollani’ladi’. Mi’sallar: -Siz qansha jerdi yegiwge jobalasti’rg’ansi’z ha’m qanday yeginlerdi yekpekshisiz?

-Barli’g’i’ boli’p 100 gektar jerge yegin yegiwdi jobalasti’rdi’q, soni’n’ 80 gektari’na paxta, 10 gektari’na pali’z, 10 gektari’na da’nli yegin yekpekshimiz. (radio). Jurnalistler sa’wbetlesiw bari’si’nda jurnalistlik etikani’ saqlap so’ylesedi. Sonli’qtan da, subektler birlik sanda bolg’ani’ menen, feyiller ko’plik formada qollani’lg’an.

Ayi’ri’m waqi’tlari’ intervyu bari’si’nda feyildin’ bet-san affikslerinin’ I bet formasi’ qollani’lmay, worni’na II bet formasi’ qollani’ladi’. Mi’sali’: - Wo’zin’izdi baxi’tli’ g’arri’ sanaysi’z ba? Baxi’tti’n’ wo’lshemi bar ma? - Wo’mir dawam yeter yeken jaqsi’ na’rseden u’mit yetip jasaysan’ («Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’).

Sonday-aq publicistikada feyildin’ I beti worni’na III bet formalari’ni’n’ qollani’li’wi’ jiyi gezlesedi. Mi’sali’: Avtordi’n’ pikiri redakciya pikiri boli’p sanalmaydi’. Kelip tu’sken xatlar, qol jazbalar ha’m su’wretler recenziyalanbaydi’ ha’m qaytari’lmaydi’ ha’m t.b.

İntervyude feyildin’ I ha’m II bet formalari’ wo’nimli qollani’lsa, reportajda u’sh bet te birdey qollani’la beredi. Mi’sali’: Filologiya fakulteti milliy tag’amlar ko’riginen I ori’ndi’ iyeledi. Biz usi’ fakultet dekani’nan bir neshe sorawlarg’a juwap almaqshi’mi’z. – Quwani’shbay Kelimbetovich fakultetin’iz bayramg’a qanday sawg’alar menen kelgenin ayti’p bersen’iz. (radiodan).

Sonday-aq publicistikada tilek meyildin’ I bet ko’plik *-a/e+yi’q/+yik* formalari’ shaqi’ri’q, rubrika, su’ren ma’nisinde ju’da’ jiyi qollani’ladi’.

Mi’sallar: Shigit yegisin waqti’nda juwmaqlayi’q! Ha’r bir g’awashadan mol wo’nim toplayi’q! Suwdan u’nemli paydalanayi’q! Aldi’n’g’i’ ta’jiriybelerdi yen jaydi’rayi’q! Bayramdi’ i’lg’alli’ ku’tip alayi’q! Awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerinin’ zi’yankeslerine qarsi’ gu’resti dawam yettireyik! G’awasha ati’zlari’n jabayi’ sho’plerden tazartayi’q! Xalqi’mi’zdi’n’ tilegin da’nge tolti’rayi’q!

Publicistikada feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ toli’q varianti’ni’n’ I bet ko’plik ha’m III bet formalari’ da rubrika xi’zmetinde wo’nimli qollani’ladi’. Mi’sallar: Woqi’di’q, pikir aytami’z. Berdaq si’yli’g’i’na usi’ni’lg’an miynetlerdi dodalaymi’z. U’ndewge is penen juwap beremiz. Wo’z ja’miyetimiz haqqi’nda gu’rrin’ yetemiz. Ji’nayat jazasi’z qalmaydi’. «Erkin Qaraqalpaqstan» juwap beredi. Qa’nige ken’es beredi.

Ayi’ri’m jag’daylarda II bet formalari’ da ushi’rasadi’. Mi’sali’: Sizler bilesiz be? Sati’p ali’n’, iyelik yetin’, uti’lmaysi’z. Sonday-aq betlik yemes feyillerdin’ tarti’m affiksleri menen betlengen formalari’ da qollani’ladi’. Mi’sali’: Qarar ha’m woni’n’ wori’nlani’wi’, jan’a ji’l qutli’qlawi’.

Publicistikada rubrika xi’zmetinde feyildin’ II bet buyri’q formalari’, ayi’ri’m jag’dayda III bet formalari’ da qollani’ladi’. Mi’sallar: Kimligin’di tani’, wo’timishin’di bil. Si’yli’qlari’n’i’z qutli’ bolsi’n. İs-bilermenlik qollap quwatlansi’n.

Publicistikali’q stilde dawamli’ ha’zirgi ma’ha’l feyillerinin’ *-maqta, -mekte, -paqta/-pekte, -baqta/-bekte* formalari’ basqa stillerge qarag’anda jiyi qollani’ladi’. Mi’sallar: Birlespenin’ II bo’limshesi quri’li’s ha’m montajlaw jumi’slari’n ali’p barmaqta. Ha’r ji’li’ dekabr ayi’ni’n’ yekinshi won ku’nliginde qayi’r saqawat ilajlari’ wo’tkerilmekte. Gu’zdin’ ha’r bir ku’ni kewillerge yosh ha’m ilham bag’i’shlamaqta. («Qaraqalpaqstan jaslari’»).

Publicistikada feyildin’ dawamli’ ha’zirgi ma’ha’l formalari’ jiyi qollani’ladi’, sebebi g’alaba xabar qurallari’ni’n’ basi’m ko’pshiligi ku’nnin’ jan’ali’g’i’n ashi’p beretug’i’n operativ janrdag’i’ do’retpeler boli’p

yesaplanadi’. Sonli’qtan publicistikali’q stilde basqa stillerge qarag’anda ha’zirgi ma’ha’l formalari’ ken’ qollani’ladi’.

### Bet-san formalari’ni’n’ ilimiy stilde qollani’li’wi’

Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ ilimiy stilde qollani’li’wi’ da ayri’qsha. Bet-san affikslerinin’ I bet birlik san worni’na ko’plik formasi’ qollani’ladi’. Mi’sallar: 1. Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nileri dep atawdi’ maqul ko’rdik. (A.Qayi’pov). 2. Qaraqalpaq tilinin’ tariyxi’y fonetikasi’na mu’mkinshiligi bolg’ani’nsha u’les qosi’wg’a umti’ldi’q. (Sh.Abdinazimov). 3. Biz maqalada qaraqalpaq tilinde ani’qli’q ha’m ani’qli’qsi’zli’q ma’ni bildiretug’i’n analitikali’q formalarg’a toqtadi’q. (M.Qudaybergenov).

Feyildin’ I bet birlik san formasi’ ilimiy izertlewlerdin’ tek alg’i’ so’zlerinde g’ana qollani’ladi’. Mi’sallar: 1. Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti qaraqalpaq tili kafedrasi’ni’n’ barli’q ag’zalari’na sheksiz minetdarshi’li’g’i’mdi’ bildiremen. (Sh.Abdinazimov). 2. Usi’ miynetim jo’ninde baspaso’z arqali’ yamasa jeke wo’zime wo’zlerinin’ pikirin bildiretug’i’nlar bolsa, aldi’n ala alg’i’slar jollayman. (Q.Worazi’mbetov).

İlimiy stilde feyildin’ bet-san affikslerinin’ III bet formalari’ ju’da’ wo’nimli qollani’ladi’. Mi’sallar: 1. Sen-lik affiksleri bul dizbektin’ komponentlerine tu’rlishe jalg’anadi’. (A.Bekbergenov). 2. Bir fonemani’n’ ha’r tu’rli renklerine iye boli’wi’ fonemani’n’ minnetli yemes ren’kleri delinedi. (A.Da’wletov). 3. Analitikali’q tilek meyillerde u’sh bette birlik ha’m ko’plik sanlarda tu’rlenedi. (M.Da’wletov).

İlimiy stilde feyildin’ II bet formalari’ ju’da’ az qollani’ladi’. Mi’sallar: «Kletka» temasi’n u’yrengende sizler elodiya japi’rag’i’ kletkalari’nda citoplazmani’n’ ha’reketin baqladi’n’i’z. (Botanika). Yendi sizler gorizontti’n’ tiykarg’i’ ha’m arali’q ta’replerin bilesizler. (Geografiya).

Joqari’da ko’rip wo’tkenimizdey, ilimiy stilde feyildin’ arnawli’ bet-san affikslerinin’ II betinin’ tek ko’plik formalari’ qollani’ladi’. Degen menen, II bet

birlik formalari'ni'n' qollani'li'w jag'daylari' da ushi'rasadi'. Biraq wolar II bet yemes, al I betke tiyisli qollani'ladi'. Mi'sallar: Satirani'n' ku'shinin' yendi kerekligin talap yetesen' (Yu.Paxratdinov). Usi'nday ten'sizliktin' aqi'betinde ju'z bergen socialli'q jag'dayg'a na'let aytasan' (Yu.Paxratdinov).

İlimiy stilde buyri'q meyildin' II bet formalari'ni'n' da tek ko'plik formalari' qollani'ladi'. Mi'sallar: Sali'sti'rmali' as duzi' mug'dari'na iye variantlari'mi'zda biydaydi'n' normal wo'sip rawajlani'wi'n ha'm sali'sti'rmali' zu'ra'a't bergenin ko'rip wo'tsek boladi'. (D.Qaypov). A.V. kesindisin birlik kesindi retinde qabi'l yetip, woni' ten' 2 bo'lekke bo'lemiz. (Matematika). Bul tuwrali' buyri'q meyilge qaran'. (Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikasi').

İlimiy stilde ayi'ri'm jag'daylarda buyri'q meyildin' III bet *-si'n/-sin* formalari' da qollani'ladi'. Mi'sali': sha'rtke muwapi'q islenip ati'rg'an bo'lshek bolsi'n. (Matematika).

Sonday-aq tarti'm affiksleri menen betlengen feyillerdin' ilimiy stilde II betinin' ko'plik formalari' g'ana gezlesedi. Mi'sali': Fizikali'q geografiyani' u'yreniwge kirispesten buri'n sizler bizin' planetami'zdi'n' globusta ha'm kartalarda qalay su'wretlenetug'i'ni' menen tani'si'wi'n'i'z, geografiyali'q kartani' tu'sine biliwin'iz, karta boyi'nsha ma'seleler sheshe ali'wi'n'i'z, shi'ni'g'i'wlar wori'nlay biliwin'iz tiyis. (Geografiya).

İlimiy stilde tilek meyildin' de birlik formalari' qollani'lmay, tek *-a/-e+yi'q/+yik* formalari' qollani'ladi'. Mi'sallar: Yerik gu'linde shan'lang'annan keyin ne bolatug'i'ni'n qarap wo'teyik (Botanika). Gorizantti'n' tiykarg'i' ta'repleri: arqa, shi'g'i's, arqa-bati's, qubla-shi'g'i's, qubla-bati's yekenligin yeske tu'sireyik. (Geografiya).

Sonday-aq ilimiy stilde feyildin' tarti'm affiksleri menen betlengen formalari'nda I bet birlik sanni'n' worni'na ko'plik san qollani'ladi'. Mi'sali': Joqari'da aytqani'mi'zday Na'jim Da'wqaraevti'n' ko'p qi'rli' jumi'slari'ni'n' arasi'nda sovet a'debiyati' ma'seleleri belgili wori'ng'a iye. (Yeski tu'siriwleri).

**Feyildin' bet-san formalari'ni'n' is-qag'azlari' stilinde qollani'li'wi'**

Ra'smiy is qag'azlari' stili de basqa stiller si'yaqli' wo'zine ta'n qollani'latug'i'n so'zlerine ha'm terminlerine iye. Ra'smiy is qag'azlari' leksikasi' arnawli' tu'rde qollani'latug'i'n bay qatlamg'a iye bolg'anli'qtan, wol tildin' so'zlik qurami'ni'n' rawajlani'p ha'm bayi'wi'na tiykarg'i' dereklerdin' biri boli'p yesaplanadi'. Qaraqalpaq tilinde ra'smiy is qag'azlari' stili publicistikali'q ha'm ilimiy stillerge qarag'anda yerte payda bolg'an. Yeski qaraqalpaq tilinde is qag'azlari' arab grafikasi'nda jazi'li'wi'na baylani'sli' arab-parsi' tillerinin' ta'siri ju'da' ku'shli boldi'. Ma'selen, *daw, ayi'p, qarar, axdi, ant, mawlet* ha'm t.b. ra'smiy is-qag'azlari' leksikasi'na ta'n so'zler arab-parsi' tillerinin' ta'sirinde tilimizge kirgen.

Qaraqalpaqlardi'n' Rossiya qurami'na kiriwi menen ra'smiy is qag'azlardi'n' leksikasi'na rus tilinin' ta'siri ku'shli boldi'. Ma'selen: *povestka, rasxod, nomer, telegramma, doverenost, raport* ha'm t.b. so'zler kirdi. Sonday-aq, *ku'n ta'rtibi, ashi'q dawi's, qol ko'teriw, jari's so'z, kiris so'z* ha'm t.b. frazeologizmler qa'liplesti. Qaraqalpaq tilinin' wo'zinin' ma'mleketlik statusi'na iye boli'wi' ra'smiy is qag'azlari' leksikasi'na a'dewir wo'zgeris kirgizdi. Ma'selen, jan'adan *spravka-ma'limleme, svodka-mag'li'wmat, otchët-esap, doklad-bayanat, xarakteristika-minezleme* ha'm t.b. terminleri qa'liplesti.

Ra'smiy is qag'azlari' stilinde feyildin' arnawli' bet-san affikslerinin' barli'q tu'rleri derlik qollani'ladi'. Biraq basqa stillerge qarag'anda bet-san affikslerinin' qollani'li'w jiyiliginde a'dewir wo'zgesheliklerge iye is qag'azlari' stilinde feyildin' bet-san affikslerinin' I bet birlik san formalari' *arza, tu'sinik xat, til xat* ha'm belgili bir basshi' ta'repinen tasti'yi'qlanatug'i'n hu'jjetlerde qollani'ladi'. Mi'sallar: … usi' arzam arqali' ma'lim yetip bildiremen. …Yendi sabaqtan ruxsatsi'z qalmayman… 1000 som puldi' Polatqa bir ay mu'ddetke qari'zg'a berdim… Tasti'yi'qlayman! Ko'rip shi'qti'm.

Sonday-aq feyildin' bet-san affikslerinin' I bet ko'plik formalari' ma'limleme, akt, ha'm tag'i' basqa is qag'azlari'nda qollani'ladi'. Mi'sallar: 1.

Berdaq ati'ndag'i' worta mektepti pitkergenimizde, to'mendegi kemshiliklerdin' wori'n alg'ani'n ani'qladi'q…. 2. Jasaymi'z bul aktti to'mendegi gu'walardi'n' qatnasi'nda … joqari' mag'li'wmatli' ekonomist buxgalterdi jumi'sqa alami'z.

Feyildin' bet-san affikslerinin' II bet birlik formalari' is qag'azlari' stilinde qollani'lmaydi', al II bet buyri'q meyildin' ko'plik formalari' ko'pshilik jag'dayda dag'azalarda qollani'ladi'. Mi'sali': ja'rdem pul ali'wshi' puxaralar usi' aydi'n' 20-sa'nesine shekem hu'jjetlerin'izdi tapsi'ri'p boli'n'. (dag'aza). Mallari'n qarasang'a qarsi' shanshi'tti'ratug'i'n puxaralar ferma basli'g'i'na joli'g'i'n' (dag'aza).

Arnawli' bet-san affikslerinin' toli'q varianti'ni'n' da II bette tek ko'plik formalari' qollani'ladi'. Mi'sali': Mal sati'w ushi'n spravka ali'wg'a ha'r ha'ptenin' 2-4 ku'nleri sovxoz ken'esine barasi'z (dag'aza). Baxti'n'i'z ju'rse «ekologiya» lotareyasi'nan birden yeki avtomobil utasi'z (reklama).

Sonday-aq arnawli' bet-san affikslerinin' qi'sqa varianti' da II bette tek ko'plik formada qollani'ladi'. Mi'sali': Xali'q banki xi'zmetinen paydalansan'i'z uti'lmaysi'z. (dag'aza). Paydalang'an gaz ha'm elektr energiyasi'ni'n' puli'n to'lemesen'iz, spravka berilmeydi. (dag'azi').

İs qag'azlar stilinde tarti'm affiksleri menen betlengen feyiller de ushi'rasadi'. Bul formalar da arnawli' bet-san affiksleri si'yaqli', birlik sanda qollani'lmaydi'. Ayi'ri'm jag'daylarda tek ko'plik formalari' azlap ushi'rasadi'. Mi'sallar: 1. To'lemlerdi 15-yanvarg'a shekem to'lewin'iz tiyis… (dag'aza). 2. Sizdi toy quwani'shi'mi'zdi' bo'lisiwin'izge mira't yetemiz. (mira'tnama).

İs qag'azlari' stilinde feyildin' bet-san affikslerinin' III bet formalari' yen' wo'nimli qollani'latug'i'n forma. Mi'sallar: 1. Beriledi usi' spravka J.Bawetdinovag'a (spravka). 2. Bir awi'zdan ma'jilistin' reglamenti tasti'yi'qlandi'. 3. Fakultet ilimiy ken'esi qarar yetedi. (protokol).

Sonday-aq is qag'azlari' stilinde I bettin' worni'na III bet affikslerinin' qollani'li'wi' jiyi ushi'rasadi'. Mi'sali': Su'tten tu'sken naq aqsha qari'zg'a berilmeydi. Paxtakeshlerdin' is-haqi'si' ati'z basi'nda beriledi. (dag'aza).

Buyri’q meyildin’ III bet *-si’n//-sin* formalari’ is qag’azlari’ stilinde ayi’ri’m jag’daylarda I bet worni’na qollani’ladi’. Mi’sali’: Yelmanovani’n’ nawqaslani’p qali’wi’na baylani’sli’ sabaqlari’n woqi’ti’w. Womarovag’a tapsi’ri’lsi’n. tiykari’: Yelmanovani’n’ 14-15 byulleten qag’azi’ tiykari’nda menin’ uyg’ari’wi’m (buyri’q). Bul mi’saldag’i’ *tapsi’ri’lsi’n* feyilinin’ subekti buyri’q beriwshinin’ wo’zi bolg’ani’ menen, III bet formasi’nda qollani’lg’an. İs qag’azlari’ stilinde buyri’q, qarar, qutli’qlaw ha’m t.b. ko’pshiliktin’ ati’nan III bet formasi’nda qollani’ladi’. Mi’sali’: Do’gerek jumi’slari’n jolg’a sali’w assistent Bashirov ha’m Aynazarovag’a tapsi’ri’lsi’n. Kafedra basli’g’i’ni’n’ bir ji’lli’q yesabi’ mag’li’wmat ushi’n qabi’llansi’n. Mektep direkciyasi’ sizdi «Xosh, A’lipbe» bayram-keshesine mira’t yetedi… Mug’allimlerdin’ avgusta konferenciyasi’ni’n’ saltanatli’ ashi’li’wi’ menen RAPO ja’ma’a’ti qutli’qlaydi’.

**Bet-san formalari’ni’n’ awi’zeki so’ylew stilinde qollani’li’wi’**

So’ylew tili – bul xali’qti’n’ ku’ndelikli turmi’sta bir-biri menen tuwri’dan-tuwra qatnas jasawi’ni’n’ aktiv formasi’.. Jazba stildin’ wo’zi so’ylew tili tiykari’nda payda boladi’. So’ylew tili jazba stilge ta’n barli’q normalardi’ wo’z ishine aladi’. Biraq so’ylew tilinde a’debiy tildin’ normalari’na juwap bermeytug’i’n so’zler so’z dizbekleri ha’m ga’pler ko’plep ushi’rasadi’. So’ylew stilinin’ jazba stilden ayi’rmashi’li’q ta’repleri ko’p. So’ylew stilinde ekspressivlik-emocionalli’q ha’m modalli’q-sezimlik ma’nilerdi beriwde, so’ylewshinin’ psixofiziologiyali’q halati’n ko’rsetiwde dawi’s toni’, intonaciya, mimikali’q ha’reketler, sonday-aq bet-pishimin wo’zgertiw ja’rdeminde iske asi’ri’w mu’mkinshiligi bar. Bunnan ti’sqari’ awi’zeki so’ylew tilinin’ leksikasi’nda turpayi’ ma’nidegi so’zler ha’m vulgarizmler de wori’n aladi’. Wolar jazba a’debiy til leksikasi’na tu’p-tami’ri’nan jat qubi’li’slar. Sonli’qtan jazba a’debiy tilge bunday qubi’li’slar so’z sheberi ta’repinen wolardi’n’ sinonimi yamasa ekvivalentin bere alatug’i’n so’zler, frazeologizmler arqali’ woqi’wshi’g’a jetkerip beriledi. Mi’sali’: Ko’zine sho’p saldi’, ju’zigin jog’altti’ ha’m t.b.

Sonday-aq awi’zeki so’ylew tilinde dialektlik so’zler menen tilde awdarmasi’ bola tura basqa tillerdin’ so’zleri de qollani’la beredi. Bul ko’rinis ko’rkem a’debiy shi’g’armalarda da qaharman tilinde ushi’rasadi’.

Ayi’ri’m jag’daylarda feyildin’ bet-san affikslerinen bir bettin’ worni’na yekinshi bet-san formalari’ni’n’ qollani’ladi’. Mi’sali’: Qa’ne, tamaqti’ toydi’rdi’n’ pa? Bari’p woynan’. Joldas direktor, bulardi’n’ miynetleri sizler ta’repten de yesapqa ali’nsi’n.

Bul keltirilgen mi’saldag’i’ *toydi’rdi’q* feyili formali’q jaqtan I bet ko’plik sang’a tiyisli bolg’ani’ menen, II bettegi subektke qatnasli’ qollani’lg’an. Al yekinshi mi’saldag’i’ *yesapqa ali’nsi’n* feyili de formali’q jaqtan buyri’q meyildin’ III betine tiyisli bolg’ani’ menen, kontekst mazmuni’nan II bettegi subektke buyri’q-wo’tinish ma’nisinde qollani’lg’an.

Awi’zeki so’ylew stilinde betlik feyillerdin’ kontekstten tu’sip qali’p qollani’li’w faktleri de ushi’rasadi’. Bunday jag’daylarda feyildin’ bet-san affiksleri aldi’ndag’i’ atawi’sh so’zlerge jalg’ani’p qollani’ladi’. Mi’sali’:

- Neshinshi klassan’? (neshinshi klassta woqi’p ati’rsan’?).

- Woni’nshi’ klasspan (woni’nshi’ klassta woqi’p ati’rman)

Keyni *l* sesine pitken feyillerge bet-san affiksleri jalg’ang’anda, keyingi *l* sesi tu’sirip qollani’ladi’:

| | |
|---|---|
| *kelsin-kesin* | *kelsem-kesem* |
| *alsi’n-asi’n* | *alsam-asam* |
| *Bolsi’n-bosi’n* | *bolsam-bosam* |
| *salsi’n-sai’n* | *salsam-sasam* |

| | |
|---|---|
| *kelippen-keppen* | *kelgenmen-kegenmen* |
| *ali’ppan-appan* | *alg’anman-ag’anman* |
| *boli’ppan-boppan* | *bolg’anman-bog’anman* |
| *sali’ppan-sappan* | *salg’anman-sag’anman* |

Sonday-aq betlik formadag’i’ analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyiller de qi’sqari’p birikken so’z formasi’nda qollani’ladi’:

| | |
|---|---|
| *solay yeteyin-so’yteyin* | *solay yetsin - so’ytsin* |
| *ali’p bereyin-a’pereyin* | *ali’p bersin-a’persin* |
| *ali’p barayi’n-aparayi’n* | *ali’p barsi’n-aparsi’n* |
| *ali’p keleyin-a’keleyin* | *ali’p kelsin-a’kelsin* |

Ayi’ri’m jag’daylarda ses u’nlesligine baylani’sli’ bet-san affikslerinin’ basqa varianti’ni’n’ qollani’li’w jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Mi’sali’: Men woni’nshi’ klassta woqi’patpan (woqi’p ati’rman).

Geyde analitikali’q usi’l menen jasalg’an feyiller qi’sqari’wi’ na’tiyjesinde wolardi’n’ birikken so’z yekeni bilinbey, ha’tte bet-san affiksleri de wo’z ko’rinisin jog’altadi’. Mi’sali’: Qa’ydem (qaydan bileyin), qayag’i’mnan wo’tip ketkenin.

So’ylew stilinde bul feyiller toli’q formasi’nda qollani’lg’anda da seslik u’nleslikke baylani’sli’ *qa’ydem bileyin* formasi’nda qollani’ladi’.

Analitikali’q usi’l menen jasalg’an betlik feyillerdin’ u’sh komponentli formalari’ da qi’sqari’p birkken so’z formasi’nda qollani’li’wi’ mu’mkin. Mi’sali’: Sen armiyadan kelgende, men universitete woqi’pataman (woqi’p ati’rg’an bolaman).

Awi’zeki so’ylew stilinde *yedi, yeken, yemes* toli’qsi’z feyillerinin’ qollani’wi’nda da jazba stilden bir qansha parq qi’ladi’. Ko’pshilik jag’daylarda I ha’m II betlerde *yedi* toli’qsi’z feyilinin’ wo’tken ma’ha’ldi an’lati’wshi’ *-di* affiksi tu’sirilip, bet-san affiksleri tikkeley tu’birge jalg’ani’p qollani’ladi’. Mi’sali’:

*bari’p yedim-bari’p yem, bari’p yedik-bari’p yek*

*bari’p yedin’-bari’p yen’, bari’p yedin’iz-bari’p yen’iz*

Al *yeken, yemes* formalari’ awi’zeki so’ylew stilinde tarti’m affiksleri menen betlengen feyillerge dizbeklesip kelgende, bul toli’qsi’z feyildin’ tu’biri tu’sirilip qollani’ladi’. Mi’sali’: Haw, mi’naw Dawi’tbaydi’n’ qosi’q

ayti’wi’mes (ayti’wi’ yemes). Woni’n’ tun’g’i’sh iret mektep bosag’asi’n atlawi’ken (atlawi’ yeken).

Sonday-aq awi’zeki so’ylew stilinde bet-san affiksleri fonetikali’q wo’zgerislerge ushi’rap ta qollani’ladi’. Mi’sali’:

*barami’z-barami’s* *kelemiz-kelemis*

*bari’ppi’z-bari’ppi’s* *kelippiz-kelippis*

*bari’n’i’z-bari’n’i’s* *kelin’iz-kelin’is*

Ayi’ri’m jag’daylarda feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ toli’q varianti’ni’n’ III bet *-di’/-di* formalari’ni’n’ *-i’/-i* sesleri qi’sqari’p tek *d* formasi’nda da qollani’ladi’. Mi’sali’:

*baradi’-barad* *keledi-keled*

*satadi’-satad* *yesitedi-yesited*

Joqari’da ayti’p wo’tkenimizdey, awi’zeki so’ylew stilinde so’ylewshi ha’r qi’yli’ intonaciyali’q qubi’li’slar menen birge paralingvistikali’q qubi’li’slardi’n’ da ja’rdeminde woy-pikirdi ani’g’i’raq jetkeriw mu’mkinshiligine iye boladi’. Paralingvistikali’q qubi’li’slar woy-pikirdi ti’n’lawshi’g’a jetkeriwde ayqi’nli’q kirgizip qoymastan, belgili bir pu’tin leksikali’q birlik si’pati’nda da qollani’ladi’. Wolar awi’zeki so’ylew stilinde so’ylewshinin’ so’zi menen qabatlasi’p qollani’li’p, «so’ylewshinin’ ruwxi’y-psixologiyali’q halati’na ha’m pikirdin’ ekspressivligine baylani’sli’ qollani’ladi’. Sonday-aq paralingvistikali’q qubi’li’slar is-ha’reket ma’nisindegi leksikali’q birlikler xi’zmetin de atqari’p, belgili bir bet-san formasi’ndag’i’ feyiller xi’zmetinde keledi. Paralingvistikali’q qubi’li’slar ko’pshilik jag’daylarda II bet buyri’q meyil ma’nisine qatnasli’ qollani’ladi’. Mi’sali’:

*Qoldi’ bi’lg’aw – berman kel.*

*Qoldi’ siltew – arman ket.*

*Qoldi’ to’men silkiw – woti’r.*

Suq barmaqti’ vertikal formada yeringe qoyi’w - so’yleme ha’m t.b.

Ayi’ri’m jag’daylarda I bet formasi’ndag’i’ feyil xi’zmetin de atqari’p keledi. Mi’sali’: Soraw bergende, juwap worni’na iynin qi’si’w yamasa yeki alaqani’n yeki jaqqa qaray jayi’w – *bilmeymen* feyili worni’na, al mush ko’rsetiw yamasa mushi’ menen iyegine tu’yip ko’rsetiw – *uraman, sazayi’n’di’ beremen* feyilleri xi’zmetin atqaradi’ ha’m t.b. Dialogta ko’pshilik jag’dayda I ha’m II bet qatnasqanli’qtan paralingvistikali’q qubi’li’slar III bet feyili xi’zmetinde wonsha qollani’lmaydi’. Ayi’ri’m jag’daylarda g’ana jekke-siyrek ushi’rasadi’. Mi’sali’: Axun ag’a qayda? – dep warlap kirgen Reyim g’arri’ni’n’ aldi’nan yelti shi’qti’ da, suq barmag’i’n yernine tuti’p, u’ndeme degen belgi berip, yeki qoli’n ko’pshik qi’li’p basi’n qoyi’p ko’rsetti.

Bul keltirilgen mi’saldag’i’ yeki qoli’n ko’pshik qi’li’p basi’na qoyi’p ko’rsetiw – *uyi’qlap ati’r degen* III bet formasi’ndag’i’ feyil xi’zmetinde qollani’lg’an.

Demek, feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ awi’zeki so’ylew stilinde qollani’li’wi’ basqa stillerge sali’sti’rg’anda a’dewir wo’zgesheliklerge iye yeken. Bul taraw – lingvistikani’n’ yele de teren’irek izertlewlerdi talap yetetug’i’n obektlerinin’ biri.

Feyildin’ bet-san formalari’ jazba a’debiy stilde so’ylewshinin’ psixofiziologiyali’q halati’na, ekspressiv-emocionalli’q, modalli’q ha’m sezimlik ma’nilerine qatnasli’ stillik jaqtan qalay qollani’latug’i’n bolsa, awi’zeki so’ylew stilinde de sol ko’riniste qollani’ladi’. Sonli’qtan da bul jumi’sta feyildin’ bet-san kategoriyasi’ni’n’ ha’r bir formasi’ni’n’ stillik qollani’li’wi’na toqtap woti’ri’wdi’ arti’qmash dep yesaplaymi’z.

## Juwmaq

Feyildin’ bet-san affiksleri baslawi’sh penen bayanlawi’shti’ baylani’sti’ri’p, subektlik-predikativlik qatnas bildiredi. Bet-san affikslerin qabi’l yetken so’zler meyli feyil bolsi’n, meyli atawi’sh so’z bolsi’n ga’pte bayanlawi’sh funkciyasi’n atqari’p keledi.

Feyildin’ bet-san affiksleri menen wo’zgeriwi u’sh betke qatnasli’ boli’p, ha’r bir bet (III betten basqasi’) birlik ha’m ko’plik sanda wo’zine ta’n morfologiyali’q formalari’na iye. Feyiller I bet birlik san formasi’nda kelip, birlik sandag’i’ so’ylewshi, ko’plik san formasi’nda kelip, so’ylewshi ta’repindegi ko’plik topari’, II bet birlik san formasi’nda kelip, birlik sandag’i’ ti’n’lawshi’ ko’plik formasi’nda kelip ti’n’lawshi’lar topari’, III bet formasi’nda kelip so’ylewshi ha’m ti’n’lawshi’dan basqa III bettegi birlik ha’m ko’plik sandag’i’ subektler menen predikativlik qatnasqa tu’sedi. Feyillerdin’ I ha’m II bet formasi’nda kontekstte subekt ko’rsetilmese de qaysi’ sang’a tiyisli yekeni ani’q ko’rinip turadi’. Al qaraqalpaq tilinde feyillerdin’ III bet formalari’nda birlik san ushi’n da, ko’plik san ushi’n da bir forma bolg’anli’qtan, I ha’m III betlerdegidey san ma’nisi ko’rinip turmaydi’. Feyildin’ III bet bir san ma’nisi birlik sandag’i’ atli’q so’zler, betlew ha’m wo’zlik almasi’qlari’ arqali’ an’lati’ladi’.

Qaraqalpaq til iliminde feyillerdin’ belgili bir bet-san formasi’na iye boli’p, subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes kelip yamasa kelmey qollani’li’wi’ yele arnawli’ ilimiy bag’darda izertlenilgen joq. Tek ayi’ri’m jag’daylarda I ha’m II betlerde ko’plik formada kelip, birlik sandag’i’ subekt penen predikavtiklik qatnasqa tu’sip, so’ylewshinin’ si’payi’li’q xarakterin an’latatug’i’ni’ haqqi’nda g’ana ayti’lg’an. Sonli’qtan feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ kontekstegi xi’zmetine qaray wolardi’n’ belgili bir bet-san formalari’na iye boli’p, subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ma’nisi, al belgili bir bet-san formalari’na iye bola tura subekt penen bet yamasa san jag’i’nan

sa’ykes kelmey qollani’li’wi’n feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ sintagmali’q ma’nileri dep qarawdi’ maqul ko’rdik.

Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nileri wolardi’n’ konteksttegi atqari’p kelgen xi’zmetine qaray ani’qlanadi’. Feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nilerin morfologiyali’q aspektte izertlew na’tiyje bermeydi. Feyillerdin’ betlik affiksleri sintaksislik kategoriyalar menen ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p, wolar subekt penen feyildi bette, sanda baylani’sti’ri’p subektlik-predikativlik qatnasti’ bildirip kelgenlikten, feyillerdin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ha’m sintagmali’q ma’nilerin wolardi’n’ konteksttegi xi’zmetine qaray izertlew arqali’ g’ana ani’qlaw mu’mkin.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegi feyildin’ bet-san formalari’ ha’mme waqi’tta subekt penen bet ha’m san jag’i’nan sa’ykes kelip qollani’la bermeydi. Ayi’ri’m jag’daylarda wolar sa’ykes kelip turg’anday boli’p sezilgeni menen, subekt penen bet yamasa san jag’i’nan sa’ykes kelmey sintagmali’q ma’nilerinde qollani’w jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Geyde so’ylewshinin’ sol is-ha’rekettin’ subektine bolg’an mu’na’sibetinen feyildin’ bet-san formalari’ni’n’ paradigmali’q ma’nileri wo’zgerip sintagmali’q ma’nilerde qollani’ladi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinde feyildin’ bet-san kategoriyasi’ wo’zinin’ arnawli’ formalari’ menen birge, geyde tarti’m affiksleri ja’rdeminde de an’lati’ladi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ qurami’nda jeke so’zler menen qatar, jeke so’zlerdey pu’tin bir ma’ni an’lati’wshi’ bir neshe so’zler dizbeginen quralg’an, formasi’ jag’i’nan turaqli’ si’patqa iye so’z dizbekleri – frazeologizmler u’lken wori’n tutadi’.

Feyildin’ bet-san affikslerinin’ publicistikali’q stilde qollani’li’wi’, woni’n’ janrli’q wo’zgesheliklerine qaray azi’-kem ayi’rmashi’li’qlarg’a iye. Publicistikani’n’ basi’m ko’pshiligin g’alaba xabarlaw materiallari’ quraytug’i’n bolg’anli’qtan, feyildin’ bet-san affikslerinin’ III bet formalari’ ju’da’ wo’nimli

qollani'ladi'. Publicistikani'n' ocherk, feleton ha'm tag'i' basqa sol si'yaqli' janrlari'nda bet-san affikslerinin' qollani'li'wi'ni'n' ko'rkem a'debiyattan parqi' joq. Xabar, jan'ali'q ha'm su'wretlemelerde feyildin' bet-san affikslerinin' III bet formalari' wo'nimli qollani'ladi'.

Feyildin' bet-san formalari'ni'n' ilimiy stilde qollani'li'wi' da ayri'qsha. Bet-san affikslerinin' I bet birlik san worni'na ko'plik formasi' qollani'ladi'.

Ra'smiy is qag'azlari' stili de basqa stiller si'yaqli' wo'zine ta'n qollani'latug'i'n so'zlerine ha'm terminlerine iye. Ra'smiy is qag'azlari' leksikasi' arnawli' tu'rde qollani'latug'i'n bay qatlamg'a iye bolg'anli'qtan, wol tildin' so'zlik qurami'ni'n' rawajlani'p ha'm bayi'wi'na tiykarg'i' dereklerdin' biri boli'p yesaplanadi'. Qaraqalpaq tilinde ra'smiy is qag'azlari' stili publicistikali'q ha'm ilimiy stillerge qarag'anda yerte payda bolg'an. Yeski qaraqalpaq tilinde is qag'azlari' arab grafikasi'nda jazi'li'wi'na baylani'sli' arab-parsi' tillerinin' ta'siri ju'da' ku'shli boldi'.

Feyildin' bet-san formalari'ni'n' awi'zeki so'ylew stilinde qollani'li'wi' basqa stillerge sali'sti'rg'anda a'dewir wo'zgesheliklerge iye yeken. Bul taraw – lingvistikani'n' yele de teren'irek izertlewlerdi talap yetetug'i'n obektlerinin' biri.

Feyildin' bet-san formalari' jazba a'debiy stilde so'ylewshinin' psixofiziologiyali'q halati'na, ekspressiv-emocionalli'q, modalli'q ha'm sezimlik ma'nilerine qatnasli' stillik jaqtan qalay qollani'latug'i'n bolsa, awi'zeki so'ylew stilinde de sol ko'riniste qollani'ladi'. Sonli'qtan da bul jumi'sta feyildin' bet-san kategoriyasi'ni'n' ha'r bir formasi'ni'n' stillik qollani'li'wi'na toqtap woti'ri'wdi' arti'qmash dep yesaplaymi'z.

# Paydalani’lg’an a’debiyatlar

1. *Алламуратов Ж.* К вопросам форм прошедшего времени глагола изъявительного наклонения в каракалпакском языке. Нукус, 1964.

2. *Баскаков Н.А*. Каракалпакский язык. II том. Фонетика и морфология. М. –Л., 1952.

3. *Баскаков Н.А*. Система спряжения или изменения слов по лицам в языках тюрской группы. // Наследования по сравнительной грамматике тюркских языков. Морфология. М., 1956, 263-303-бетлер.

4. *Баскаков Н.А*. Историко-типологическая характеристика структуры тюркских языков. М., 1975.

5. *Бекбергенов А*. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, 1990.

6. *Бекбергенов А.* Соңғы дәўирлерде қарақалпақ тили морфологиялық қурылысының раўажланыўы. // Ҳәзирги қарақалпақ тили раўажланыўының айырым мәселелери. Нөкис, 1993.

7. *Бекбергенов А.* Жаңа дәўирдеги қарақалпақ тилиниң фейил формаларындағы өзгерислер. // Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери. Нөкис, 1995.

8. *Бекбергенов Қ.* Қарақалпақ тилиндеги илимий стильдиң морфологиялық өзгешеликлери. // «Вестник Каракалпакского отделения АН Узбекистана», 1996, №1.

9. *Бердимуратов Е.* Әдебий тилдиң функционаллық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис, 1973.

10. *Гаджиева Н.З.* Соотношение категорий времени и наклонения в тюркских языках. // Вопросы категорий времени и наклонения глагола в тюркских языках. Баку, 1968.

11. *Дәўенов Е., Бекбергенов А*. Основые формы и значения настоящего и будущего времени глагола в современном каракалпакском языке. // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана», 1973, №2.

12. *Дәўенов Е.* Қарақалпақ тилиндеги фейил сөз дизбеклериниң түрлери ҳәм дүзилиў жоллары. Нөкис, 1986.

13. *Дәўлетов М.* Ҳәзирги қарақалпақ тилинде фейилдиң функционал формаларының системасы. Нөкис, 1990.

14. *Қайыпов Ә.* Фейил мәнисиндеги фразеологизмлердиң бетлениўи. // «Әмиўдәрья», 1997, №11.

15. *Қайыпов Ә.* Тилек мейилдиң I бетине тийисли айырым формалар. // «Әмиўдәрья», 2000, №3.

16. *Қутлымуратов Б.* Ҳәзирги заман қарақалпақ тилинде ҳәрекет атлары. Нөкис, 1967.

17. *Насыров Д.С.* Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Нөкис, 1964.

18. *Нигматов Ҳ.* Функциональная морфология тюркоязычных памятников XI-XII вв. Ташкент, 1989.

19. *Рагимов М.* К вопросу о формировании категории наклонения и ее отношение к категории времени в азербайджанском языке. //Вопросы категорий времени и наклонения глагола в тюркских языках. Баку, 1968.

20. *Сауранбаев Н.* О категории лица повелительного наклонения.// Известия АН Казахской ССР. 1954, №1.

21. Сравнительно-историческая грамматика тюркских языков. Морфология. М., 1988.

22. *Убайдуллаев К.* Категория прошедщего времени глаголов в изъявительном наклонении в современном каракалпакском языке. Нукус, 1978.

23. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1974.

24. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, 1981.

25. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Синтаксис. Нөкис, 1992.

26. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыўы ҳәм морфология. Нөкис, 1994.

27. *Чарыяров Б.* Времена глагола в тюркских языках юго-западной группы. АДД. Ашхабад, 1970.

28. *Щербак А.М.* Очерки по сравнительной морфологии тюркских языков. Глагол. Л., 1981.